

# Vyolans Domestik

*Yon Manyèl ki Eksplike Dwa Legal*

*tout Viktim Vyolans Domestik nan Nyoudjèze*



**Se Sèvis Jiridik Nyoudjèze**

*ki ekri epi ki pibliye liv sa*



# Pwogram Sèvis Jiridik ki nan Nyoudjèze yo

## Pwogram Koòdonatè Pou tout Eta A

Sèvis Jiridik Nyoudjèze  
100 Metroplex Drive, Suite 101 (P.O. Box 357)  
Edison, NJ 08818-1357  
732-572-9100

Nimewo Telefòn Gratis Liy Dirèk pou Enfòmasyon Jiridik LSNJLAW<sup>SM</sup> se  
1-888-LSNJ-LAW (1-888-576-5529)

## Pwogram Rejyonal Sèvis Jiridik Yo

### Central Jersey Legal Services

Mercer County	609-695-6249
Middlesex County	732-249-7600
Union County	908-354-4340

Essex-Newark Legal Services	973-624-4500
-----------------------------	--------------

### Legal Services of Northwest Jersey

Hunterdon County	908-782-7979
Morris County	973-285-6911
Somerset County	908-231-0840
Sussex County	973-383-7400
Warren County	908-475-2010

### Northeast New Jersey Legal Services

Bergen County	201-487-2166
Hudson County	201-792-6363
Passaic County	973-523-2900

### South Jersey Legal Services

Nimewo Santral Ki Resevwa Apèl pou SJLS	800-496-4570
Atlantic County	609-348-4200
Burlington County	609-261-1088
Camden County	856-964-2010
Cape May County	609-465-3001
Cumberland County	856-691-0494
Gloucester County	856-848-5360
Monmouth County	732-414-6750
Ocean County	732-608-7794
Salem County	856-691-0494

# Vyolans Domestik

*Yon Manyèl ki Eksplike Dwa Legal*

*tout Viktim Vyolans Domestik nan Nyoudjèze*



**Se Sèvis Jiridik Nyoudjèze**

*ki ekri epi ki pibliye liv sa*





Tout Dwa Rezèv © 2024 Legal Services of New Jersey

Biwo Sèvis Jiridik Nyoudjèze mete manyèl sa disponib pou tout moun ki pa gen gran mwayen pou peye konsèy oubyen reprezantasyon yon avoka. Pèsòn pa gen dwa vann li, oubyen sèvi ak li nan yon fason komèsyal. Se sèlman pou tèt ou, oubyen pou ede lòt moun konprann dwa yo ke ou kapab fè fotokopi manyèl sa. Ou pa gen dwa modifye fotokopi a, epi tou, li dwe toujou genyen enfòmasyon ki idantifye Legal Services of New Jersey ansanm ak dat ke manyèl la te ekri a ladan li.

Pou plis enfòmasyon, ou kapab kontakte:

Legal Services of New Jersey, P.O. Box 1357, Edison, NJ 08818-1357

[www.LSNJ.org](http://www.LSNJ.org) / [www.LSNJLAW.org](http://www.LSNJLAW.org)

Imèl: [publications@LSNJ.org](mailto:publications@LSNJ.org)

# Índice

<b>Prefas.....</b>	<b>7</b>
Remèsiman .....	7
Fè Atansyon nan Fason ou Sèvi ak Liv sa .....	7
<b>Entwodiksyon.....</b>	<b>9</b>
Kijan pou Chèche Jwenn Èd Legal .....	12
<b>1. Asire Sekirite ou.....</b>	<b>14</b>
Planifikasyon davans pou ka ijan .....	14
Kijan pou Mande Èd nan Liy Enfòmasyon yo .....	16
Rele Lapolis .....	17
Kijan pou Chèche Jwenn Swen Medikal .....	19
Soti Kite Kay la—Ale Chèche Lòt Kay .....	21
Adrès kote ou Abite a Dwe Rete Enfòmasyon Konfidansyèl.....	24
Rapò ki Genyen ant Teknoloji ak Vyzolans Domestik— Rasire Sekirite ou sou Entènèt .....	26
Kèk lòt Resous sou zafè Teknolojik .....	32
<b>2. Men on Rezime sou Kijan Sistèm Jiridik la Fonksyone.</b>	<b>33</b>
Entwodiksyon Sistèm Jiridik la.....	33
Lalwa Sivil – Lwa pou Pwoteksyon kont Vyzolans Domestik .....	34
Kisa pou Mwen Fè pou Jwenn yon Lòd Restriksyon Tanporè?....	38
Kijan Mwen Kab Fè pou Mande Chanje (TRO) a pou Fè Li Vinn Tounen yon Lòd Restriksyon Final (FRO)? .....	39
Kisa Mwen Dwe Fè Anvan m al nan Tribunal la? .....	40
Kisa Ki va Pase nan Tribunal la? .....	43
Kijan Lòd Restriksyon Pèmanan an kab Ede m? .....	47
Kijan pou Mwen Pote yon Plent Kriminèl? .....	53
Èske li Nesesè pou Mwen Pran yon Avoka ? .....	55
Kisa pou Mwen Fè si Agresè a Vyole TRO Oubyen FRO a?.....	57
Lòt Opsyon Legal ki Disponib.....	60
<b>3. Benefis Imigrasyon ki Disponib pou Moun ki Viktim Vyzolans Domestik.....</b>	<b>65</b>
Rezidans Legal Atravè VAWA .....	65

Padon pou Moun Marye ki Soufri Abi Fizik .....	67
Viza U .....	67
Viza T .....	67
<b>4. Dwa Travay .....</b>	<b>69</b>
Benefis Asirans Chomaj.....	69
Lwa Nyoudjèze pou Garanti Pwoteksyon Sekirite ak Posiblite Ekonomik ( <i>New Jersey Safety and Financial Empowerment Act</i> ).....	70
<b>5. Asistans Piblik .....</b>	<b>73</b>
Byenèt Sosyal.....	73
Asistans Imedyat .....	74
Koupon pou Achte Manje SNAP ( <i>Food Stamps</i> ).....	76
<b>6. Konsèy Sikolojik .....</b>	<b>77</b>
Konsèy Sikolojik pou Tèt ou .....	77
Konsèy Sikolojik pou Timoun ou yo .....	77
Konsèy Sikolojik pou Agresè yo .....	78
Konsèy Sikolojik pou Moun Marye ak Moun plase yo.....	80
Konsèy Sikolojik pou Moun ki gen Adiksyon Dwòg ak Alkòl....	80
<b>7. Byennèt timoun .....</b>	<b>83</b>
Kisa DCPP ye?.....	83
E si se mwenmenm yo rapòte a? .....	84
Kijan Vyolans Domestik gen rapò ak Byennèt Timoun? .....	85
Kisa DCPP va fè si yo rantre nan afè a? .....	86
Kisa ki va pase apre envestigasyon an?.....	86
<b>8. Lojman .....</b>	<b>88</b>
Lwa pou sekirite nan zafè lojman nan new Jersey NJ Safe Housing Act.....	88
Pwoteksyon lojman daprè VAWA .....	91
<b>Konklizyon .....</b>	<b>95</b>
<b>Apendis .....</b>	<b>96</b>
<b>Men kèk lòt Resous ankò .....</b>	<b>96</b>

# Prefas

Depi 1966, Sèvis jiridik Nyoudjèze ki se Legal Service of New Jersey (LSNJ) ap koòdone sistèm sèvis jiridik pou ofri tout abitan Nyoudjèze ki pa gen gran mwayen yo sèvis jiridik gratis pou pwoblèm sivil legal. Youn nan objektif misyon Legal Services se pou fè tout moun konnen dwa legal yo. Lè moun konnen dwa legal yo, sa pèmèt ke yo kapab rezoud yon seri pwoblèm san yo pa bezwen yon avoka. Moun ki byen enfòme konprann kijan pou pran sèvis avoka pi byen tou, lè yo bezwen youn.

## Fè Atansyon nan Fason ou Sèvi ak Liv sa

Liv sa pa bay konsèy sou yon sèl pwoblèm an patikilyè, ni tou, li pa kapab ranplase yon avoka si tout fwa ou bezwen sèvis youn. Si ou santi ou bezwen sèvis yon avoka, chèche kontakte epi pale ak youn.

Tout enfòmasyon ki nan liv sa se enfòmasyon ki aktyèl depi Septanm 2019, men lalwa toujou ap chanje. Alò, toujou vizite sit wèb nou: [www.lsnjlaw.org](http://www.lsnjlaw.org), pou kapab verifye si gen chanjman ki fèt nan liv sa, oubyen, kontakte yon avoka pou mande bon konsèy legal.

## Remèsiman

Se Donna Hildreth ki te ekri premye edisyon liv sa, epi LSNJ te publiye li an 1986. Se Shoshana Gross, Monica C. Gural, Troy C. Torres, Jonnelle Casey, ak Sylvia L. Thomas, avoka LSNJ ki fè revizyon pou edisyon sa a.

Liv sa disponib an Anglè, Espanyòl, ak Kreyòl Ayisyen sou sit wèb nou an: [www.lsnjlaw.org](http://www.lsnjlaw.org). Nou ofri yon remèsiman espesyal a tout moun nan LSNJ ki te pote kontribisyon yo pou te kapab fè manyèl sa a posib: Avoka Linda Babecki, Sarah Hymowitz, Raquiba Huq, ak Maura

Sanders; Kowòdonatris afè sansibilizasyon Alayna Berg; Ekriven/Editè Li-Anne Wright; e Ofisyen an chèf Kontni Tricia Simpson-Curtin.

*Dawn K. Miller, Prezidan  
Sèvis Jiridik New Jersey  
Edison, Nueva Jersey  
Avril 2024*



## Entwodiksyon

**S**e tout tan moun ap komèt krim vyolans domestik. Daprè estimasyon FBI, chak 15 segond, gen yon fanm ki sibi movè trètman fizik isit Ozetazini. FBI estime ankò ke gen 2 milyon, (e gen lòt menm ki fè konnen ke li posib pou menm gen 6 milyon) fanm ki ap sibi movè trètman chak ane isit Ozetazini. Gen kèk savan ki kwè ke, sou chak twa maryaj, vyolans va rive komèt nan de ladan yo pou pi piti; e ke anviwon 50 poustan fanm va rive sibi movè trètman fizik a yon sèten moman nan lavi yo. Chiruiyen general Ozetazini an detèmine ke vyolans domestik se « sèl pi gwo kòz malè ke fanm soufri. » Pa gen pèsòn ki konnen egzakteman chak kilè moun komèt vyolans domestik, oubyen, konbyen moun ke pwoblèm sa afekte. Enfòmasyon sa gaye nan statistik divòs yo, dosye medikal, rapò lekòl, dokiman lapolis ak gouvènman an yo, anpil pa menm fasil oubyen disponib pou piblik la ta verifye. Anpil viktim vyolans domestik pa janm fè pèsònn konnen ki kalite move trètman ke yo ap sibi. Li klè ke vyolans domestik se yon bagay ki afekte anpil moun, e ke se yon pwoblèm grav ki kapab lakoz gwo malè sosyal e ekonomik ansanm ak anpil konsekans trajik tou.

Ti liv sa eksplike lwa Nyoudjèze pou prevansyon kont vyolans domestik, New Jersey Prevention of Domestic Violence Act. Li sijere kèk nan mezi ke ou kapab pran pou pwoteje tèt ou kont abi, tankou kijan pou mande yon lòd restriksyon pou fè moun ki ap maltrete ou la kanpe lwen ou. Anplisde dwa ke ou genyen pou sèvi ak pwoteksyon ke lwa kont vyolans domestik la ofri, li nan avantaj ou tou pou chèche jwenn tout lòt sèvis ak èd ke ou bezwen pou rasire sekirite ak frankilite ou. Se

ou menm ki konnen pibyen kijan sitiyasyon ke ou ap travèse a danjere, kidonk, se ou menm ki pou deside ki pibon fason pou asire sekirite ou.

Kit viktim oswa malfektè a se gason ou fanm, genyen rekou legal ak sèvis sosyal disponib pou yo. Lwa Pwoteksyon kont Vyolans Domestik la aplikab pou tout moun, menm pou moun ki nan relasyon menm sèks yo tou.

Avan 1981, Nyoudjèze pa te genyen ankenn lwa espesifik pou pwoteje viktim zak vyolans domestik yo. An 1981, lè pouvwa lejislatif Nyoudjèze a te pase lwa Pwoteksyon kont Vyolans Domestik la, li te rekonèt ke vyolans domestik se yon krim grav ki afekte tout sosyete a, e se pa yon pwoblèm ke yo te kab kontinye ap inyore, eskize, e tolere. Pandan plizyè fwa déjà, yo amande Lwa Pwoteksyon kont Vyolans Domestik la pou ranfòse pwoteksyon pou viktim yo..

An 1996, Kongrè te pase Lwa kont Vyolans sou Fanm (VAWA), yon lwa nasyonal pou rezoud pwoblèm vyolans do- mestik ak agresyon seksyèl yo. VAWA gen ladan li yon pakèt pwovizyon enpòtan e ki kab ede anpil. Paegzanp, VAWA fè li yon obligasyon pou tout eta yo fè respekte lòd restriksyon ke nenpòt lòt eta bay, pou pèmèt viktim yo kapab toujou benefisyé lòd pwoteksyon yo menmsi yo ale abite nan yon lòt eta. VAWA se yon premye pa enpòtan nan kreyasyon yon sistèm repons rapid a nivo nasyonal pou rezoud pwoblèm vyolans domestik.

Nan Nyoudjèze, gen de opsyon legal trèzenpòtan pou jwenn pwoteksyon kont move trètman:

- Premyè opsyon an se mande sistèm jidisyè sivil la ak tribinal fanmi pou akòde ou yon lòd restriksyon daprè Lwa Pwoteksyon kont Vyolans Domestik la. Yon lòd restriksyon se yon lòd jiridik ki òdone agresè a kanpe lwen ou pou pa vini lakay ou, oubyen kontakte ou nan ankenn fason. Lòd restriksyon an kab genyen ladan li tou pwovizyon sou zafè titèl timoun yo, lajan sipò pou okipe timoun yo, tan vizit ak timoun yo, sipò ekonomik pou ou menm tou, ansanm ak plizyè lòt bagay ankò. Ou va jwenn enfòmasyon sou kijan pou mande yon lòd restriksyon nan paj 38.
- Dezyèm opsyon an se pote yon plent kriminèl kont agresè a, paegzanp kont yon krim agresyon, epi pou swiv li atravè sistèm

jistis kriminèl la. Si yo detèmine ke agresè a koupab pou krim yo akize li a, yo kab mete li nan prizon, mete li an libète pwovizwa, oubyen fè li peye yon amann. Pou tout enfòmasyon sou sistèm jiridik penal la, gade nan paj 33.

Move trètman fizik ak seksyèl se vyalans domestik ke yo ye, men se pa sèlman krim sa yo ki konsidere kòm vyalans domes- tik. Vyalans domestik enkli tou aksyon ki, menmsi yo pa ta ankò rive nan nivo move trètman fizik, yo se aksyon ki mete ou an danje, oubyen fè ou santi lapèrèz. Men kèk egzanp move trètman fizik ki kab, toudepande sitiayson an, konsidere kòm vyalans domestik tou:

- Menase pou fè ou mal oubyen pou touye ou oubyen touye yon manm nan fanmi ou.
- Menase ou pou anpeche ou deplase.
- Bloke pòt la pou anpeche ou deplase fizikman, sezi kle machinn ou, oubyen fè machinn ou pa kab mache.
- Fòse ou ale yon kote kont volonte ou.
- Fè malè sou bèt domestik ou oubyen menase pou fè malè sou bèt domestik ou.
- Fè eksprè ap plede mache dèyè ou an kachèt bò lakay ou, oubyen kote ou ap travay, oubyen sèvi ak aparèy GPS pou siveye mouvman ou pou kab rapouswiv, kontwole ou toutan.
- Plede vini lakay ou san envitasyon, oubyen aprè ou te finn di agresè a pa fè ou bagay konsa.
- Fè eksprè ou neglijans pou kraze afè ou, fè tou nan mi kay la ak kout pwen, chire kaye kote ou ekri nòt pèsonèl ou, chire rad ou, oubyen voye afè ou jete.
- Plede ap telefone ou toutan lakay ou oubyen nan travay ou epi plede fèmen telefòn nan toutan pou anmède ou, ou- byen plede fè eksprè pou anpeche ou dòmi.
- Eseye kontwole aktivite ou, tankou chèche konnen ki kote ou ale, kisa ou ap fè, epi kiyès zanmi ou yo ye.

Daprè lwa kont vyolans domestik nan eta Nyoudjèze a, ou gen dwa mande yon lòd restriksyon kont moun oubyen ansyen moun avèk ki ou te marye a, mennaj ou, manman ou byen papa pitit ou, yon moun ki abite oubyen ki te abite avèk ou, si yo te komèt zak vyolans domestik sou ou. Ou pa kab mande yon lòd restriksyon tanporè kont yon moun ki gen pi piti ke 18 lane, eksepte si li gentan marye, li gentan fè pitit, li te nan fòs lame, oubyen yon tribinal emansipe li pou deklare li granmoun tèt li. Si yon minè komèt yon krim, ou kab pote plent pou li nan depatman polis ki nan lokalite a.

Pou anpil viktim, eseye kite yon patnè ki ap plede maltrete yo gen gwo danje ladan li, enkli risk pou soufri domaj ki grav anpil. Sila yo ki reziye yo pou rete nan move relasyon sa yo konn soufri pi gwo abi toujou, se sa ki fè anpil moun konn deside kite move relasyon sa yo pou ale refè lavi yo. Lè pou yon viktim kite yon agresè, se pa bagay ki fasil ditou. Gen gwo danje nan sa. Se sa ki fè, pandan viktim nan ap chèche asis- tans legal, fòk li byen reflechi epi byen planifye pou sekirite li anvan li leve pati kite agresè a. Gade nan paj 96 pou kab wè yon lis òganizasyon defans kont vyolans domestikki kab ede ou fè plan pou pwoteksyon sekirite ou.

Ti liv sa pale sou pwen legal ki pi esansyèl yo, epi tou sou ki kalite sèvis ke ou kab chèche jwenn. Anplis eksplikasyon opsyon legal ki disponib pou ou, ti liv sa va eksplike ou tou byen klè ki kalite èd ak sipò ki disponib pou ede ou nan Nyoudjèze, epi tout li eksplike kijan ou kapab jwenn plis en- fòmasyon sou sèvis sa yo. Nan dènye seksyon liv sa, ou va jwenn adrès ak nimewo telefòn òganizasyon kote ou ka kouri chèche jwenn refij, ak lòt òganizasyon ki ofri sèvis ak enfòmasyon pou tout moun ki viktim vyolans domestik ak fanmi yo.

## Kijan pou Chèche Jwenn Èd Legal

Si ou bezwen yon avoka pou reprezante ou, men ou pa gen lajan pou peye youn, li posib pou ou kalifye pou jwenn èd Sèvis Jiridik. Kontakte pwogram rejyonal sèvis jiridik ki desèvi zònne kote ou abite a. Gade andedan kouvèti po liv sa pou kapab wè yon lis tout pwogram ki nan Nyoudjèze yo ansanm ak tout nimewo telefòn yo. Ou kapab

jwenn yon lis pwogram, adrès, ansanm ak nimewo telefònn, ansanm ak eksplikasyon sou kijan pou ale nan biwo sa yo, si ou klike sou *Get Legal Help* nan sit wèb nou an ki se: [www.lsnjlaw.org](http://www.lsnjlaw.org).

Ou kapab kontakte liy dirèk pou enfòmasyon pou tout eta Nyoudjèze LSNJ a ki se: LSNJLAW nan nimewo gratis li ki se 1-888-lsnj-law (1-888-576-5529), oubyen tou, ou kapab mande asistans sou entènèt nan: [www.lsnjlawhotline.org](http://www.lsnjlawhotline.org). Nan liy dirèk sa, yo bay enfòmasyon, konsèy, ak rekòmandasyon pou tout moun ki abite nan Nyoudjèze ki pa gen gran mwayen lè yo gen pwoblèm sivil legal. Se yon sèvis ki gratis pou tout moun ki kalifye paske yo pa gen gran mwayen finansyè.

DVRP ki se Pwojè Defans kont Vyolans Domestik biwo LSNJ a bay reprezentasyon ak konsèy legal gratis pou tout victim vyolans domestik ki kalifye pou sèvis sa yo. Telephone LSNJ nan liy dirèk pou enfòmasyon legal nan tout eta a nan: 1-888-LSNJLAW, 1-888-576-5529 pou kapab konnen si ou kalifye pou resevwa èd nan pwojè DVRP a. Imigran ki ap soufri movè trètman kapab jwenn èd nan Pwojè Defans nan Afè Imigrasyon IRP ki nan biwo LSNJ a tou. Pou randre an kontak avèk IRP, telephone liy dirèk pou enfòmasyon an: 1-888-LSNJLAW, 1-888-576-5529.

Nan sit wèb LSNJ a ki se: [www.lsnjlaw.org](http://www.lsnjlaw.org), ou va jwenn enfòmasyon legal, publikasyon, fòm, enfòmasyon sou ki kote pou jwenn resous, mwayen pou kalkile benefis publik yo, ak anpil lòt enfòmasyon ankò.

Si ou pa kalifye pou sèvis jiridik, kontakte sèvis rekòmandasyon pou avoka ki nan zònne kote ou abite a. Pou kab jwenn nimewo telefòn sèvis rekòmandasyon avoka ki ap sèvi zònne kote ou abite a, kontakte asosiyasyon bawo avoka ki nan konte kote ou abite a, oubyen ale sou sit wèb asosiyasyon bawo avoka eta Nyoudjèze a ki se: [lsnj.pub/  
NJSBA-lawyer-referral](http://lsnj.pub/NJSBA-lawyer-referral).



## 1. Asire Sekirite ou

### Planifikasyon davans pou ka ijan

Li enpòtan anpil pou fè yon plan pou pwoteje tèt ou ak timoun ou yo kont tout posibilité zak vyalans. Lè ou fè yon plan sekirite davans pou pwoteje tèt ou ak timoun ou yo, sa kapab pèmèt ou evite soufri movè trètman fizik ak domaj, epi tou, se yon mwayen pou anpeche lòt moun komèt zak vyalans sou ou. Toudepannde si ou kite ak agresè a déjà, si ou fè plan pou kite li, oubyen si ou deside rete, epi ankò ki kalite resous ou genyen disponib pou ede ou, tout plan pwoteksyon pap menm jan.

Si ou toujou abite nan menm kay ak agresè a, men kèk estrateji ke ou kapab itilize pou pwoteje tèt ou ak timoun ou yo:

- Fè plan pou konnen kijan pou soti andedan kay la si toutfwa ou ta nan yon sitiyasyon ijan. Nan ki pòt ou va pase? Èske ou va kapab vòltije pase nan yon fenèt? Èske gen yon espas ki fêt pou moun chape kò yo si kay la pran dife? Yon fwa ou soti nan kay la, ki kote ou va ale? E kisa pou fè si toutfwa ou pa ta kapab ale kote sa?
- Prepare yon malèt rad pou tèt ou ak timoun yo, ansanm ak yon lis adrès ak nimewo telefòn manm fanmi ou ak bon zanmi ou ki kapab ede ou. Sere malèt la lakay yon zanmi ou oubyen lakay yon vwazen ou, oubyen sere li andedan kay la oubyen nan machinn ou kote ou kab rive jwenn li byen rapid.
- Fè yon kopi kle kay la ak kle machinn ou. Sere yo nan malèt la.

- Montre timoun yo kijan pou yo sèvi ak telefòn nan pou rele lapolis oubyen ponpye.
- Rasanble epi sere tout prèv ou kab jwenn, tankou non moun ki te temwen sa kip pase yo, foto mak sou kò ou, kopi rapò lapolis ak rapò medikal. Pa kite bagay sa yo andedan kay la si yo pap an sekirite. Bay yon zanmi ou kenbe yo pou ou, oubyen kite yo nan men yon moun ou fè konfyans, oubyen sere yo an tout sekirite yon lòt kote.
- Kreye yon mo pass ke ou kab repete bay timoun yo ou- byen zanmi ou yo, pou yo kapab konprann pou rele asistans pou ou lè ou pa kapab.
- Se pou ou toujou gen lajan kach, kanè bank ou, kanè chèk ou, kat kredi ansanm ak tout lòt bagay enpòtan ou genyen nan kay la nan men ou.
- Pran yon bagay pou kapab console timoun yo tou, tankou yon jwèt oubyen liv ke yo pi renmen.
- Si se posib, sonje pran tout dokiman legal yo tankou, pyès idantifikasiyon, batistè, kat sekrite sosyal, lisans pou kondi machinn, sètifikasi maryaj, lòd restriksyon, paspò, papye imigrasyon, papye machinn nan, medikaman, papye tribunal la voye bay yo, ansanm ak tout lòt dokiman legal yo. Sere dokiman sa yo yon kote ke ou kab jwenn yo byen vit epi byen fasil. Gen plizyè rezon ki kapab lakoz ou bezwen dokiman sa yo, e sa kab pran anpil tan epi koute anpil lajan Pou ranplase yo. Si li pa posib pou pran dokiman original yo, fè fotokopi yo si ou pap nan pwoblèm pou fè sa. Fè plan pou bay yon moun ou fè konfyans sere yo pou ou, oubyen chèche yon kote ki an sekirite pou sere yo.
- Rele nan youn nan liy dirèk pou enfòmasyon òganizasyon defans kont vyolans domestik yo pou mande ède lè ou finn òganize plan sa, e si toutfwa ou ta gen nenpòt lòt pwoblèm.

Si ou pa abite nan menm kay ansanm ak agresè a, men kèk mezi prekosyon ou kab pran pou pwoteje tèt ou:

- Si ou jwenn yon lòd restriksyon, sonje fè fotokopi pou bay antite sa yo: lekòl timoun ou yo, gadri kote ou kite ti bebe ou, moun ki gade pitit ou pou ou, vwazen ou, oubyen manm fanmi ki abite touprè avèk ou, yon moun ki abite nan menm kay, oubyen ki travay menm kote avèk ou tou tankou gad sekirite a paegzanp.
- Se pou ou toujou genyen yon fotokopi lòd restriksyon an sou ou epi nan telefònou ou toutan.
- Si ou rete nan kay la, sonje chanje kle yo, fè enstale yon sistèm sekirite pou ou, epi tou, fè enstale limyè klere ki sansib lè gen mouvman pase anba yo deyò kay la pou ou.
- Si agresè a toujou gen dwa legal pou rantre nan kay la, li posib pou li retounen nan kay la, e se posib pou ou oblige bay li yon kopi kle ou te chanje a.
- Si se posib, mande yon moun nan travay la pou li verifye tout apèl telefonik ki mande pou ou yo anvan yo pase ou telefònou nan.
- Pwofite pran tout sèvis òganizasyon defans kont vyolans domestik ki nan paj 96 yo ofri.

Men kèk bon jan estrateji ke ou kapab fè pou rete endependan, epi pou pwoteje tèt ou kont agresè a: chèche konnen kijan pou toujou gen lajan nan pòch ou, toujou gen kay kote pou abite, toujou gen asirans sante, manje, swen pou timoun yo, ansanm ak lekòl pou timoun yo.

## Kijan pou Mande Èd nan Liy Enfòmasyon yo

Liy enfòmasyon yo se bon jan mwayen pou jwenn èd. Anpil ladan yo gen moun ki travay 24 sou 24. Moun sa yo resevwa fòmasyon pou ede moun ki ap travèse moman kriz, e yo gen obligasyon pou kenbe tout enfòmasyon ou konfidansyèl. Lè ou pale ansanm ak yon moun ki pa konnen anyen sou ou, ki pa gen ankenn jijman sou ou, sou pwoblèm ou ap travèse yo, sa kapab ede ou jwenn solisyon pou pwoblèm ou yo pi fasil. Epi tou, ou va gen yon opòtimite pou pale sou pwoblèm ou yo e chèche konnen ki opsyon ke ou genyen, pou ou kapab byen

prepare pou nenpòt kisa ou ta deside fè. Travayè sa yo kapab bay plis enfòmasyon epi tou rekòmande dosye ou la bay kèk lòt òganizasyon. Pou jwenn yon lis nimewo telefòn liy en- fòmasyon sa yo, gade nan paj 96.

## Rele Lapolis

Lè gen vyolans domestik, ou dwe rele lapolis. Pou tout ka ijans, telephon nan: 911 oubyen rele depatman lapolis ki nan zònne kote ou abite a. Fè ofisyè polis ki reponn telefòn nan konnen ki kote ou ye, kisa ki pase, epi tou, fè li konnen ke se pou yon pwoblèm ijan ke ou rele a. Sonje fè polis la konnen si gen moun ki blese, oubyen ki gen zam sou yo, e, si se konsa, ki kote zam yo ye. Yon fwa polis yo vini, mande pou pale avèk youn poukontou, pou ou kapab di tout sa ou vle di konsènan evènman ki pase yo, epi tou, pou ou kapab konnen ki mwayen legal ki disponib pou ou.

Ou gen dwa pou mande polis la pou ede ou jwenn yon lòd restriksyon pwovizwa, *Temporary Restraining Order (TRO)*, im-edyatman. (Yon TRO se yon lòd pwovizwa ke tribunal la bay, ki kab pèmèt ou jwenn plizyè kalite pwoteksyon. Gade nan paj 35 pou plis enfòmasyon sou TRO). Lè moun ap viv anba presyon, li difisil anpil pou yo konn kijan pou pran bon desizyon pou lavi yo ak lavi timoun yo. Se sa ki fè ke, chèche jwenn yon TRO kapab ede ou anpil, li kapab ede ou gen plis tan pou reflechi sou ki plan pou fè.

Ou kapab ale mande yon lòd restriksyon pwovizwa an pèsonn oubyen nan telefòn depi 8:30 nan maten pou rive 3:30 nan aprèmidi nan divizyon fanmi Tribunal Siperyè konte kote ou abite a. Anpil tribunal aksepte resevwa plent kont vyolans domestik jouska 3:30 nan aprèmidi. Men toudepannde ki konte kote ou abite a, sa kapab varye. Alò, rele tribunal la anvan, pou ou kapab konnen a ki lè yo sispann resevwa plent pou vyolans domestik. Ou kapab ale nan tribunal minisipal vil kote ou abite a tou lè li louvri pou mande yon TRO. Lapolis kapab ede ou jwenn yon TRO nan tribunal minisipal la nenpòt ki lè ak menm jou fen semènn nan yo, jou ferye yo, ak tout lòt lè ke tribunal yo

ta fèmen. Yon ofisyé polis kapab ede ou jwenn kontak ak yon jij tribunal minisipal.

Lapolis va ba ou yon fòm ki rele *victim notification form*. Fòm sa ekri an Anglè e an Espanyòl. Fòm sa va fè ou konnen ki dwa ou genyen daprè Iwa Pwoteksyon kont Vyolans Domestik la. Si se pa anglè oubyen espagnòl ou pale kòm lang prensipal, ou dwe mande yon entèprèt pou rasire ou ke ou konprann dwa ou. Yo va eksplike ou sa ki nan fòm nan si ou pa konprann li. Men kisa lòd restriksyon an kab fè pou ou:

- Tanporèman anpeche agresè a rантre lakay ou, menmsi kay la pa sou non ou.
- Tanporèman entèdi agresè a kontakte ou, manm fanmi ou, ak tout lòt moun ki gen pou wè ak ou.
- Fè sezi tout zam ke agresè a posede.
- Ba ou dwa pou sèvi ak machinn fanmi an, menmsi li pa sou non ou.
- Tanporèman entèdi agresè a ale nan travay kote ou travay.
- Egzije agresè a pou li peye lajan pou okipe timoun yo tanporèman, ak lajan pou sipòte ou.
- Akòde ou titèl tanporè timoun yo.
- Egzije agresè a remèt ou tout lajan ou depanse lopital ak pou fè reparasyon akoz vyolans li te fè sou ou.

Gen anpil lòt bagay ankò ke tribunal la kab òdone. Sekretè jij la oubyen ofisyé polis la va eksplike ou pwosesis yo epi ede ou ranpli fòm pou jwenn TRO a. Pou plis enfòmasyon sou afè lòd restriksyon an, gade nan paj 35.

Anplis de lòd restriksyon an ke ou kab mande, ou gen dwa tou pou pote yon plent kriminèl kont agresè a. Yon ofisyé poli va kapab eksplike ou kijan pou pote yon plent kriminèl.

Ou dwe konnen tou, malgre lalwa bay lapolis dwa pou fè arestasyon nan kèk sitiyasyon, se pa tout lè ke lapolis va arete agresè a. Lalwa mande lapolis pou arete agresè a lè viktim nan gen mak sou kò li, lè gen zam nan bagay la, oubyen lè gen menas pou sèvi ak zam,

oubyen si agresè a ta vyole kondisyon lòd restriksyon an. Si viktim nan pa gen ankenn mak sou kò li, men ofisyè polis la sisplèk ke te gen zak vyolans ki te komèt, lalwa bay ofisyè polis la dwa pou li arete agresè a si li wè ke sa nesesè. Pou plis enfòmasyon sou kijan pou pote yon plent kriminèl, gade nan paj 53.

Si ofisyè polis yo pa deside arete agresè a, e ou pa santi ou an sekirite pou ta rete nan kay la avèk li lè polis yo finn ale, ou kapab mande polis yo pou yo ede ou rele fanmi ou oubyen yon òganizasyon refij ki ede viktim vyolans domestik pou vini chèche ou. Ou kapab mande polis yo pou yo mennen ou ale yon kote ou va santi ou an sekirite oubyen nan tribinal la pou kapab mande yon lòd restriksyon. Mande ofisyè polis yo pou non yo ak nimewo badj yo tou. Ekri enfòmasyon sa yo sou papye. Paske, ou va bezwen enfòmasyon sa yo lè ou ale nan tribinal la, espesyalman si ou ta bezwen rele ofisyè polis yo kòm temwen ou.

## Kijan pou Chèche Jwenn Swen Medikal

Se yon bagay ki nòmal pou moun santi yo deprime epi pa konnen kisa pou yo fè apriè yo soufri movè trètmán vyolans domestik. Jeneralman, yo konn santi yo wont pou sa ki rive yo a, yo konn santi yo anba menas, kidonk, yo konn pa chèche jwenn swen medikal. Men, li trèzenpòtan pou cheche wè yon doktè, paske li posib pou ou te resevwa gwo domaj menmsi ou pa santi twòp doulè. Se trèzenpòtan, paske li posib pou ou te resevwa domaj andedan kò ou. Si ou se yon famm ansent, ou dwe chèche wè doktè ou imedyatman.

Kit ou deside ale pran swen medikal nan yon sal dijans oubyen kay doktè prive ou, li trezenpòtan pou resevwa swen medikal. Eksplike doktè a kòrèkteman kisa ki pase ou. Di doktè a nan ki pati nan kò ou ke ou te resevwa kou yo. Se pou ou fè konnen egzakteman ki kote ou te pran kou yo oubyen ki kote ki ap fè ou mal. Lè yo trangle oubyen lè yo bay yon moun gwo kou dirèkteman nan tèt, lestomak, oubyen nan pwatrinn li, sa kapab lakoz gwo domaj andedan kò a. Ou kab mande doktè a pou li pran nòt sou domaj ou sibi yo, epi ensiste ke se ou menm sèlman ak doktè a ki dwe nan sal la pandan konsiltasyon an

pou pwoteje konfidansyalite vizit medikal la. Ou gen dwa tou pou pale ansanm ak doktè a poukoutou, sa vle di ke agresè a dwe soti nan sal la, yo pa dwe kite li kanpe tou prè a, dèyè rido a pandan ou ap pale ak doktè a.

Si doktè ke ou al wè a se pa doktè prive ou, pran tan pou eksplike li eta sante ou. Fè doktè a konnen si ou alèji ak kèk bagay. Si doktè a preskri ou medikaman, sonje mande li eksplike pou kisa remèd la ye, epi ki efè segondè remèd sa kab lakòz. Si se nan sal dijans ke ou deside ale, li va bon anpil pou mande yon manm fanmi ou oubyen yon zanmi ou pou ale avèk ou pou sèvi ou kòm konpay. Kòm dabitid, sal dijans yo toujou gen anpil aktivite ladan yo. Li posib pou gen pou rete tann anpil anvan yon doktè kab egzamine ou.

Mande si gen lòt sèvis disponib nan lopital la oubyen nan komunité a ki kapab ede ou. Li posib pou lopital la gen enfimyè oubyen travayè sosyal ki la pou ede moun ki viktim vyalans domestik. Ekip ki travay nan lopital la kapab fè ou konnen tou ki òganizasyon nan zònne nan ki ede viktim vyalans domestik, kote ou kapab jwenn enfòmasyon sou ki kote ou kapab rete pwovizwaman, kote ou kab jwenn konsèy ak sipò emosyonèl. Li posib pou mande jwenn yon lòd restriksyon pandan ou lopital la tou.

Si ou te sibi agresyon seksyèl, ou dwe chèche jwenn swen medikal imedyatman, epi pran mezi ki nesesè pou prezèv prèv agresyon seksyèl la. Anpil nan mezi ke ou dwe pran pou prezèv prèv agresyon seksyèl la yo gen dwa difisil pou ou pou pran yo. Men, prèv sa yo va enpòtan anpil pou jwenn agresè a koupab si tout fwa ou ta deside pote yon plent kriminèl kont li. Li va bon pou ou anpil pou rele yon manm fanmi ou oubyen yon bon zanmi ou pou akonpanye ou pandan ke ou nan pwosedi difisil sa yo.

Men kisa pou fè pou kapab kolekte prèv aprè ou ta finn sibi yon agresyon seksyèl pou kab chèche jwenn trètman, epi tou pou prezèv prèv ki kapab ede si tout fwa ou ta deside pote yon plent kriminèl kont agresè a:

- Se pou ale chèche jwenn swen medikal imedyatman. Li ta pi bon pou ale nan yon sal dijans yon lopital. Si se posib, anvan ou ale lopital la, pa pran douch, pa benyen, pa fè twalèt ou, pa chanje

rad ki te sou ou a, pa manje, pa fimen, pa pipi tou. Mande doktè ki ap konsilte ou la pou li fè yon Rape Kit sa vle di yon egzamen kadejak pou ou.

- Pa jete rad ki te sou ou yo ak tout lòt bagay agresè a te itilize pandan zak agresyon seksyèl la.
- Ou kapab mande tou pou pale avèk yon sikològ ki trava nan lopital la ak viktim ki ap travèse kriz kadejak.

Ekip ki travay nan lopital la kab eseye konvenk ou pou fè deklarasyon bay lapolis imedyatman. Ou pa oblige fè sa konsa. Si ou ta santi ou anba presyon pou fè deklarasyon bay lapolis, konprann byen ke se ou menm ki gen dwa pran desizyon sa pou- kontou lè ou va santi ou prè. Si ou poko santi ou pre pou kab pran desizyon sa, ou kab annik di yo konsa ke pou kounyeya, sèl sa ou vle fè, se prezève tout prèv yo, pou sizankapaka ou ta deside pote yon plent kriminèl kont agresè a, ou kapab genyen yo disponib.

## Soti Kite Kay la—Ale Chèche Lòt Kay

**Kote ki fèt pou moun ki nan nesesite ijan fè ladesant, kay refij.** Gen kèk moun, sèl fason ke yo kapab rasire sekirite yo, se kite pou yo kite kay la pou ale abite ak yon zanmi oubyen yon mamm fanmi yo, oubyen nan yon kote ki fèt pou moun ki nan nesesite ijan jwenn kote pou fè ladesant, tankou nan yon kote ki resevwa victim vyolans domestik konsa. Si ou gen timoun, pa kite yo dèyè lè ou va deside kite kay la. Tout konte yo ofri kote pou moun ki victim vyolans domestik kab jwenn pou dòmi gratis nan ka ijan. Ou va jwenn yon lis òGANI- ZASYON SA YO NAN SIT ENTÈNÈT KOWALISYON KI AP LITE KONT VYOLANS DOMESTIK NAN NEW JERSEY, *New Jersey Coalition to End Domestic Violence: [www.NJCEDV.org](http://www.NJCEDV.org)*. Jeneralman, adrès kote òganizasyon sa yo bay viktim yo dòmi se enfòmasyon konfidansyèl pou agresè yo pa kab jwenn ki kote pou yo chèche jwenn viktim yo. Souvan, gen aranjman ki kapab fèt pou yon anplwaye mezon refij yo vinn chèche ou nan yon kote ki an sekirite tankou nan yon pos polis konsa, pou mennen

ou ale nan mezon refij ki pi prè kote ou ye a. Majorite mezon refij yo fonksyone 24 sou 24, chak jou Bondye mete.

Anplwaye mezon refij yo bay konsèy, epi tou yo ofri lòt sèvis pou ede rezidan yo. Gen moun ki pase sèlman yon nwit nan mezon refij la, konsa tou, gen lòt moun ki kab rete la pandan plis tan toujou. Jeneralman, tout rezidan yo abite ansanm nan yon menm espas nan mezon refij la. Tout rezidan yo sèvi nan menm kizinn nan, epi tou, yo tout netwaye plas la aprè yo finn sèvi ladan li.

Kèk fwa tou, gen jwèt ak lòt distraksyon disponib pou timoun yo tou. Pandan peryòd timoun ou yo ansanm avèk ou nan mezon refij la, li posib pou fè aranjman pou yo ale lekòl nan zònne kote mezon refij la ye a, pou yo pa pèdi twòp jou lekòl. Si mezon refij ki nan zònne kote ou abite a pa gen plas pou resevwa ou, yo kapab voye ou ale nan yon lòt mezon refij nan yon lòt konte. Si ou pa vle ale desann nan yon mezon refij, ou gen dwa mande kèk manm nan fanmi ou oubyen kèk zanmi ou si ou kapab pase detwa jou lakay yo.

Si ou santi ke agresè a kapab rapouswiv ou pou fè oumenm oubyen moun nan kay kote ou rete yo mal, fè tout sa ou kapab pou kenbe adres kote ou desann yo sekrè. Si ou pa gen pèsònn ki kab ede ou, kontakte yon legliz oubyen yon lidè nan kominate a. Yo kab ede ou jwenn kote pou rete si ou ta twouve ou nan yon ka ijan.

Menmsi ou pa ta deside rete nan mezon refij la, ou kapab mande anplwaye yo ki kalite sèvis yo ofri pou ede viktim vyolans domestik. Lè ou nan sitiyasyon kote ou bezwen pran desizyon ki difisil e enpòtan anpil, yon travayè ki ede viktim vyolans domestik, oubyen patisipasyon nan reyinyon an gwoup sipò ak lòt moun ki nan menm sitiyasyon avèk ou kapab itil ou anpil.

**Lojman pèmanan.** . Yon fwa ou jwenn yon mezon refij kote pou rete oubyen yon kote pou rete tanporèman, ou dwe kòmanse fè tèt ou travay pou konnen kijan ou pral jwenn yon kote pèmanan pou ale abite. Si ou deside ale nan tribunal fanmi pou mande yon lòd restriksyon kont agresè a daprè lwa pwoteksyon kont vyolans domestik, ou va kapab rete nan kay la. Gade nan paj 47 pou plis enfòmasyon.

Se konsa tou, si toutfwa ou santi ke ou pa an sekirite nan kay la, ou kab deside chèche jwenn yon lòt kote pou ale abite. Ou kab chèche yon lòt kay nan menm kominate a, nan menm vil la. Konsa tou, ou gen dwa chèche yon lòt kay nan yon lòt kominate oubyen nan yon lòt eta. Se pou konnen tou, si ou vle kite eta a ansanm ak timoun ke ou genyen ansanm ak agresè a yo, ou dwe gen pèmisyon agresè a, oubyen otorizasyon tribinal la. Si ou pa fè sa, agresè a gen dwa rele lapolis pou deklare ke timoun yo disparèt, li kab di ke ou fè dappiyant sou pitit li, oubyen li kab fè arete ou paske ou vyole dwa li pou anpeche li wè ak timoun li yo. Gen fason ou kab fè pou pwoteje tèt ou pou agresè a pa jwenn mwayen pou fè arete ou oubyen akize ou de dappiyant sou timoun yo paske ou pran yo pou ale abite nan yon lòt eta san pèmisyon li. Gade nan paj 61 kote ki pale sou *Demenajman ak Kite Nyoudjèze ansanm ak timoun yo*. Si se nan eta Nyoudjèze a ke ou demenaje, ou pa bezwen ankenn pèmisyon.

Li kapab difisil pou jwenn yon kay ki an bon eta, ki pa koute twò chè. Ou kapab chèche sou entènèt, epi tou ou kapab poze kesyon nan ajans pwoteksyon kont vyolans domestik ki nan zònou an pou plis enfòmasyon. Men se konsa tou, ou kapab mande zanmi ou yo si yo konnen kèk kote ki gen kay pou lwe nan zònou nan. Ou kapab rele nan biwo administrasyon biling apatman yo pou chèche konnen si gen apatman ki disponib, oubyen pou mande pou mete non ou nan lis moun ki ap tann apatman yo. Pa itilize sèvis demachè ki di ke yo ede moun chèche jwenn kay tankou home locators ak home seekers, paske yo va vle fè ou peye yo pou yo kapab ba ou yon lis kote ke ou ka jwenn kay. Jeneralman, sèvis sa yo pa itil anyen vrèman. Men se diferan si ou deside pran sèvis yon ajan imobiliye Realtor pou ede ou, menmsi ajan imobiliye yo fè peye pou sèvis yo.

Si ou resevwa èd wèlfè, travayè ki sou dosye ou la kab ede ou jwenn yon lis pwopriyetè kay nan zònou an. Li posib pou biwo wèlfè nan konte kote ou abite a gen yon depatman ki regle afè lojman ki ka bede ou jwenn yon kote pou abite. Li posib tou pou ou kalifye pou jwenn èd tanporè pou peye lojman *temporary rental assistance*, pou kab ede ou peye kay. (Gade nan paj 73 kote ki pale sou *Asistans Piblik*.)

Si ou jwenn yon kay, e pwopriyetè a dakò siyen yon kontra avèk ou pou lwe ou kay la, sonje pou byen li, epi revize kontra a kòrèkteman. Si li posib, mande yon avoka revize kontra a pou ou anvan ou siyen li, pou li kapab eksplike ou tout kondisyon ki nan kontra a. Pa janm siyen yon dokiman ke ou pa te li, oubyen ke ou pa konprann.

Li posib pou ou kalifye pou jwenn yon apatman oubyen kay ki peye ak sibvansyon federal Seksyon 8. Si ou kalifye pou jwenn asistans Seksyon 8 gouvènman federal la, sa vle di ke ou va kapab anfème yon kay ki dekwa pou ou menm ak timoun ou yo, epi, gouvènman federal la va peye yon pòsyon nan lajan lwaye a pou ou. Ou va jwenn yon lis tout biwo lojman publik ki nan tout konte yo nan sit wèb lojman ak devlòpman iben gouvènman an ki se (HUD) nan: [www.hud.gov/states/new\\_jersey/renting/hawebsites](http://www.hud.gov/states/new_jersey/renting/hawebsites).

Li ilegal pou yon pwopriyetè ta refize lwe ou yon apatman akoz kote ou jwenn lajan pou peye kay la, tankou si se wèlfè, Seksyon 8, oubyen si se ak lajan pou okipe timoun yo Child Support ke ou va peye kay la. (Konprann byen: lwa sa pa aplikap nan ka kote pwopriyetè a abite nan kay la tou, oubyen nan ka kote se yon kay de pati.) Epi ankò, li ilegal pou yon pwopriyetè refize lwe ou kay paske ou gen timoun avèk ou. (Konprann byen: Lwa sa a pa aplikab nan ka kay ki fèt pou pèsonaj granmoun yo senior citizen.)

## Adrès kote ou Abite a Dwe Rete Enfòmasyon Konfidansyèl

Si ou se yon viktim vyolans domestik, epi ou demenaje pou ale abite nan yon lòt adres ke ou pa ta vle agresè a konnen, Pwogram Adrès Konfidansyèl nan eta Nyoudjèze a kapab ede ou nan sans sa. Ou gen dwa chèche sèvi ak yon lòt adres, tankou yon bwat postal konsa, pou pa kite moun konnen vrè adres kote ou ye a. Pwogram sa pèmèt viktim vyolans domestik yo sèvi ak yon adres espesyal kote ke se sèlman Division on Women ak anplwaye li yo ki va konnen adres sa. Lè leta resevwa lèt pou ou, yo va voye lèt la ba ou nan vrè adres kote ou ye a. Pwogram sa pèmèt ou sèvi ak adres espesyal sa lè ou ap fè demann pou tout kalite asistans leta, tankou wèlfè, ansanm ak benefis asirans pou chomai. Ou gen dwa mande tou ke tout òganizasyon leta

oubyen lokal ki gentan ap ede ou pou yo sèvi ak adrès espesyal sa lè yo bezwen kontakte ou. Organizasyon sa yo dwe aksepte adrès espesyal la, amwenske yo kab demontre pwogram nan ke li nesesè pou yo gen vrè adrès ou, e ke se lalwa ki mande pou bay li.

Pou ou kapab kalifye pou Pwogramadrès Konfidansyèl la, fòk ou fè deklarasyon sèmante alekri pou fè konnen ke ou se yon viktim vyolans domestik, e ke ou pè pou agresè a pa vinn fè plis zak vyolans sou ou. Fòk ou te gentan pote plent kont agresè a by lapolis oubyen nan tribinal. Li pa egzijib pou ou te pote plent kont agresè a imedyatman aprè vyolans la. Ou gen dwa rapòte zak vyolans la lè ou va deside prezante demann ou pou pwogram nan. Li pa nesesè pou ou gen yon lòd restriksyon pou ou kapab patisipe nan pwogram nan.

Nan deklarasyon an, ou dwe mete adrès kay, adrès travay ak nimewo telefònn ke ou vle kenbe konfidansyèl yo. Ou va gen pou bay non ak enfòmasyon kontak yon lòt moun kote pwogram nan kapab kite mesaj pou ou.

Lè ou patisipe nan pwogram sa a, ou pa dwe janm revele vrè adrès ou bay pèsònn. Ou dwe sèvi ak adrès espesyal la pou tout bagay. Bay adrès espesyal la nan sèvis sikilasyon nan Nyoudjèze Motor Vehicle, biwo byennèt sosyal, ak tout lòt biwo leta yo.

Si ou gen timoun ak agresè a, li posib pou yon jij egzije ou revele ki kote timoun yo abite. Pou mande yon fòm pou programs sa, kontakte *Address Confidentiality Program*, nan nimewo telefòn gratis yo ki se 1-877-218-9133. Ou kapab ekri yon lèt tou nan adrès sa:

Address Confidentiality Program  
P.O. Box 207  
Trenton, NJ 08602-0207

Ou kapab pale avèk òganizasyon defans kont vyolans domestik ki nan zònou an pou mande kijan pou rantre nan pwogram sa. Yon fwa ou nan pwogram nan, ou otomatikman ladan li pou katran. Aprè katran, ou kapab mande pou renouvre pwogram nan pou ou, epi tou ou gen dwa mande retire ou ladan li nenpòt lè ou ta vle.

Lòt mezi ke ou kab pran pou kenbe adrès ou sekrè:

- Fè tout òganizasyon ke ou kontakte, tankou biwo byenèt sosyal konnen ke ou vle ke yo kenbe tout dosye ou yo konfidansyèl, epi tou pou yo pa janm bay pèsonn ankenn enfòmasyon sou ou san ou pa bay pèmisyon ou alekri.
- Si ou transfere dosye lekòl timoun ou yo, li va nesesè pou toulède lekòl yo koopere avèk ou pou ou kapab kenbe non ak adrès nouvo lekòl la konfidansyèl.
- Lè ou enskri pou ou vote, montre sekretè biwo vòt la kat pwogram adrès konfidansyèl ou a, epi mande li pou yo kenbe adrès ou konfidansyèl.
- Si ou gen yon avoka ki ap regle yon afè divòs pou ou, mande avoka a pou li pa pibliye adrès ou nan pwosesis divòs la, piga li bay lòt pati a oubyen avoka lòt pati a adrès ou.
- Se dwa ou pou prezante yon demann nan tribinal pou mande chanje non ou oubyen nimewo kat sosyal sekirite ou, si ou santi ke sa nesesè pou rasire sekirite ou.

## Rapò ki Genyen ant Teknoloji ak Vyonans Domestik— Rasire Sekirite ou sou Entènèt

Moun kab komèt zak vyolans domestik an pèsònn oubyen sou entènèt. Pou rasire sekirite ou, sonje pou toujou pwoteje òdinatè ou ak tout enfòmasyon pèsonèl ou. Sonje byen, nwizans atravè entènèt *cyber-harassment* se yon krim vyolans domestik. (Gade nan paj 36 a 37 pou wè definisyon yo.)

### Pwoteje òdinatè ou

- Enstale bon jan lojisyèl sekirite ak antivirus sou òdinatè ou, epi toujou aktyalize lojisyèl sa yo ak vèsyon ki pi resan an.
  - Omwens, aktive lojisyèl sekirite ak antivirus ki vini tou enstale sou tout òdinatè tounèf yo.

- Epi ankò, genyen yon pakèt lojisyèl sekirite ak antivirus gratis ki disponib tou. Sèlman, fèt atansyon pou se nan konpayi lojisyèl sekirite ak antivirus ki gen bon repitasyon ke ou pran sèvis. Gen anpil kriminèl deyò a ki vle fè yon seri lojisyèl pase pou lojisyèl sekirite ak antivirus, men an reyalite, se lojisyèl ke yo fè pou ede yo vòlè enfòmasyon ou.
- Pa louvri ankenn mesaj imèl oubyen pyèsjwent ke ou pa te ap tann, espesyalman, si ou pa rekonèt adrès imèl sa yo.

### Pwoteje kont ou gen sou entènèt la yo

- Pa itilize enfòmasyon ki fè li fasil pou idantifye ou, tankou non ou, oubyen dat nesans ou nan *username* ou. Kom majorite moun ki souvan viktim vvolans domestik se fanm yo ye, li ta pi bon pou chwazi yon *username* ki pa sanble ni ak non fanm, ni ak non gason. Pa chwazi menm *username* nan pout tout kont ou gen sou entènèt la yo.
- Chanje Password modepas ou chak twa mwa. (Fè sa pi souvan toujou, espesyalman si ou sispèk ke agresè a ap fè jefò pou rantre sou kont ou yo.) Konbine lèt, chif, ansanm ak senbòl pou kapab kreye yon bon modepas. Fè tout sa ou kapab pou modepas ke ou chwazi a pa yon bagay ke abizè a kab devine.
- Anvan ou Login rantre sou kont ou gen sou entènèt yo, verifye kote pou ekri adrès sit wèb la pou wè si li genyen « [https](https://) » devan li, paegzanp: (<https://www.facebook.com>). Si se pa konsa li ye, ebyen, sit wèb sa pa an sekirite, nenpòt moun kab vòlò enfòmasyon ki pèmèt ou rantre sou kont ou yo.
- Toujou sonje klike sou *logout* lè ou fini. Pa aksepte pou òdinatè a sere oubyen kenbe modepas ou pou ou. Paske, nenpòt moun ki gen aksè a òdinatè a va kapab tcheke tout sit wèb ou te vizite yo.
- Toujou aksepte *Friend Request*, demand zanmitay moun ou rekonèt sèlman.

- Aktive opsyon ki pèmèt ou Save sere tout imèl ak konvèrsasyon sou entènèt ou yo, pou kapab toujou genyen tout mesaj ou voye oubyen resevwa, pou si zankapaka ou ta bezwen prèv nwizans agresè a fè kont ou.
- Lè ou ap kreye non nouvo kont epi ou ap reponn kesyon sekirite yo, ou kapab chwazi reponn kesyon sa yo kòmsi se yon lòt moun ou ye. (Paegzanp: Pèsonaj prefere ou nan roman oubyen nan fim yo) pou fè li mwens posib pou agresè a ta kab rive rantre sou kont ou yo.

### **Pwoteje enfòmasyon pèsonèl ou**

- Verifye epi fòtifye reglaj enfòmasyon pèsonèl ou yo, *privacy settings*.
- Ou gen dwa ou pou mentni prezans ou sou rezososo yo; men fè atansyon lè ou ap poste enfòmasyon oubyen foto ki kapab revele ki kote ou ye ak ki aktivite ou ap mennen. Si ou sèvi ak yon pòtab pou poste sou kont entènèt ou yo, sonje deaktive opsyon GPS la anvan.
- Fè atansyon lè ou ap fè repons envitasyon RSVP an piblik sou entènèt, oubyen avèk ki paj wèb oubyen ki gwooup ke ou ap asosye ou sou entènèt.
- Pa poste oubyen imèl enfòmasyon pèsonèl ak finansyè ou bay pèsonn. Epi tou, paske ou te efase yon foto oubyen enfòmasyon ke ou te poste sou Snapchat, sa pa vle di ke enfòmasyon sa efase konplètman sou entènèt la. Li posib pou yon moun te gentan pran enfòmasyon sa yo san ou pa konnen.
- Fè rechèch sou entènèt pou wè ki enfòmasyon ki genyen sou ou sou entènèt la. Fè rechèch non ou nan Google, sit wèb rezo sosyal yo, ansanm ak tout lòt gwooup ki sou sit wèb kote ou patisipe tankou: lekòl, kominate, legliz pou kòmanse rechèch la. Efase tout enfòmasyon ke ou dekouvre sou paj wèb sa yo pou agresè a pa gentan jwenn yo, oubyen kontakte administratè paj wèb sa yo pou mande retire enfòmasyon sa yo pou ou.

- Pou pwoteje aktivite rechèch ou sou entènèt la, mennen aktivite ou nan browser entènèt yo an mod pèsonèl, oubyen efase tout tras ou vizite nan paj entènèt yo.
- Majorite browser entènèt pa lanse an mod pèsonèl oubyen *incognito* (paegzanp, Google Chrome, Apple Safari, Microsoft Edge). Ou kapab fè rechèch sou entènèt pou jwenn eksplikasyon sou kijan pou toujou lanse browser entènèt ou an mod pèsonèl *private mode*. Men se konsa tou, ou kapab sèvi ak browser ki tou an mod pèsonèl otomatikman tankou (paegzanp: Duck Duck Go).

### **Opsyon si yon moun ta poste foto intimite ou sou entènèt.**

Se sa yo souvan rele pòno revanj, pòno envelopontè, eksplwatasyon foto, oubyen publikasyon foto entimite san pèmisyon. Nan Nyoudjèze, lè yon moun pibliye foto entimite yon lòt moun sou entènèt san pèmisyon li, sa se nwizans harassment, ak nwizans sou entènèt *Cyber harassment* li ye, kidonk, li posib pou ou mande yon lòd restriksyon kont moun sa. Epi ankò, si yon moun fè foto oubyen video pati prive oubyen aktivite seksyèl ou san pèmisyon ou pou pibliye li, sa konsidere kòm envazyon ilegal entimite ou. Sa vle di ke, nenpòt moun ki fè foto oubyen video entimite ou san pèmisyon ou komèt yon krim. Sa vle di tou ke pèsònna pa gen dwa pibliye foto entimite ou san pèmisyon ou, menmsi ou te bay pèmisyon ou pou fè foto oubyen video sa yo, oubyen, menmsi se ou menm menm ki te fè yo. Si yon bagay konsa ta rive ou, ou dwe rapòte sa bay lapolis. Li pa fòseman nesesè pou gen relasyon ak moun ki poste foto ou yo pou pote akizasyon bay lapolis. Epi ankò, ou gen dwa pou pote akizasyon menmsi ou pa gen prèv ke se ansyen patnè a ki poste foto yo. Paegzanp, si ou konnen ke se avèk ansyen patnè a sèlman ou te pataje foto sa yo, men li posib pou se li menm ki poste yo sou entènèt sou yon *Username* anonim. Kalite krim sa rele envazyon entimite moun *invasion of privacy*.

Dwadotè enpotan pou kab konbat pòno revanj, paske lè se ou menm ki gen dwadotè foto ou yo, li pi fasil pou ou kapab fè retire yo sou entènèt la. Dwadotè a se prèv legal ki montre ke se ou menm ki gen otorizasyon pou itilize e pataje foto, desen, ak lòt travay atistik. Nòmalman, moun ki fè foto a, se li menm ki gen dwadotè a. Si se

ou menm ki te fè yon foto entimite tèt ou voye bay ansyen patnè ou, se ou menm ki mèt dwadotè foto sa. Men si se patnè a ki te fè foto a, se li menm ki gen dwadotè a. Kidonk, moun ki gen dwadotè a depannde kiyès ki te fè foto a, men pa kiyès ki parèt nan foto a. Pou plis enfòmasyon sou kijan pou sèvi ak dwadotè pou fè retire foto ou sou entènèt la, vizite paj wèb sa: [www.Isnjlaw.org](http://www.Isnjlaw.org).

Malerezman, pa gen ankenn lwa ki fè konnen ke sit wèb yo dwe retire foto ou ki poste sou yo yo. Nan majorite ka, pou rive fè yo retire foto ou sou sit wèb sa yo, sa pral depannde ki kondisyon sèvis sit wèb sa yo genyen pou itilizatè yo. Kèk sit wèb kab koopere avèk ou san pwoblèm. Men se konsa tou, gen kèk lòt sit wèb ki kab fè bagay yo difisil anpil pou ou. Men kèk mezi ke ou kab pran pou fè retire foto ou sou yon sit wèb:

- Vizite sit wèb la pou wè si li gen règleman ki eksplike kijan pou mande retire foto sou paj li. Kèk sit wèb genyen yon icon, bouton, oubyen yon link, lyen, ki eksplike kijan pou mande yo retire yon foto ou genyen sou sit wèb yo a. Gen lòt sit wèb menm ki genyen yon seksyon ki rele « *Frequently Asked Questions* » sa vle di, kesyon ki poze souvan, ki eksplike kijan pou fè yo retire yon foto sou sit la. Kèk fwa, li kab difisil anpil pou jwenn enfòmasyon sa. Anpil lòt fwa tou, ou kab jwenn enfòmasyon sa swa anba oubyen nan tèt sit wèb la kote ki di « *About us* », « *Contact us* », « *Privacy Policy* » an ti let tou piti. Si sit wèb la genyen yon motè rechèch, ekri « *Contact us* », oubyen « *Removal* » ladan li pou wè si ou rive jwenn enfòmasyon ke ou bezwen an. Si sit wèb la gen yon pwosedi pou fè retire foto sou paj li yo, swiv sa li di pou fè yo. Pa aksepte peye pou retire foto ou sou ankenn sit. Si yo ta mande pou ou peye, se vòlò yo vle vòlò lajan ou.
- Si sit wèb la pa gen ankenn enfòmasyon konsènan kijan pou fè retire foto sou paj li yo, chèche jwenn enfòmasyon sou kijan pou randre an kontak avèk yo, *contact information*, epi kontakte yo pou fè yo konnen ke ou vle yo retire foto ou yo sou sit yo a. Li gen dwa difisil pou jwenn enfòmasyon sou kijan pou kontakte sit wèb la. Li posib pou ou jwenn enfòmasyon sa yo sou fòm kèk ti lyen tou piti anba nèt, oubyen anlè nan tèt sit wèb la. Gen kèk fwa, enfòmasyon

sa pa ekri « *Contact Information* » ki vle di kijan pou kontakte yo, men ou kab jwenn li nan lyen ki bay aksè a seksyon “Administrator” oubyen “About Us” sit wèb la.

- Si sit wèb la pa gen ankenn enfòmasyon sou kijan pou kontakte yo, oubyen si yo refize retire foto ou ki sou paj yo a, e ke se ou menm ki te fè foto ke ou mande pou yo retire yo, gen yon lwa federal ki rele: *Digital Millennium Copyright Act*, ki vle di: lwa pou pwoteksyon dwadotè materyèl dijital modèn ki disponib pou pwoteje dwa ou. Si se pa ou menm ki te fè foto yo, e moun ki te fè foto yo pa ba ou dwadotè, nan ka sa, ou pa gen dwadotè foto yo. Kidonk, ou pa gen ankenn dwa pou *Digital Millennium Copyright Act* la pwoteje pou ou.

Sèl jan ke ou kapab fè pou totalman evite viktim pou moun pa kab sèvi ak foto entimate ou pou tire revanj pònografik kont ou, se pa fè epi pa pataje mòd foto sa yo ak pèsònn. Si ou deside fè foto entimate ou, reflechi byen anvan ou pataje yo: Bay kiyès ou ap voye yo? Èske ou konnen moun sa byen? Èske ou fè mouns sa konfyans? Kijan ou ap santi ou si yo pibliye foto sa yo sou entènèt? Malerezman, pataje yon moman foli ak yon moun ki pa bon moun kab lakoz konsekans ki grav anpil. An règ jeneral, pou evite tonbe nan sitiayson ki ka fè ou wont anpil poutèt moun poste foto entimate ou sou entènèt, annik evite pataje yo.

Epi tou, pa fè teknoloji twòp konfyans pou konprann ke foto ou gen poste sou entènèt va disparèt otomatikman. Se trèsas ilot pou moun retwouve achiv oubyen dokiman ki te efase déjà. Epi ankò, aplikasyon lojisyèl tankou *Snapchat* ki pèmèt voye mesaj ki dwe disparèt aprè pa toujou fonksyone jan yo sipoze touttan. Imaj ke ou pataje sou *Snapchat* pa efase nèt vre, ou kapab toujou retwouve yo pita. Gen aplikasyon ki pèmèt moun sere foto ou san ou pa konnen. Li empòtan pou sonje ke ou gen chwa ou pou voye foto ou bay moun ou vle. Malerezman, ou pa kapab chwazi kisa moun sa deside fè ak foto sa yo pita. Se yon bon ide tou pou ou pwograme yon anons pou non ou sou motè rechèch ki popilè anpil sou entènèt yo tankou Google.

Ou kapab pwograme yon anons pou mande voye yon mesaj imèl ba ou pou fè ou konnen nenpòt lè ke dokiman ki asosye ak non ou ta poste sou entènet la.

## Kèk lòt Resous sou zafè Teknolojik

- National Network to End Domestic Violence's Safety Net Project, oubyen: Pwojè pou sipòte Rezo Nasyonal ki ap lite pou fini ak afè vyalans domestik, genyen anpil resous ansanm ak yon plan pwoteksyon pou asire sekirite teknolojik ou: [bit.ly/1KuZW05](http://bit.ly/1KuZW05).
- NJ State Police Cyber Crimes unit, oubyen Depatman Lapolis Nyoudjèze ki ap lite kont krim ki ap fèt sou entènèt: 609-584-5051, Ekstansyon 5664.



## 2. Men on Rezime sou Kijan Sistèm Jiridik la Fonksyone

### Entwodiksyon Sistèm Jiridik la

Afè ki gen pou wè ak vyołans domestik kapab tonbe anba lalwa sivil ak lalwa penal. Ou gen dwa prezante yon plent kont zak vyolans domestik devan swa tribinal sivil, tribinal penal, osinon devan toulède.

**Sistèm Dwa Sivil la.** Lwa pou Pwoteksyon kont Vyolans Domestik la, *The Prevention of Domestic Violence Act*, ki la pou otorize lòd restriksyon yo se yon lwa sivil. Lalwa sivil pèmèt yon moun asiyen yon lòt moun ki fè li yon bagay mal ki vyole lalwa. Lè ou pote yon plent pou vyolans domestik nan tribinal sivil, se pou kapab mande jij la pou li ba ou pwoteksyon kont yon lòt moun ki ap maltrete ou. Ou pa mande tribinal sivil la pou mete moun sa nan prizon paske li komèt yon krim. Nan yon afè sivil, moun ki pote plent la rele plaintiff, epi lòt pati a ki se agresè a rele defendant. Toulède pati yo gen dwa pou pran pwòp avoka pa yo pou reprezante yo. Nan yon afè sivil, jij la pa kapab nonmen yon avoka pou ankenn nan pati yo. Lòt kalite afè legal ke tribinal sivil jeneralman konn tande se afè divòs, avèk afè pou asiyen lòt moun pou lajan pou mande reparasyon domaj pèsònèl ak dedomajman.

**Sistèm Dwa Penal la.** Sistèm dwa penal la regle afè ki gen pou wè ak enfraksyon kont lwa penal yo, tankou: pouswit pou nwizans, agresyon, asasina, vòl, elatriye. Se nan tribunal penal konte a ki twouve li nan pati penal lakou siperyè a, oubyen nan tribunal minisipal ki nan lokalite a ke yo tande afè penal yo. Puiske se devwa leta pou li pwoteje tout sitwayen, leta konsidere tout bagay mal ke yon moun fèt kont publik la ak tout krim kont leta kòm enfraksyon kont lwa penal yo. Yon pwokirè reprezante leta pou pouswiv sila yo ke yo akize pou komèt krim. Ou menm ki se viktim nan, ou se temwen pati pwokirè a.

Yon moun ke yo akize pou yon krim, moun sa se akize a. Akize a gen dwa pou li pran yon avoka pou reprezante li nan tribunal la. Si akize a pa gen mwayen pou peye yon avoka pou defann li, tribunal la dwe nonmen yon avoka pou reprezante li. Tout zak kriminèl ke yon minè ta komèt konsidere kòm dosye « delenkans jivenil », oubyen « Jistik jivenil ».

Ou gen dwa prezante yon plent kriminèl kont agresè a, ak yon plent sivil pou mande yon lòd restriksyon pou menm zak vyolans domestik li komèt sou ou a.

## Lwa Sivil – Lwa pou Pwoteksyon kont Vyolans Domestik

Lwa Pwoteksyon kont Vyolans Domestik la se yon lwa sivil nan Nyoudjèze ki ofri èd legal pou tout moun ki viktim vyolans domestik. Yon lòd restriksyon pwovizwa, oubyen *temporary restraining order* (TRO), se yon lòd jiridik pwovizwa ki ampeche agresè a apwoche ou oubyen komèt plis zak vyolans kont ou. Lòd sa kapab ede ou nan plizyè fason (Gade nan paj 37 pou wè ki sekou lòd restriksyon pwovizwa a kab mete disponib pou ou). Lè ou ale nan tribunal la pou mande lòd restriksyon pwoviswa TRO a, (gade pi ba a) sonje pou mete tout zak vyolans domestik yo (Gade « Zak Vyolans Domestik » paj 36) si te gen plis pase youn. (TRO a va kontinye rete valab pou jouk dènye odyans final la ki jeneralman sipoze fèt nan 10 jou. Nan odyans final la, ijij la va deside si pou li fè TRO a vinn tounen yon lòd restriksyon pèmanan, *final restraining order* (FRO)).

**Kisa ki nesesè pouk kab jwenn yon lòd restriksyon tanporè temporary restraining order (TRO)?** Ou sipoze kapab jwenn yon lòd restriksyon tanporè si (1) agresè a gen omwens 18 lane, oubyen li nan youn nan eksepsyon yo: (2) Ou nan yon relasyon ke lalwa rekònèt ak agresè a: (3) Ou demontre ke ou te viktim youn nan 19 krim ke *New Jersey Prevention of Domestic Violence Act.* (N.J.S.A. 2C:33 et. al.), Lwa Pwoteksyon kont Vyolans Domestik nan Nyoudjèze a regle yo. Li pa nesesè pou ou gen ankenn prèv pou pote plent sa, temwanyaj ou sèlman dekwa. Ou va jwenn plis detay sou chak pwen sa yo pi ba a.

**Si agresè a pokò gen 18 lane.** Pou ou kapab jwenn yon lòd restriksyon kont agresè a daprè sa Lwa Pwoteksyon kont Vyolans Domestik la fè konnen, agresè a dwe gen 18 lane oubyen li se yon minè ki granmoun tèt li, sa vle di ke li (1) marye, (2) li te nan militè, (3) li fè pitit, oubyen li gen yon pitit ki gen pou fèt byento, oubyen (4) yon tribunal declare li se yon minè ki emansipe kòm granmoun tèt li. Menmsi ou pa ta kalifye pou jwenn lòd restriksyon an paske agresè a gen mwens ke 18 lane, e li pa yon minè ki emansipe kòm granmoun tèt li, ou gen dwa rapòte zak vyolans domestik la bay lapolis ki nan lokalite kote ou abite a. Leta va jiye move zak agresè a tankou delenkans jivenil, e nan kèk sitiyasyon, kòm zak kriminèl. Ou gen dwa mande lapolis, pwokirè a, oubyen tribinal ki ap tande dosye delenkans jivenil oubyen kriminèl la pou yo pase yon lòd pou pa pran kontak, an Anglè se No contact order kont agresè a nan dosye delenkans jivenil oubyen kriminèl la.

**Relasyon ke lalwa rekònèt.** Ou kapab jwenn yon lòd restriksyon kont agresè a si ou nan youn nan kalite relasyon sa yo ak agresè a:

- Ou se, oubyen ou te mennaj agresè a,
- Nou gen timoun ansanm, oubyen, ou ansent pou agresè a,
- Ou marye oubyen ou te marye ak agresè a,

- Ou abite oubyen ou te abite ansanm ak agresè a. Sa kapab enkli manm fanmi ou, moun ki ap pran swen ou, moun ki abite avèk ou, oubyen nenpòt lòt granmoun ki abite avèk ou, oubyen ki te abite avèk ou.

**Zak vyolans domestik.** Gen 19 zak kriminèl ki kab pèmèt ou kalifye pou mande yon lòd restriksyon. Fòk ou kab dekri epi pwouve ke sa pa fè twò lontan depi agresè a te komèt omwens youn nan zak sa yo kont ou, ansanm ak tout ansyen move zak (kit ou te janmen rele lapolis ou pa) lè ou ap mande yon lòd restriksyon. Men yon lis krim sa yo: pouswit nwizans, menas teyoris, agresyon, pouswit siveyans nwizib, omisid, eksposisyon nidite, agresyon seksyèl, kontak seksyèl kriminèl, fo anprizonman, restriksyon kriminèl, kidnapinn, travèse limit pwopriyete yon moun pou al komèt zak kriminèl sou li, vòlè, sèvi ak teknik mantal kriminèl pou komèt move zak sou yon lòt moun, nwizans atravè entènèt, vòl, ekstòsyon kriminèl, vyolasyon yon lòd restriksyon ansanm ak tout lòt krim ki mete lavi moun an danje oubyen ki kapab lakoz moun soufri domaj.

Kèk egzanp zak vyolans domestik ki rive pi souvan ki kapab fè ou kalifye pou mande yon lòd restriksyon:

- *Harassment* —ki se pouswit nwizans, se lè yon moun deside pou li pèsekite yon lòt moun, epi li sèvi ak imèl, sèvis lapòs, apèl telefonik, tèks mesaj, komunikasyon fasafas, osinon ak nenpòt lòt fason pou li voye mesaj nwizans pou anmède oubyen fè ou pè. Yon moun koupab pou krim pouswit nwizans si moun sa touche ou nan yon fason ki fè ou santi ou ofanse. Kontak ofansif enkli zak tankou kout pwen, kout pye, pousad ak tap. Kalite zak sa yo se pouswit nwizans yo ye, kit ou oubyen ou pa victim ankenn domaj. Si yon moun menase komèt kèk nan zak sa yo kont ou, se pouswit nwizans sa ye tou. Si yon moun fè bagay pou anmède ou oubyen pou fè ou pè, e li plede fè bagay sa yo tout tan pou li kab anmède ou, moun sa koupab pou pouswit nwizans tou.
- *Menas teoristik, terrorist threat*—Yon menas teoristik se lè yon moun menase pou komèt yon Krim vyolans nan objektif pou fè ou pè

anpil. Se kapab yon menas pou touye ou tou ki fè ou pè anpil pou lavi ou.

- *Agresyon, assault*—Lè yon moun komèt oubyen eseye komèt domaj sou kò yon lòt moun, (paegzanp: agresè a frape ou, ba ou yon kout pye, oubyen li voye yon bagay sou ou).
- *Malfezans kriminèl, criminal mischief*—Lè yon moun fè eksprè pou kraze afè ou, sa rele malfezans kriminèl. Paegzanp: agresè a kraze pòt apatman kote ou abite a, li kraze telefòn ou, li kraze fenèt kay la ak yon kout wòch, li chire kawotchou machinn ou.
- *Stalking*—Lè yon moun fè eksprè, li ap plede rapouswiv ou tout tan pou siveye ou tout kote ou pase, e sa fè ou gen kè sote anpil, sa rele stalking.

**Ki kalite èd ki disponib ak lòd restriksyon tanporè ou pèmanan an?** Lè ou prezante plent ou devan tribunal la, e ou mande sa espesyalman, jij la kapab akòde ou yon pakèt restriksyon ak pwovizyon konsènan sekirite ou, titèl timoun yo, ak tan vizit ak timoun yo, ansanm ak tout sa ki gen pou wè ak bagay finansyè yo nan lòd restriksyon tanporè oubyen pèmanan an. Tout pwovizyon ansanm ak tout lòt rekou ke jij la òdone nan TRO a yo, va vinn pèmanan si jij la akòde ou yon FRO aprè li tande plent la nan yon odyans. Yon TRO oubyen yon FRO dwe genyen ladan li youn oubyen plizyè nan kalite benefis sa yo:

- Lapolis dwe sezi zam agresè a, (Gade nan paj 50 pou wè kisa ki di sou zam),
- Agresè a entèdi pou pa kontakte ou, fanmi ou, oubyen tout lòt moun ke ou idantifye kòm moun ki an risk,
- Agresè a entèdi pou li pa rantre kote li te fè vyolans sou ou a, kay kote ou abite, kote ou ap travay, oubyen kote ou ale lekòl, ak tout lòt kote ou mande pou jij la entèdi li.
- Jij la va òdone ke se ou menm sèlman ki gen dwa rete nan kay kote nou toulède te abite a.
- Jij la va ba ou titèl pwovizwa timoun yo.

- Jij la va limite oubyen revoke tan visit agresè a konn gen ak timoun yo.
- Agresè a dwe kontinye ba ou sipò finansyè pou okipe ou menm ak timoun yo.
- Ou va gen posesyon machinn nan, kle kay la, kat asirans sante a, kanè chèk fanmi an, paspò yo, dokiman imigrasyon yo, batistè yo, ak tout lòt bagay ke ou kab bezwen.
- Ou gen dwa mande tou pou jij la pase pwopriyetè a lòd pou chanje kle kay kote ou te abite ak agresè a.

Gen plizyè lòt bagay pou pwoteje e ede ou ki kab fè pati lòd restriksyon an. Ou kab pale ak yon avoka sou bagay sa yo.

## **Kisa pou Mwen Fè pou Jwenn yon Lòd Restriksyon Tanporè?**

Pou jwen yon (TRO), ou kapab ale nan, oubyen telefone pati fanmi tribinal siperyè a, Superior Court Family Part, pou prezante yon plent soti depi 8:30 nan maten pou rive 3:30 nan aprèmidi. Nan fen semenn, jou ferye yo, ak lòt jou ke tribinal la fèmen yo, ou dwe mande lapolis pou ede ou jwenn yon TRO. Yo kab ede ou prezante plent ou devan yon jij tribinal minisipal pou jwenn yon TRO an ijans.

Yon ofisyè oubyen fonksyonè tribinal la va kesyone ou pou ede ou ranpli fòm plent yo nan pati fanmi tribinal siperyè a. Yo va kenbe adres ou konfidansyèl. Li trèzenpòtan pou sonje fè mete nan plent la zak vyolans domestik ki pi resan ak tout ansyen zak vyolans domestik ke agresè a te janmen komèt sou ou. Si gen yon ensidan ke ou pa te mansyone nan plent la, jij la gen dwa pa aksepte ou mansyone li nan odyans la. Nenpòt zak vyolans ke agresè a te komèt sou ou nan tan pase yo, kit ou te rele lapolis ou pa, yo konte kòm ansien zak vyolans, menmsi ou te manke prèv fizik pou pwouve yo, e si zak la te fizik oubyen vèbal. Si ou pa pale Anglè, ou kapab mande tribinal la ba ou yon kopi fòm (TRO) a nan lang ou konprann.

Si ou pa kapab ale nan tribunal siperyè a oubyen pale ak lapolis, paegzanp, si ou malad lopital, oubyen si ou pa kab leve sou kabann ou, yon zanmi oubyen yon konseye kab prezante demand lòd restriksyon an epi mande jij la pou li akòde ou yon TRO.

## **Kijan Mwen Kab Fè pou Mande Chanje (TRO) a pou Fè Li Vinn Tounen yon Lòd Restriksyon Final (FRO)?**

Si jij la akòde ou yon TRO, lòd sa valab sèlman pou jouska jou audyans la. Yo sipoze ba ou yon randevou pou prezante nan tribunal siperyè nan 10 jou pou yon gran odyans. Ou dwe parèt nan tribunal la jou sa pou bay jij la vèsyon pa ou sou evènman ki te pase yo. Agresè a va gen yon opòtinite pou di jij la vèsyon pa li sou evènman yo tou. Si ou pa prezante nan tribunal la nan dat randevou a, li posib pou yo anile plent la. Si yo anile plent la, ou pa gen ankenn pwoteksyon devan agresè a, epi tou ou pa gen ankenn posibilité pou gen titèl legal timoun yo si ou pa te ankò gen ankenn lòt lòd pou sa.

Si gen kèk moun ki te temwen lè agresè a te fè vyolans sou ou a, yo sipoze al sèvi ou temwen nan tribunal la si li posib pou yo. Li ta bon pou ou gen yon avoka avèk ou nan tribunal la, espesyalman si ou panse ke agresè a va gen yon avoka pou reprezante li. Lè ou pral nan tribunal la, ou dwe gen pyès sa yo avèk ou:

- Temwen,
- Foto domaj blese ki sou kò ou,
- Rapò medikal sètifye,
- Tout lòt prèv ou genyen pou pwouve ensidan vyolans domestik la, ki se baz plent ou a.
- Si ou vle mande pou yo òdone agresè a ba ou sipò ekonomik, ou sipoze pote prèv salè ou, prèv salè agresè a, prèv depans ou yo, tankou: souch chèk, pyès deklarasyon taks, resi lweyaj kay, resi pou sèvisiblik yo elatriye.

Nan tribunal la, ou menm ak agresès a va prezante vèsyon pa nou sou sa ki te pase yo ak temwen pou kore deklarasyon nou yo. Ou menm oubyen avoka ou va entèroje agresè a ak temwen li yo. Agresè a oubyen avoka agresè a va gen yon opòtinite pou entèroje ou tou. Aprè li finn tande tout temwayaj yo, jij la va deside si li merite akòde yon lòd restriksyon pèmanan.

## **Kisa Mwen Dwe Fè Anvan m al nan Tribunal la?**

**Prepare temwen pou temwanye pou mwen.** Men moun ki kapab sèvi kòm temwen pou ou: Manm fanmi ou, moun ki travay menm kote avèk ou, zanmi, vwazen ou ak lapolis. Li ta pi bon pou pale ak temwen yo anvan odyans la pou kab chèche konnen kisa yo te wè oubyen tande kòm bagay ki ta kab ede ou nan afè a. Sonje byen ke, pou yon moun kab sèvi kòm temwen pou ou fòk li byen konnen afè vyolans domestik ki te pase yo. Paegzanp, ou gen dwa gen yon vwazen ou ki te ede ou nan moman detrès, ki kab temwanye pou di kijan li te wè ou, epi tou ki domaj li te wè sou ou.

Ou dwe reflechi byen anvan ou deside mennen timoun pou vinn sèvi kòm temwen nan tribunal la. Jeneralman, tribunal yo fè anpil pridans pou pèmèt timoun sèvi kòm temwen nan afè ki gen pou wè ak vyolans domestik. Toujou fè jij la konnen imedyatman, si ou gen yon minè ki gen pi piti ke 18 lane ke ou ta vle temwanye pou ou. Jij la va bezwen konnen kiyès ki paran timoun nan, epi tou èske ou konnen sou kisa timoun nan va bay temwanya li. Jij la va deside èske timoun nan va temwanye.

**Fè tout sa ou kapab pou temwen ou yo prezante nan odyans la.** Tout moun ki se yon temwen nan afè a dwe prezante nan tribunal la, oubyen tou, ak pemisyon jij la, yo kapab patisipe a distans, pou bay temwanya li, paske se sèl temwanya an pèsònn ke tribunal la aksepte. Sèl fason ke ou kab legalman fose yon temwen vini rann temwanya li pou ou se pran epi prezante yon subpoena, sa vle di voye yon manda ba li. Yon subpoena se yon lòd jiridik ki fè temwen an konnen ke li dwe prezante nan tribunal la pou rann temwanya nan

yon zafè. Se yon bagay ki bon pou ta fè, menmsi temwen an se yon zanmi ou oubyen yon manm fanmi ou. Avèk subpoena a, temwen an va kapab montre patwon li pou ki rezon ke li pap kab vinn travay nan jou odyans la.

**Kijan pou prepare pwòp temwanyaj ou.** Lè yon moun gen pou prezante devan yon jij pou rann temwanyaj, pou bay jij la vèsyon pa li sou ensidan yo, se yon eksperyans ki bay anpil kè sote. Se sa ki fè li bon apil pou reflechi byen sou kisa ou pral rann temwanyaj ou anvan ou al nan tribinal la. Li kab itil ou anpil tou si ou ekri temwanyaj ou a sou papye. Temwanyaj ou dwe gen 4 pati ladan li: relasyon ant ou membr ak agrese a, ensidan vyolans domestik ki pi resan yo, istwa zak vyolans domestik agresè a konn fe sou ou déjà (si li konn abitye agrese ou), epi, pouki rezon ou bezwen pweksyon yon lòd restriksyon final. Kòm youn nan rezon ki fè ou bezwen lòd restriksyon final la yo, ou kab fè tribinal la konnen si agrese a ap fè presyon sou ou pou pran kontwòl ou. Sa se yon eleman ke tribinal la dwe konsidere nan desizyon pou ba ou lòd restriksyon final la. Kek egzanp presyon ke agrese a ap fe sou ou pou pran kontwòl ou se tankou si agresè a izole ou lwen fanmi ak zanmi ou, si li anpeche ou gen aksè a bezwen premye nesesite yo, si li plede siveye mouvman ou, si li menase fè yon manm fanmi ou, oubyen yon bèt domestik ou mal, oubyen si li ta ap plede fè ou nenpòt lòt bagay ki anpeche ou viv lavi ou lib e frankilman.

Aprè ou finn pran nòt sou enfòmasyon sa yo, reflechi byen sou chak nan ensidan sa yo pou wè si pa gen kèk temwen oubyen prèv enpòtan ke ou kab prezante nan tribinal la. Konprann byen tou, ou pap kapab li tout sa ou te ekri nan papye sa nan tribinal la tankou se te nan yon liv ou t ap li, men ou kapab gade gran liy yo pou rafrechi memwa ou. Ou genyen li sèlman pou ede ou prepare kisa ou pral di avan ou ale nan tribinal la. Aprè ou finn deside sou kisa ou pral rann temwanyaj, ou dwe konpare li ak sa ki nan lòd restriksyon tanporè a yo. Si ou ta vle temwanye sou ensidan ki pa nan lòd restriksyon tanporè a, ou dwe amande lòd restriksyon tanporè a. Ou kapab fè sa a distans oubyen ale nan tribinal konte a, li ta pi bon pou se anvan dat odyans lòd restriksyon final la, pou fè konnen ke ou ta vle adisyone kèk lòt enfòmasyon nan

lòd restriksyon tanporè a. Yo va kreye yon lòt lòd restriksyon tounèf pou sèvi bay agresè a.

**Rasanble prèv.** Pandan ou ap prepare ou pou dènye odyans pou lòd restriksyon an, ou dwe rasanble tout prèv fizik ke ou genyen. Men kèk bagay ki kab sèvi ou kòm prèv fizik: foto, foto ekran telefòn ki gen mesaj tèks, bagay kraze, rad dechire, dosye medical sètifye oubyen nенpòt lòt anrejistreman elektwonik (ki sou yon disk oubyen yon kat memwa). Ou kapab mande lapolis pou yo ba ou prèv yo genyen yo tou, tankou rapo lapolis la, foto polis yo te fè yo, videoyo kamera sou ko polis yo, oubyen anrejistreman apel 911 an. Lapolis dwe ba ou enfòmasyon sa yo pou granmesi. Konprann bien, li posib pou o upa kapab sèvi ak rapò lapolis la nan tribunal la, meno u kapab sèvi avèk li pou ede ou raple ou ensidan pase yo. Sonje pote tout bagay sa yo nan tribunal la nan jou odyans la.

**Rekou.** Reflechi sou kisa ou va mande jij la si li ba ou lòd restriksyon final la. Se kapab bagay tanko posesyon kèk nan byen nou yo, pèman fakti yo oubyen sipò finansyè, pase pwopriyete a lòd pou chanje kle pòt kay la, oubyen afè sou tan vizit ak timoun nou gen ansanm yo.

**Abiye kòrèkteman.** Chak fwa ke ou dwe parèt devan jij la pou prezante yon afè, ou dwe toujou byen abiye ak rad moun pwofesyonèl ki desan. Sa pa nesesèman vle di pou ou abiye ak yon kostim. Men konsa tou, li pa bon pou mete rad chire sou ou, ki pa finn twò byen chita sou ou, ki gen betiz ekri sou yo, oubyen ki pa finn twò kòrèk pou moun abiye nan yon anviwònman pwofesyonèl.

**Prepare temwen ou pou odyans la.** Men ki moun ki kapab sèvi ou kòm temwen afe vyolans domestik la, manm fanmi ou, konpanyen travay ou, zanmi, vwazèn, ak ofisyè lapolis yo. Li ta pi bon pou ou pale avèk temwen yo avan odyans la, pou ou kapab chèche konnen kisa yo te wè oubyen tandem ki ta kapab ede ou nan afè a. Sonje byen ke touttemwen ki vle temwanye nan afè a dwe gen

konesans pèsonèl sou zak vyolans domestik ke abizè a te komèt sou ou yo. Paegzanp, yon vwazen ou ki te ede ou nan yon ka ijan kapab temwanye kijan li te wè ou ye, epi si li te wè blesi sou kò ou. Ou dwe reflechi anpil avan ou deside mennen timoun pou sèvi ou kòm temwen nan tribinal la. Anpil fwa, jij yo konn pa finn dako aksepte timoun sèvi kòm temwen nan afe vyolans domestik. Se pou ou toujou fè jij la konnen imedyatman si ou ta vle gen yon temwen kkig gen mwns ke 18 lane vinn temwanye pou ou. Jij la va bezwen konnen kiyès ki paran timoun nan, epi egzakteman sou kisa ou panse timoun nan pral rann temwanyaj la. Jij la va deside si timoun nan va temwanye.

**Degaje ou pou fè temwen yo vini nan odyans la.** Tout moun ki se temwen nan afe a dwe prezante yo nan tribinal la, oubyen si yo te resevwa pemisyon davans, yo kapab patisipe a distans pou temwanye, paske se sel temwanyaj moun ki prezan ke tribunal la va aksepte. Sèl fason ke ou kapab legalman òdone yon temwen pou vini nan odyans ou a se prepare epi voye yon manda, subpoena bay temwen sa. Yon subpoena se yon lòd jiridik ki fè yon moun konnen ke li dwe prezante nan tribinal la pou rann temwanyaj. Li bon pou fè sa menmsi moun nan se yon zanmi oubyen yon manm fanmi ou. Subpoena a va demonstre patwon oubyen lekòl temwen an pou ki rezon li pap nan travay oubyen lekòl nan jou sa.

## Kisa Ki va Pase nan Tribunal la?

Ou dwe prezante ou nan tribinal la nan dat ak lè ki ekri sou lòd restriksyon tanporè a, pou yon jij kapab tandem afè a. Ou menm, ou se moun ki pote plent la, *plaintiff*, e agresè a se akize a, *defendant*.

Si ou gen yon avoka ki reprezante ou, fè aranjman davans avèk li sou ki kote epi a kil è nou va rankontre nan tribinal la jou odyans la. Si ou pa gen yon avoka ki reprezante ou, se pro se, sa vle di se ou menm ki ap reprezante tèt ou, prezante ou nan tribinal la, epi chita tann nan saldatant la, deyò sal tribal kote yo va tandem afè a. Nan kèk tribal, yo gen yon saldatant separe kote pou moun ki viktim vyolans domestik yo kapab chita tann yo rele afè yo a. Se konsa tou ke gen kèk lòt

tribinal ki pa gen saldatant separe. Alò, viktim nan ak agresè a dwe chèche jwenn mwayen pou jwenn plas ki lwen youn ak lòt anpil pou yo pa chita menm kote. Si ou santi ou menase, chèche jwenn yon cherif pou fè l'konn sa.

Lè ofisyé cherif ki sou dosye ou la parèt pou mande kiyès ki prezan pou parèt devan jij la, ou dwe reponn pou fè cherif la konnen ke ou prè. Si ou pa pale Anglè, ou dwe mande yon entèprèt. Si ou bezwen yon entèprèt ki pale yon lòt lang ki se pa espagnòl, li ta bon anpil pou rele tribinal la davans pou fè konnen entèprèt ki pale ki lang ou bezwen an. Si ou ta chwazi pa kontinye pwoesisis pou mande lòd restriksyon final la, (ou vle mande pou anile lòd restriksyon tanporè a), se pou ou fè ofisyé cherif la oubyen fonksyonè nan tribinal la konnen sa imedyatman. Aprè sa, yo va voye ou ale pale avèk yon defansè konsènan desizyon sa. Yo va ede ou ranpli fòm ki nesesè yo, epi konfime ke se ou menm menm ki pran pwòp desizyon pou anile pwoesisis la, (pa gen pèsònn lòt moun ki ba ou presyon oubyen fòse ou pou anile pwoesisis la). Ou va gen pou konparèt devan jij la kanmenm pou fini anilasyon pwoesisis la.

**Lè yo rele dosye ou la.** Yon fwa ofisyé cherif la rele dosye ou la, ou va chita devan yon tab ki nan yon bò nan sal tribinal la, e akize a va chita devan yon lòt tab nan sal la. Si nou gen avoka, avoka chak moun va chita bò kote kliyan li.

Aprè ou finn prete sèman, ou menm ki se viktim nan ki se pati ki pote plent la, va prezante deklarasyon ou anvan. Si ou gen avoka, avoka ou la va poze ou kesyon, e ou va reponn yo. Si ou pa gen avoka, jij la va poze ou kesyon, men se ou menm ki gen obligasyon pou rasire ou ke ou prezante tout enfòmasyon ak prèv ki nesesè yo. Sa rele entèrogasyon dirèk. Ou va gen yon opòtinite pou prezante vèsyon pa ou sou ensidan ki te pase yo, prezante prèv ki gen rapò ak afè a, epi prezante temwen ki te wè ensidan vyolans domestik la yo.

### **Sa ou dwe fè pandan ou ap prezante deklarasyon ou.**

Nan yon odyans pou yon lòd restriksyon final, ou dwe kapab pwouve yon seri eleman nan nivo sa yo rele an Anglè *preponderance of the*

evidence. Sa vle di, fason ou eksplike ke bagay yo te pase a pi sanble verite ke jan agresè a eksplike yo. Gen twa eleman ke ou dwe pwouve pou kapab satisfè egzijans sa:

- Premyèman, fòk ou kab pwouve tribunal la ke ou nan yon relasyon ke lwa pou pwoteksyon kont vyolans domistik la rekonèt. Kijan ou rekonèt agresè a? Relasyon ke ou genyen ak agresè a dwe respekte yon seri kritè. Èske ou menm ak agresè a marye? Èske nou marye kounyeya la? Èske nou te janmen oubyen èske nou abite ansanm? Èske nou gen timoun ansanm? Èske nou te janmen, oubyen nou se mennaj youn lòt?
- Dezyèmman, fòk ou pwouve bay tribunal la ke te gen yon zak vyolans domestik ki te komèt kont ou. Zak sa dwe fè pati youn nan 19 krim vyolans ke ou va wè nan premye paj fòm lòd restriksyon an. Men ki kalite krim ke yo ye: Pouswit nwiz- ans, menas teyoristik, agresyon, pouswiv ou nan lari, omisid, zak vilgè, agresyon seksyèl, kontak seksyèl kriminèl, fè moun pran prizon sou fo temwanyaj, restriksyon kriminèl, kidnapinn dappiyant, travèse limit pou fè zak kriminèl, vòl, zak malfesans kriminèl, zak nwizans pa mwayen entènèt, vòlè, ekstòsyon, vyolasyon yon lòd restriksyon, ak tout lòt krim ki mete moun an risk lanmò oubyen gwo domaj kòporèl. Sa se ensidan pi resan an tou ki parèt kòm tit premye paj lòd restriksyon tanporè a, nan tèt 19 krim sa yo. Si ou te viktim agresyon seksyèl, kontak seksyèl kriminèl, zak vilgè, pouswit nan lari oubyen zak nwizans pa mwayen entènèt, men ou pa nan ankenn relasyon avèk agresè a, ou kapab kalifye pou jwenn yon lòd pwoteksyon daprè lwa pwoteksyon ak asistans pou viktim yo *Victim's Assistance and Survivor Protection Act*. Pa gen anyen ki di sou fòm pwoteksyon sa nan liv sa.
- Jij la va deside si gen yon zak vyolans domestik resan ki te komèt kont ou. Jij la va konsidere tout ansyen zak vyolans domestik (ki se zak ki parèt anba lis 19 krim vyolans domestik yo ki nan premye paj lòd restriksyon an tou.)

- An dènye pozisyon, fòk ou kapab pwouve ke ou vrèman nan nesesite pou jwenn pwoteksyon lòd restriksyon an. Kidonk, si ou pa ta rive jwenn lòd restriksyon pèmanan an, ou an danje.

**Fason pou pwouve eleman sa yo: Men kèk konsèy sou fason pou rann temwanyaj ou nan tribinal la.** Se ak temwanyaj ke ou va rann nan tribinal la ke ou va kapab pwouve eleman ki nan afè a devan jij la. Li enpòtan anpil pou ou toujou kenbe menm pawòl yo lè ou ap rann temwanyaj. Ou dwe reponn tout kesyon yo onètman. Konprann byen, si jij la kenbe ou nan bay menmsi se yon sèl ti manti nan temwanyaj ou a, li gen dwa pa kwè anyen nan tout rès sa ou va di yo pou tout rès temwanyaj la. Ou va gen pou reponn byen senp, onètman, e dirèkteman kesyon ke akize a, avoka akize a, ak jij la va poze ou.

**Prèv.** LKòm prèv, ou kapab prezante foto mak domaj ou gen sou kò ou. Menmsi polis yo fè foto mak domaj ou yo, li bon anpil tou pou ou fè foto pa ou pou pote nan tribinal avèk ou. Pa atann ou ke jij la va gentan genyen foto ke polis yo te fè pou ou yo, oubyen rapò lapolis la. Foto polis yo fè pa gen plis enpòtans ke foto ou fè pou pwòp tèt ou yo. Aprè ou finn temwanye sou youn nan mak domaj ou yo, sonje fè jij la konnen ke ou gen foto pou pwouve sa ou di yo. Ofisyé cherif la va pran foto yo nan men ou pou lonje yo bay jij la. Li enpòtan anpil pou fè jij la konnen ke foto sa yo dekri egzakteman temwanyaj ou fèk sot rann sou domaj ou te soufri yo.

Si ou t al wè doktè akoz domaj ou te soufri pandan zak vyolans domestik la, li enpòtan anpil pou ou al chèche rapò medikal la. Mande lopital la pou ba ou yon rapò sètifye. Sètifikasi sa va nesesè pou jij la kapab konsidere sa ki nan rapò medikal la. Sa vle di, lè yo va ba ou rapò a, va gen yon lèt sètifikasi ki fè tribinal la konnen ke rapò sa rezantre egzakteman dosye medikal ou. Aprè ou temwanye sou swen medikal ou te chèche jwenn yo, sonje mande jij la pou li revize rapò medikal ou yo.

Gen plizyè kalite prèv tankou, mesaj tèks, mesaj vokal, ak rapò bòdwo telefonik. Rezon ki fè ou dwe gen prev yo se pou kab ede ou

pwouve sa ou di nan temwanyaj ou yo, epi pou ede ou satisfè egzijans tribinal la. Li enpòtan anpil pou otantifye tout prèv ke ou prezante yo. Sa vle di ke ou dwe kapab deklare ke prèv sa se yon reprezantasyon egzak bagay yo jan yo te pase. Fòk ou kab eksplike jij la kisa prèv sa ye, kijan ou te jwenn li, e kisa li gen pou wè ak afè a.

**Lè ou finn prezante prèv ou yo.** . Aprè ou finn rann temwanyaj, akize a oubyen avoka akize a gen dwa pou poze ou kèk kesyon. Kesyon sa yo se pou lòt pati a kab mete men sou kèk nan bagay ki pa finn twò kòrèk nan temwanyaj ou sot bay la. Si ta gen temwen ki te bay temwanyaj tou, lòt pati a gen dwa pou li entèwoje temwen sa yo tou. Aprè entèwogasyon an, pati ki pote plent la va gen yon opòtinite pou klarifye tout bagay ke lòt pati a ta vle fè konprann pa finn twò kòrèk. Se atravè sa yo rele reentèwogasyon ke sa kab fèt. Pou fè sa, avoka pati ki pote plent la va poze kliyan li kèk kesyon pou li kab fè klarifikasyon sou bagay ke lòt pati a vle fè konprann pa kòrèk yo. Si ou pa gen avoka avèk ou, ou va gen yon dènye opòtinite pou pale sou zak vyolans domestik yo.

Yon fwa pati ki te pote plent la fini, akize a va gen menm opòtinite a pou rann temwanyaj tou, prezante temwen ak prèv li yo. Kounyeya, ou va gen yon opòtinite pou kesyone akize a tou, epi pou opoze a tout bagay li vle prezante ki pa gen anyen pou wè ak afè a.

**Aprè tribunal la finn resevwa tout prèv yo.** Lè ou menm ak akizè a finn prezante temwanyaj yo nan tribal la, jij la va bay opinyon li sou afè a. Pandan jij la ap bay opinyon li, kounyeya se pa lè pou ou pale oubyen pou prezante ankenn lòt prèv ankò. Jij la va fè ou konnen si lap ba ou yon lòd restriksyon pèmanan oubyen si li vap anile lòd restriksyon tanporè ou ten genyen an, epi li va fè konnen pou ki rezon li pran desizyon li an konsa. Si ou pa pale Anglè, ou gen dwa mande tribunal la pou yo ba ou yon kopi lòd la nan lang ou.

## **Kijan Lòd Restriksyon Pèmanan an kab Ede m?**

Yon fwa jij la akòde lòd restriksyon pèmanan an, lòd sa valab pou jouskaske swa viktim nan oubyen agresè a mande tribal la pou retire

li. Lòd restriksyon pèmanan an bay opò- tinite pou rasire pwoteksyon ak sekirite ou, epi tou pou jwenn sipò ak lòt soulajman pou tout tan. FRO a kab pèmèt victim vyolans domestik yo jwenn youn oubyen plizyè nan kalite benefis sa yo:

- Restriksyon—Entèdiksyon pou agresè a pa kontakte ou, manm fanmi ou, ansanm ak tout moun ki gen non yo nan lòd restriksyon an. Lòd la va entèdi agresè a ale lakay ou, kote ou ap travay, ansanm ak tout lòt kote ou mande pou yo mete nan lòd la.
- Posesyon esklizif kay la—Jij la kab òdone ke agresè a soti nan kay oubyen apatman kote nou toulède te abite ansanm nan. Sa vle di, ou gen dwa pou yo ba ou posesyon kay la, menmsi se pa non ou ki sou papye kay la. Jij la pa kab òdone restriksyon andedan kay la pou ta pèmèt agresè a kontinye abite menm kote avèk ou. Jij la kab òdone ke agresè a kontinye peye kay la ak sèvis publik yo tou.
- Titèl timoun yo—Jij la kapab akòde ou titèl timoun ou genyen ansanm ak agresè a yo. Nòmalman, se ou menm viktim nan ke jij la dwe bay titèl timoun yo, pa agresè a, eksepte si agresè a kapab konvenk jij la ke ou pa an mezi pou pran swen timoun yo. Se pa menm jan ak yon pwosèki fèt egzakteman pou mande titèl timoun yo, kote toulède paran yo kanpe sou menm pye degalite. Jij la dwe sipoze ke li pi bon pou timoun yo rete ak paran ki pa violan an.

Si ou kite agresè a poutèt vyolans, ou dwe pran timoun yo pou ale avèk yo si se posib. Paske, si pita ou ta vle mande titèl timoun yo, ou va gen plis chans pou jij la akòde ou li si yo déjà ansanm avèk ou.

- Privilèj pou pase tan ak timoun yo—Nòmalman, jij la va akòde paran ki pa gen titèl timoun yo privilèj pou pase tan ak timoun yo. Orè ke tribunal la va fikse dwe fèt nan yon fason pou evite kontak ant ou menm ak agresè a, pou pa bay okazyon pou nou gen pwoblèm. Aranjman pou pase tan ak timoun yo pa dwe janm fèt nan yon fason ki pèmèt ke ou menm ak agresè a ansanm lè li vinn chèche oubyen pote timoun yo retounen ba w. Mande pou jij la espesifye orè tan vizit ak timoun yo, ak kijan sa dwe fèt nan lòd restriksyon an. Paegzanp, li kab òdone pou agresè a vinn chèche epi retounen timoun yo ba w nan lari bò lakay ou, lakay yon lòt

moun ke nou toulède a rekonèt, oubyen nan yon plas piblik tankou yon pòs polis. Depi anvan ou ale nan odyans la, reflechi souk i joua k kil è ou vle lòt paran an gen vizit ak timoun yo.

Si ou gen kè sote pou timoun yo pandan yo an vizit ansanm ak agresè a, ou kapab mande jij la pou li òdone ke yo pase agresè a yon *risk assessment* ki se yon egzamen pou evalye si timoun yo an danje lè yo ansanm ak agresè a. Sa se yon egzamen pou egzamine agresè a pou detèmine si vizit timoun yo ak agresè a san sipèvizon kab mete timoun yo an danje. Ou dwe fè jij la konnen pou ki rezon ou gen kè sote pou timoun yo pase tan ak agresè a, (Èske se paske agresè a konn pran dwòg ak alkòl, li te konn maltrete oubyen neglige timoun yo.) Ou gen dwa mande pou jij la òdone pou gen yon lòt moun ki sipèvize vizit ant agresè a ak timoun yo tankou yon zanmi, yon fanmi, oubyen atravè yon pwogram tribinal la, jouskaske evalyasyon risk la fin fèt, epi tribinal la santi ke timoun yo an sekirite lè yo ansanm ak agresè a. Si agresè a maltrete timoun yo pandan yap pase tan avèk li aprè odyans la, ou kab tounen nan tribinal la pou mande pou yon odyans an ijans. Nan odyans sa, ou gen dwa mande pou jij la sispann privilèj pou agresè a pase tan ak timou yo imedyatman.

- *Sipò pou ou ak pou timoun yo* —Jij la kapab òdone agresè a pou li bay lajan pou sipòte ou imedyatman pou kab kouvri depans ou yo. Jij la kab òdone agresè a pou li peye ou sipò an ijans pandan yon ti tan. Jij la kapab bay lòd pou agresè a peye sipò pou okipe timoun yo, pou okipe ou menm tou, epi pou li kontinye peye sipò ekonomik pou ou kapab kouvri lòt depans ou yo tankou, depans pou peye kay, sèvis piblik yo, ak tout lòt depans abityèl yo. Pou jij la kapab detèmine konbyen pou li òdone agresè a peye ou, li va bezwen wè prèv salè ak depans ou menm ak agresè a yo. Li vap trèzenpòtan pou ou ale nan tribinal la ak tout dokiman finans ou yo. Jij la gen dwa tou pou li òdone agresè a kontinye kenbe ou menm ak timoun yo nan asirans sante li, oubyen pou li peye asirans sante pou ou ak pou timoun yo.

- **Zam—Li** va entèdi pou agresè a pote zamafe oubyen nenpòt lòt zam. Jij la kab òdone lapolis pou yo sezi zam agresè a, epi revoke lisans pote zam li pou li pa gen dwa genyen yon lòt zam. Lè lapolis sezi zam agresè a, pwokirè a va pran posesyon zam nan. Va gen yon lòt odyans pou afè zam nan pa pita ke 60 jou aprè lapolis te finn sezi zam agresè a yo. Pwokirè a va reprezante gouvènman an nan afè a. Yo va fè ou konnen dat odyans pou afè zam nan, e si ou vle ou gen dwa ale nan odyans la. Li pa yon obligasyon pou ou patisipe nan odyans pou afè zam nan. Tribunal la va deside nan odyans pou afè zam nan, si yo dwe remèt agresè a zam li (si gen yon lòd restriksyon pèmanan an vigè, nan ka sa, yo pa gen dwa remèt li zam yo). Si ou ta vle pou yo sezi zam agresè a pou tout tan nèt ale, ekri pwokirè a yon lèt pou mande sa. Tribunal la gen dwa pou fè sa, epi tou pran tout lisans ke agresè a genyen pou pote zam. **Konprann byen:** Zam vle di plis ke zamafe. Lè yo di zam, yap pale de kouto, fopwen, epe, elatriye.
- **Domaj—Li** posib pou yo òdone agresè a pou li peye pou tout bagay li kraze pandan zak vyolans domestik la yo. Yo kab fè li peye ou pou tout depans demenajman yo, depans pou konsèy sikolojik, depans pou peye avoka, depans pou swen medikal, jou travay ou pèdi, ak tout lòt depans ou fè pou ranje bagay ke agresè a te kraze lè li t ap komèt zak vyolans yo.
- **Konsèy sikolojik—**jij la kapab òdone agresè a pou ale resevwa sèvis yon konseyè pwofesyonèl sou afè vyolans domestik pou ede li konprann kijan pou li kontwole emosyon li, sispann pran dwòg ak alkòl, ansanm ak anpil lòt kalite konsèy sikolojik ki kab ede li. Jij la kab òdone agresè a pou li retounen nan tribunal fanmi pou pote prèv pou montre ke li te patisipe nan sesyon konsèy sikolojik epi li te swiv yon kou ki pale sou kijan pou li fè pou li kab vinn yon bon paran.
- **Byen nou genyen yo—**Tribunal la gen dwa ba ou dwa pou sèvi tanporèman ak byen nou genyen ansanm yo tankou machinn, kanè bank, kle, kat asirans elatriye. Si jij la bay desizyon li sou zafè titèl timoun yo, tan vizit ak timoun yo, lajan pou okipe timoun yo nan

odyans pou afè vyolans domestik la, nenpòt nan de pati yo gen dwa pou prezante yon demand nan tribunal la pou mande modifye desizyon an. Jij la pa kapab akòde ou yon lòd divòs nan odyans pou afè vyolans domestik la.

Si jij la bay desizyon li sou zafè titèl timoun yo, tan vizit ak timoun yo, lajan pou okipe timoun yo nan odyans pou afè vyolans domestik la, nenpòt nan de pati yo gen dwa pou prezante yon demand nan tribunal la pou mande modifye desizyon an. Jij la pa kapab akòde ou yon lòd divòs nan odyans pou afè vyolans domestik la.

Toulède, TRO ak FRO a yo valab tout kote nan Nyoudjèze. Lapolis lokal ak estatal dwe fè respekte lòd restriksyon ou genyen an, menmsi ou ta twouve ou andeyò konte kote yo te ba ou lòd restriksyon an. Lòd sa yo valab tou nan tout 50 eta Etazini yo. Si ou demenaje pou al abite nan yon lòt eta, ou gen dwa mande nan tribinal fanmi zònna nan kijan pou fè enskri lòd restriksyon an nan eta sa. Nenpòt kote ou ale abite, ou dwe bay on kopi lòd restriksyon an nan pòs polis ki nan zonn nan.

**Kisa ki va Pase Agresè a si Jij la akòde FRO a?** Lè jij la fin akòde FRO a, li va òdone agresè a peye yon amann. Amann nan kab ant 50 a 500 dola, toudepannde ki kalite epi ki degre domaj ou te sibi yo, lajan sa va ale nan yon fon espesyal ki fèt pou viktim vyolans domestik yo. Agresè a kab jwenn gras pou pa peye amann sa sèlman si li kab demonstre ke li gen gwo pwoblèm ekonomik. Yo va fè foto epi fè anpwent agresè a tou. Yo va mete enfòmasyon FRO a nan yon baz enfòmasyon santral pou afè vyolans domestik. Piblik la pa gen aksè a enfòmasyon ki nan baz sa, men lapolis avèk kèk òganism gouvènmantal gen aksè ladan li. Anplis, agresè a pap gen pèmisyon pou posede ankenn zam.

**Kisa mwen dwe fè aprè mwen finn resevwa Lòd Restriksyon final la?** Imedyatman aprè odyans la, ou va resevwa yon kopi lòd restriksyon final la. Lòd sa se yon dokiman ekri ki eksplike sityasyon legal dosye ou la. Se poutèt sa, li trèzenpòtan pou ou toujou gen yon kopi dokiman sa sou ou tout tan. Youn nan fonksyonè tribunal

fanmi an yo va ba ou yon ekstra kopi dokiman sa pou bay nan pòs polis ki nan zònou an. Men kèk bagay ki trèzenpòtan pouf è:

- Revize lòd la anvan menm ou soti nan tribinal la. Si gen yon erè nan dokiman an, oubyen si gen yon bagay ki manke, mande ofisyè cherif la pou korije dokiman an anvan ou ale.
- Fè foto dokiman lòd restriksyon an pou toujou genyen li nan telefòn ou, epi fè plizyè fotokopi dokiman an tou imedyatman. Toujou genyen yon kopi lòd final la sou ou tout tan. Epi tou, kenbe yon kopi lakay ou, nan machinn ou, nan yon kote ki an sekirite, yon kote ke ou kab rive jwenn li byen vit sizanka ou ta nan yon sitiyasyon ijans. Bay yon kopi nan chak lekòl kote timoun ou yo ye, nan pwogram kote ou kite timoun ou yo, epi tou bay moun ki gade timoun yo pou ou.
- Bay yon vwazen oubyen yon manm fanmi ki abite touprè ou kenbe yon kopi lòd la pou ou tou.
- Bay tout moun ki gen non yo mansyone nan lòd la pou pwoteksyon, yon kopi lòd final la.
- Bay ajan sekirite, sipèvizè, ak resepsyonis kote ou abite oubyen ap travay yo yon kopi lòd final la.

Li trèzenpòtan pou bay tout moun sa yo yon kopi lòd final la, pou si toutfwa agresè a ta vle vyole lòd la. Ou menm (oubyen yon lòt moun ki reprezante ou) dwe prè pou eksplike ofisyè lapolis la ke ou gen yon lòd restriksyon final. Fason ki pi bon pou fè sa se montre polis la dokiman lòd restriksyon an, oubyen mande yo pou yo gade nan baz enfòmasyon yo pou wè li.

Sonje chanje kle pòt kay la ak nimewo telefònou ou tou. Si agresè a gen nimewo telefònou ou, kontakte konpayi ki ba ou sèvis telefònou nan pou mande yo èske gen mwayen pou an-peche telefònou ou an resevwa apèl telefonik nwizib.

**Retire yon lòd restriksyon.** Pou kapab retire yon FRO pou li pa gen ankenn efè ankò, pati ki vle mande retire lòd la dwe prezante demann li devan tribinal fanmi. Lè yon victim vle retire yon lòd

restriksyon, jij la dwe fè tout sa li kapab pou fè sèten ke demann nan se yon demann ki volontè, pa gen ankenn moun k ap bay victim nan presyon pou li fè sa. Si yon akize vle mande retire yon lòd restriksyon, tribinal la dwe chèche konnen si gen yon bon kòz pou sa. Pou deside si gen yon bon kòz, genyen plizyè faktè ke tribinal la va pran an konsiderasyon tankou: (1) Èske viktim nan dakò, (2) Èske viktim nan pè agresè a, (3) Ki kalite relasyon ki gen ant 2 pati yo aktyèlman, (4) Èske yo janm jwenn agresè a koupab pou dezobeyisans kont lòd restriksyon an, (5) Eskè akize a konn pran dwòg ak alkòl, oubyen èske li vyolan ak lòt moun, (6) Èske akize a ap resevwa trètman konsèy sikolojik Counseling, epi (7) Èske se debònnfwa viktim nan ap aji pou opoze demann akize a.

**Si ou pa sitwayen Etazini e ou bezwen yon lòd restriksyon.** Ou gen dwa pou mande yon lòd restriksyon menm jan ak tout lòt èd ki eksplike piwo a yo, kit ou gen papye kit ou pa gen papye. Menmjan ak tout lòt viktim vyolans domestik, imigran ki se viktim tou nan nesesite pwoteksyon, kote pou yo dòmi ak titèl timoun yo tou. Men, ou gen dwa gen lòt pwoblèm legal. Se sa ki fè, victim ki se imigran dwe kontakte yon avoka imigrasyon, paske li posib pou yo kalifye pou jwenn rezidans (LPR) anba yon lwa federal ki rele Lwa Pwoteksyon Vyolans kont Fanm, Violence Against Women Act, ansanm ak U oubyen T visa. Pou plis enfòmasyon, gade nan paj 65 kote ki pale sou benefis imigrasyon pou viktim vyolans domestik.

## **Kijan pou Mwen Pote yon Plent Kriminèl?**

Lapolis gen dwa pou pote yon plent kriminèl kont agresè a. Pwokirè a kab prezante akizasyon yo, epi jije ak agresè a menmsi viktim nan ta di ke non li pa vle mete agresè a nan pwoblèm. Li posib pou yo voye yon Supeona ki se yon manda legal, ba ou pou konvoke ou nan tribinal la pou vinn bay deklarasyon sou sa ki te pase yo. Se pou ou fè pwokirè a konnen ki rezulta ou ta vle pou dosye kriminèl la, paske pwokirè a kab sijere ki konsekans ou kwè ki apwopriye pou ka a. Si pwokirè a fè siksè, yo kab mande pou agresè a peye yon amann, yo

kab mete li nan prizon oubyen an libète pwovizwa. Men, si ou pa pran yon lòd restriksyon kont agresè a, menmsi ou ta pote yon plent kriminèl kont li, sa pap anpeche li rantre an kontak avèk ou.

Yon plent kriminèl akize agresè a paske li te komèt yon krim. Si lapolis prezante yon plent kriminèl kont agresè a, ou menm ki se viktим nan, ou dwe konparèt nan tribinal la kòm temwen pou pati pwokirè a pou afè a kab kontinye. Li trèzenpotan pou ou parèt nan tribunal la pou kapab bay deklarasyon sou sa ki te pase yo, epi tou pou ou sijere ki kalite dedoma- jman ki apwopriye nan afè a anplisde, oubyen olyede prizon. Ou gen dwa mande pou agresè a pran yon tès sikolojik ak trètman, ansanm ak oubyen yon tès alkòl ak trètman elatriye kòm dedomajman. Si ou pa ta deside pote yon plent epi vinn bay deklarasyon nan tribunal la, pwokirè a gen dwa deside pa pou swiv afè a. Nan kèk sikonstans, lè mak move trètman yo pa finn twò vizib, lapolis pap prezante ankenn plent. Men oumenm, ou gen dwa pou pote yon plent kriminèl, epi pou swiv afè a pou kontou.

Yon fwa yo gentan depoze plent kriminèl la, lapolis gen dwa arete agresè a. Si ou ta deside depoze yon plent kriminèl kont agresè a, ou dwe konprann ke, eksepte nan ka ki ekstrèm yo, lapolis va lage agresè a.

CKòm viktим nan, ou gen dwa pou ekri yon lèt voye bay trib- inal la pou fè konnen pouki rezon ou pa dakò pou yo lage agresè a. Ou dwe byen espesifye ki kalite move zak vyolans ke agresè a te komèt kont ou yo. Kit ou gen yon lòd restriksyon sivil ou non, li trèzenpòtan pou bay tribinal la ak lapolis yon lis adrès ak nimewo telefòn kote yo kab jwenn ou, epi tou, pou fè yo konnen si ou ta demenaje. Mande tribal la ak lapolis pou yo kenbe enfòmasyon sa yo konfidansyèl. Ou gen dwa pou mande sa yo rele yon *Victim Notification Form*, ki se yon lèt pou yo fè ou konnen si agresè a lage soti nan prizon.

Evantyèlman, yo va pwograme yon odyans pou tandé afè a kote ou va gen pou vini bay deklarasyon sou sa ki te pase yo. Si jij la jwenn ke agresè a koupab, li va ba li santans li. Men ki santans jij la kab bay agresè a: prizon, libète siveye oubyen fè li peye yon amann. Yo gen dwa egziye agresè a pou li ale swiv konsèy pou pwoblèm sikolojik, pou

li patisipe nan yon pwogram entèvansyon kont zak vyolans, oubyen pou pran trètman pou adiksyon alkòl ak dwòg.

## **Èske li Nesesè pou Mwen Pran yon Avoka ?**

Ou dwe chèche pran konsèy yon avoka, espesyalman si ou gen timoun, e ou panse ke va gen pwoblèm pou nou antann nou sou afè titèl ak visit ansanm ak timoun yo, oubyen si ou gen enterè byen pèsonèl oubyen byen imobile tankou kay pou defann. Li koute trè chè pou konsilte yon avoka. Poutèt sa, ou dwe prepare ou davans anvan ou al pale ak youn pou konnen tout sa ou va bezwen mande li. Kèk nan òganizasyon ki bay sèvis kont vyolans domestik yo gen defansè legal ak avoka volontè ki conn fè prezantasyon sou afè lalwa kote yo conn bay konsèy jiridik tou. Defansè jiridik yo pa avoka, men yo resevwa bon fòmasyon espesyal. Defansè sa yo kapab ede ou prepare ou pou pale avèk yon avoka pou kab konnen kijan pou poze kesyon yo. Sa va ede ou ekonomize tan ak lajan. Pa janm pran konsèy jiridik nan men pèsonn ki pa avoka ki gen lisans. Bon zan- mi ak fanmi ki gen bon entansyon conn vle ofri opinyon yo, men anpil fwa yo pa conn anyen nan afè lalwa. Ou dwe pran konsèy jiridik sèlman nan men yon avoka otorize.

Anplisde ekri tout kesyon ke ou va gen pou poze avoka a, ou dwe rasanble tout enfòmasyon ke ou konnen ki va itil avoka a tou.

Paegzanp, li va bon pou genyen tout ansyen lòd jiridik ke tribinal la te ba ou anvan, ansanm ak lòt dokiman enpòtan oubyen prèv ki gen pou wè ak dosye a, tankou rapò lapolis, foto mak domaj ak bagay kit e kraze pandan zak vyolans domestik la yo, resi pou depans swen medical ak resi pou pèman mansyèl lweyaj kay la, kouran, elatriye. Si ou bezwen enfòmasyon konsènan kijan pou jwenn sipò ekonomik pou konjwen ak sipò lajan pou okipe timoun yo, fè yon bidjè byen detaye pou tout depans ou fè chak jou yo.

Tout sa ou di avoka ou se bagay konfidansyèl. Si ou abite ak agresè a toujou pandan ou an kontak ak yon avoka, e ou pa ta renmen agresè a konnen ke ou an kontak ak yon avoka, fè avoka a konnen pou li pa rele ou oubyen ekri ou nan adrès lakay ou. Fè avoka a konnen ki meyè fason li kab kontakte ou.

Chak avoka chaje pri pa yo. Ou pa bezwen pè pale ak avoka sou konbyen li vle pou ou peye li. Si ou pa gen mwayen pou peye sa avoka a mande ou, ou dwe onèt avèk li. Paske, anplisde frè ou dwe peye avoka a pou sèvis li, ou va gen lòt lajan pou peye pou depoze dokiman legal nan tribinal la tou. Li pa koute anyen pou prezante yon demann TRO. Probableman, avoka a va vle pou peye li davans. Se sa ki fè ou dwe tcheke plizyè avoka pou kab wè kiyès ki pi bon mache. Asosiyasyon Bawo Leta Nyoudjèze a ki se The New Jersey State Bar Association pibliye yon ti liv gratis pou fè konnen yon lis avoka kip regle afè vyolans domestik. Pou jwenn yon kopi, kontakte Asosiyasyon Bawo Avoka Nyoudjèze a nan [www.njsba.com](http://www.njsba.com) nan 732-249-5000. Li kab itil ou tou pou kontakte Bawo Avoka ki nan konte kote ou abite a.

Si ou bezwen konsèy yon avoka, men ou pa gen mwayen pou peye pou pran sèvis youn, li posib pou ou kalifye pou jwenn konsèy legal gratis ak reprezantasyon avoka Legal Services yo. Ou va jwenn adres ak nimewo telefòn pwogram Legal Services yo nan andedan paj devan kouvèti liv sa. Ou gen dwa kontakte liy dirèk pou enfòmasyon pou tout eta nyoudjèze a LSNJLAW tou nan: 1-888-LSNJ-LAW (1-888-576- 5529), oubyen tou, ou kapab mande asistans sou entènèt nan: [www.lsnjlawhotline.org](http://www.lsnjlawhotline.org) ak sou chèn YouTube biwo Sèvis Jiridik New Jersey (kote ou va jwenn vidyeo itil).

Nan liy dirèk la, nou ofri enfòmasyon, konsèy ak rekòmandasyon nan afè sivil legal pou tout moun kalifye ki abite nan Nyoudjèze ki pa gen gran mwayen. Li posib pou ou kalifye tou pou Pwojè Defans kont Vyolans Domestik la ki se Domestic Violence Representation Project reprezante ou. Gade nan paj 12 kote ki pale sou kisa pou fè si ou bezwen yon avoka.)

Si ou pa gen chwa, ou oblige ale nan tribinal san yon avoka, li manyèl sa avèk anpil atansyon. Pran nòt sou sa ou li yo, epi tou pran nòt ki gen pou wè ak sitiyyasyon ou an. Revize nòt ou ekri yo trèbyen anvan ou ale nan tribinal la. Si ou byen prepare tèt ou, ou va santi ou pi alèz pou parèt devan jij la. Prepare ou pou bay jij la anpil detay sou zak vyolans ki fèk pase ou yo ak tout lòt ansyen zak vyolans ou janmen soufri anba men agresè a. Òganize tout prèv ou yo, tankou: foto, rapò

medikal ak rapò lapolis yo. Si ou fè plan pou mande sipò ekonomik, prepare yon lis tout depans ou yo. Revize tout enfòmasyon adisyonèl ke ou kab jwenn sou [IsnJlaw.org](http://IsnJlaw.org) ak sou chèn YouTube Legal Services la (ansanm ak videoyo ki eksplike kisa pou fè yo).

## **Kisa pou Mwen Fè si Agresè a Vyole TRO Oubyen FRO a?**

Pou kab fè respekte lòd vyolans domestik ou a, fòk ou konnen premyèman ki pati nan lòd jiridik la ke agresè a vyole a. Premye pati nan lòd la fè konnen ke agresè a pa gen dwa kontakte ou, epi tou li fè konnen ke agresè a pa gen dwa pote zam. Dezyèm pati a pale sou sa ki gen pou wè ak: vizit ak timoun yo, sipò ekonomik pou timoun yo, ak kèk lòt bagay ankò. Lalwa trete vyolasyon chak pati nan lòd la yo diferan fason.

**Vyolasyon kriminèl.** Si agresè a vyole pati nan lòd la ki fè konnen ke li pa gen dwa kontakte ou la, kit se te TRO a oubyen FRO a, tribinal la gen dwa deklare ke agresè a koup- ab kriminèlman paske li vyole lòd jiridik la. Premyè pati lòd la dekri ki pòsyon nan lòd restriksyon an ke pinisyon pou vyolasyon kriminèl kont lòd jiridik la va fè respekte.

Yon egzanp vyolasyon kriminèl kont yon lòd restriksyon ki fèt pi souvan se lè agresè a plede telefone viktim nan, menase li, rapouswiv li, oubyen menm frape li fizikman pou entimide li. Nan nenpòt nan sitiayson sa yo, lapolis sipoze chaje agresè a pou vyolasyon kont lòd tribinal la. Si agresè a ap plede fè ou nenpòt nan bagay sa yo, e ou santi ou bezwen èd lapolis imedyatman, ou dwe rele 911 toutswit. Si ofisyè polis ki vinn ede ou la ta gen nenpòt rezon pou li panse ke agresè a vyole lòd proteksyon an, li dwe arete agresè a, epi chaje li pou vyolasyon kont lòd tribinal la.

Yo dwe chaje agresè a pou nenpòt lòt krim ke li ta komèt lè li te ap vyole lòd restriksyon an. Paegzanp, si agresè a te bay viktim nan yon koutpwèn, sa ki lakòz ke li vyole lòd pwoteksyon an, yo dwe chaje agresè a pou agresyon anplis vyolasyon lòd restriksyon an.

**Konprann byen:** toudepannde gravite krim nan, li posib pou pwoesisis jijman kont vyolasyon kriminèl la pa fèt nan menm tribinal e menm dat ak pwoesisis jijman kont agresyon an. Si agresè a ap plede vyole lòd pwoteksyon an, men ou pa santi li nesesè pou rele lapolis pou mande èd imedyatman, ou kapab toujou fè rapò bay lapolis oubyen pote yon plent kriminèl kon agresè a osito ke ou gen tan.

Lè yon agresè vyole pwovizyon nan lòd restriksyon an ki fè konnen ke li pa gen dwa rantre an kontak avèk ou, biwo pwokirè nan konte a va deside si yo va pote yon akizasyon fòmèl kont agresè a poutèt li vyole lòd restriksyon an. Pou pran desizyon sa, yo va pran an konsiderasyon gravite vyolasyon an. Nan ka kote agresè a ta fè yon bagay ki grav anpil pou vyole lòd restriksyon an, tankou si li ta komèt yon agresyon a zam, gen anpil possiblité pou pwokirè a pote ka a devan gran jiri a pou mande yon akizasyon fòmèl kont agresè a. Si gran jiri a bay dwa pou pote akizasyon fòmèl la kont agresè a, pwoesisis jijman an va tandem devan yon jij nan tribinal siperyè, nan divizyon penal.

Nan ka kote ke agresè a ta ap plede fè kèk bagay ki pa ta twò grav pou vyole lòd restriksyon an, tankou si li ap plede telephone viktim nan, li posib pou pwokirè a pa okipe chèche pote yon akizasyon fòmèl. Men pito, pwokirè a va mande yon odyans devan yon jij tribinal minisipal pou pouswiv akizasyon kriminèl yo, pandan ke yon jij tribinal fanmi va tandem odyans pou vyolasyon lòd restriksyon an. Li trèzenpòtan pou sonje ke, menmsi jijman pou vyolasyon lòd restriksyon yo ta fèt nan tribinal fanmi, se afè penal yo ye. Puiske li posib pou yo kondane agresè a pou li ale nan prizon, li gen dwa pou li gen yon avoka pou ki reprezante li.

Nan tout ka penal, yo va fè yon desizyon preliminè sou zafè kosyon an. Yo kapab lage agresè a an libète a kondisyon ke li pa chèche rantre an kontak ak viktim nan. Anvan yo lage yon akize sou kosyon, yo dwe fè tout sa ki posib pou fè viktim nan konnen ke yo pral lage akize a sou kosyon. Se poutèt sa, ou dwe toujou mete tribinal fanmi ak biwo pwokirè a okouran de tout chanjman adrès ak nimew telefònn ou. Yo va kenbe enfòmasyon sa yo konfidansyèl.

Li trèzenpòtan pou fè tout sa ki depannde ou pou jwe yon wòl trè aktif nan afè a. Eseye chèche konnen ki pwokirè ki va sou afè a. Fè pwokirè a vinn familye ak afè a. Espesyalman, fè pwokirè a konnen si ou gen kèk temwen oubyen prèv ki kab ede nan jjiman afè a.

Kèk fwa, gen viktим ki conn finn pote yon plent poutèt agresè a ap plede vyole lòd restriksyon an, men nan pita yo vinn retire plent la paske yo panse ke agresè a kab ale nan prizon. Se vre li posib pou yo mete agresè a nan prizon, men se pa sèl solisyon sa ki genyen. Kèk fwa, santans kriminèl ke yo bay agresè a poutèt li te vyole lòd restriksyon an se conn sèlman yon peryòd libète siveye, yon amann, oubyen yon santans sispann a kondisyon ke agresè a ale pran konsèy sikologik. Ou dwe pale ak pwokirè a konsènan tout posibilité sa yo. Ou kapab chèche rantre an kontak avèk yon defansè ki travay nan inite temwen pou viktим ki nan konte kote ou abite a tou.

**Vyolasyon ki pa kriminèl.** Si agresè a vyole pati nan lòd restriksyon an ki pale sou afè visit ak timoun yo, sipò ekonomik (sipò pou madanm nan oubyen lajan pou okipe timoun yo), pèman lweyaj kay la oubyen pèman ipotèk la, oubyen distribisyon bagay pèsonèl nou yo, ou gen dwa prezante yon plent nan tribunal fanmi pouf è li respekte pwovizyon ki nan lòd la yo. Pwovizyon ki nan lòd jiridik la ke ou kapab prezante yon plent nan tribunal la pouf è respekte a yo twouve yo nan dezyèm pati lòd la.

Kalite vyolasyon ke yo kab fè respekte nan tribal fanmi yo se, si agresè a pa respekte orè vizit ak timoun yo, sa vle di li pa mennen timoun yo retounen lakay yo alè, si li pa peye lajan pou okipe timoun yo jan jj la te òdone pou sa fèt, si li pa remèt viktим nan bagay li jan jj la te mande pou li fè sa. Nan tout ka sa yo, viktим nan gen dwa pou li prezante li nan tribal fanmi pou prezante yon plent pou fè respekte kondisyon ki nan lòd restriksyon an yo. Rezulta ki nesesè nan odyans sa yo se pou rive wè si agresè a ta respekte kondisyon lòd la yo, oubyen kèk fwa menm pou modifie lòd la.

Etandone ke se nan depatman libète siveye a ke majorite moun ki dwe peye sipò pou okipe timoun, *child support*, dwe ale fè pèman yo, si viktим nan pa resevwa lajan sipò pou okipe timoun yo ke tribal la

te òdone pou agresè a peye, viktim nan kapab kontakte travayè ki sou dosye a nan depatman libète siveye a pou regle sa. Travayè sa dwe kapab eksplike viktim nan kisa depatman libète siveye a fèt déjà pou fose agresè a peye sipò pou timoun yo. Depatman libète siveye a dwe fè tout sa ki posib pou ede viktim nan jwenn sipò. Si se nesesè, yo dwe menm retounen ak dosye a devan tribinal la ankò pou mande jij la pou li fose agresè a respekte lòd la.

## **Lòt Opsyon Legal ki Disponib**

**Divòs.** Si ou ap plede sibi move trètman anba men yon malfektè, se sekirite ou ki dwe pi enpòtan pou ou. Ou dwe fè tout efò, swa chape kò ou pou ale pran refij nan yon shelter, mande yon lòd restriksyon, depoze yon plent kriminèl kont agresè a pou ou pwoteje tèt ou kont movè trètman. Lè tout sitiayson yo finn sou kontwòl, epi ou santi ou an sekirite kote ou ye a, lè sa, ou kab kòmanse kalkile si ou vle divose ak agresè a. Lè ou kòmanse pwoesisis divòs la yo, li posib pou agresè a vinn rekòmanse ak zak vyolans li yo ankò. Se pou ou fè tout sa ou kapab pou kenbe tout mezi pwoteksyon ou te pran pou pwoteje tèt ou yo (gade nan paj 14).

Isit nan Nyoudjèze, gen plizyè rezon ke yon moun gen dwa mande divòse yon lòt moun, youn ladan yo, se pou mechanste egzajere Extreme cruelty. Si agresè a ap plede maltrete ou fizikman e mantalman dekwa pou mete lavi ou an danje, epi ki fè ke li enposib pou kontinye viv avèk li, tout sa fè pati zak mechanste egzajere.

Si ou ap kalkile si ou dwe mande divòse, ou dwe konsilte yon avoka pou kapab pale avèk li sou dwa ou, espesyalman si ou gen timoun oubyen byen ansanm ak agresè a. Konsilte manyèl divòs nou mete disponib sou sit wèb nou an ki se: *Divorce in New Jersey: A Self-Help Guide* (Legal Services of New Jersey, 2023 Ed.) ([www.lsnjlaw.org/Publications/Pages/Manuals/DivorceGuide.pdf](http://www.lsnjlaw.org/Publications/Pages/Manuals/DivorceGuide.pdf)).

**Titèl timoun yo, tan vizit avèk timoun yo, ak sipò ekonomik.** Bagay ki gen pou wè avèk kiyès ki dwe gen titèl timoun yo, kijan pou aranje afè tan vizit ak timoun yo epi sipò ekonomik pou

timoun yo, tout bagay sa yo kab regle nan odyans lòd restriksyon an, pandan divòs la, oubyen nan yon lòt pwosè jiridik espesyal nan tribinal fanmi. Si se nan odyans pou lòd restriksyon an tribinal la deside tande bagay sa yo, y ova konsidere yo kòm afè ijan, e nenpòt nan de pati yo va gen dwa pou prezante demann divòs la, oubyen mande pou tribinal la trete bagay sa yo nan yon lòt odyans apa. Desizyon sou afè titèl timoun yo, tan vizit ak timoun yo, sipò pou okipe timoun yo kab toujou chanje si youn nan pati yo kapab demonstre ke gen kèk bagay nan sityasyon li ki chanje aprè tribinal la te pase lòd sa yo. Kidonk, tribinal la dwe fè yon lòt egzaminasyon pou bagay sa yo.

- *Titèl timoun yo*—Menmsi se avèk ou timoun yo te toujou abite, epi se oumenm ki se paran ki toujou pran swen yo, sa pa vle di pou otan ke se oumenm ki gen titèl legal timoun yo. Toulède paran yo gen menm fòs dwa ak reskonsabilite pou timoun yo jouskaske tribinal la deside kiyès ki dwe reskonsab timoun yo devan lalwa. Si ou pa mande yon lòd restriksyon oubyen divòs, e ou pa abite menm kote avèk lòt paran an, se pou ou prezante demann pou titèl timoun yo nan yon lòt pwosè apa. Nan yon pwosè divòs oubyen pou titèl timoun yo ke ou fè poukontli, jij la va detèmine kisa ki pi bon pou timoun yo lè li ap pran desizyon sou afè titèl timoun yo. Sonje pou fè jij la konnen tout istwa zak vyolans domestik yo. Zak vyolans agresè a te konn fè sou ou se faktè ki trèzenpòtan pou afè titèl timoun yo. Yon fwa ankò, si se akoz vyolans domestik ou vle kite patnè a, se trèzenpòtan pou pran timoun yo avèk ou si ou kapab. Ou gen plis chans pou se oumenm jij la bay titèl timoun yo si se ansanm avèk ou timoun yo déjà ye. (**Notebyen:** Lè se nan odyans pou vyolans domestik la ke tribinal la ap deside sou zafè titèl timoun yo, règleman yo pa menm jan ak règleman ke tribinal la sèvi nan yon odyans ki fèt espesyalman pou tande afè titèl timoun yo. Nan yon odyans pou vyolans domestik, jij la dwe sipoze ke li pi bon pou timoun yo rete avèk viktim nan, eksepte si akize a kab demonstre ke yo pap an sekirite avèk viktim nan.)
- *Demenajman, soti kite eta Nyoudjèze a ak timoun yo*— Ou pa gen dwa soti kite nyoudjèze ansanm ak timoun ou yo ki fèt isit nan Nyoudjèze, oubyen timoun ki gen senkan depi yo abite nan eta

Nyoudjèze a san konsantman lòt paran an oubyen san otorizasyon tribinal la. Menmsi ou gen titèl legal timoun yo, se menm bagay la toujou. Si ou kite eta Nyoudjèze a ak timoun yo pou ou kab anpeche lòt paran an wè oubyen gen titèl timoun yo, oubyen pou evite jiridiksyon tribinal nan nyoudjèze, li posib pou lapolis arete ou epi chaje ou paske ou vle anpeche lalwa fè travay li nan afè titèl timoun yo.

Si paran ki pa gen titèl timoun yo refize ba ou konsantman li, ou dwe prezante yon demann nan tribinal la pou mande pèmisyon. Tribunal la va chèche konprann si demenajman an ap pi bon pou timoun yo. Pou pran yon desizyon, tribunal la va konsidere faktè sa yo:

- Ki rezon ki fè ou vle demenaje ak timoun yo, e pouki rezon ke paran ki pa gen titèl timoun yo pa dakò demenajman an.
- Èske timoun yo va gen menm opòtinite pou jwenn swen sante, edikasyon, ak lwazi kote ou ap mennen yo a.
- Èske li va posib pou fè aranjman pou paran ki pa gen titèl timoun yo kapab toujou gen bon jan relasyon e kontak ak timoun yo.
- Ki posibilité ki genyen pou ke oumenm ki paran ki gen titèl timoun yo va ankouraje timoun yo gen bon relasyon ak lòt paran an si tribunal la dakò demenajman an fet.

Tribinal la va pran kèk lòt faktè an konsiderasyon tou, tankou kisa timoun nan vle, si se yon timoun ki gen laj dekwa, ki enpak demenajman an va genyen sou rès manm fanmi an yo, epi ankò tout lòt faktè ki kab afekte interè timoun nan. Pou wè si demenajman an posib, tribunal la va konpare pri lavi nan lòt kote ou vle ale ak timoun nan avèk ak pri lavi nan Youdjèze.

- Restriksyon sou aranjman pou vizit ak timoun yo—Si tribunal la ba ou titèl legal timoun yo, jeneralman, tribunal la va bay lòt paran an dwa pou gen vizit ak timoun yo parenting time. Menmsi yo pa ta regle bagay sa yo nan odyans lòd restriksyon an, ou gen dwa, e

ou sipoze mande jij la pou li fè aranjman pou timoun yo vizite lòt paran an, pou ou pa gen pou janm nan kontak ak agresè a. Si ou panse ke agresè a kab fè timoun yo mal, ou gen dwa mande pou gen yon moun ki sipèvize vizit timoun yo ak lòt paran an, ke yo mennen yon envestigasyon sou agresè a pou konnen si li nan dwòg ak alkòl, oubyen mande pou agresè a ale pran fòmasyon pou konnen kijan pou li konpòte li kòm yon bon paran.

- **Sipò**—Si ou pa gen yon lòd tribunal la pou òdone agresè a peye lajan pou okipe timoun yo, ou gen dwa prezante yon demann nan tribunal fanmi pou mande sa. Yo va fè yon odyans pou detèmine sitiyasyon ekonomik ou, sitiyasyon ekonomik agresè a, epi nesesite ou pou resevwa sipò ekonomik. Tribunal la va deside konbyen lajan sipò ou dwe resevwa pou okipe timoun yo. Lòd la va etabli konbyen pèman yo dwe ye, epi kijan pou resevwa yo. Anpil fwa, yo pran lajan sipò pou okipe timoun yo dirèteman sou chèk paran ki dwe peye a depi anvan chèk la rive nan men li. Jeneralman, moun ki dwe peye lajan pou okipe timou yo dwe fè pèman nan *New Jersey Child Support Program* ke depatman libète siveye Probation Division ki nan konte kote ou abite a ap administre olyede ba oumenm direkteman. Li pi bon pou sa fèt konsa, paske depatman probation reskonsab pou fè tout sa ki nesesè pou fose agresè a fè pèman sipò pou okipe timoun yo. Lè se nan pwogram Nyoudjèze ki administre afè lajan sipò pou okipe timoun yo ke agresè a fè pèman sipò a yo, ou kapab toujou rele nan liy enfòmasyon sou zafè sipò pou timoun yo ki se: 1-800-621-KIDS (5437) pou kab toujou konnen kisa ki gendenèf nan dosye a. Si ou vle ke se atravè pwogram Nyoudjèze ki administre lajan zafè sipò pou timoun yo pou yo kolekte pèman agresè a, kontakte biwo libète siveye probation office ki nan zònn kote ou abite a oubyen tou, ou kapab al chèche fòm nan ak tout eksplikasyon sou kijan pou ranpli li nan: [www.njchildsupport.org](http://www.njchildsupport.org).

Si wèlfè ba ou èd pou viv ak timoun yo, biwo wèlfè ki ba ou èd la va tradui papa timou yo nan tribunal pou mande jij la pou fè li peye sipò pou okipe timoun yo. Si ou panse ke sa va mete sekirite ou an danje si sa fèt, ou gen dwa mande pou yo mete ou nan opsyon

pwoteksyon pou fanmi kont vyolans laki se *Family Violence Option* (gade nan paj 73 pou plis en- fòmasyon). Biwo wèlfè ki nan konte a gen dwa pou li kenbe tout lajan sipò ke agresè a peye pou okipe timoun yo, mwens 100 dola chak mwa. Chak mwa, yo va pase bay ou premye 100 dola yo kolekte nan men agresè a san s apa afekte benefis ou resevwa nan wèlfè. Men se konsa tou, si lajan sipò pou okipe timoun yo pi plis pase èd ou resevwa nan wèlfè a, li posib pou yo koupe benefis yo, lè sa, yo va ba ou tout lajan sipò pou okipe timoun yo chak mwa.



### 3. Benefis Imigrasyon ki Disponib pou Moun ki Victim Vyolans Domestik

*G*enplizyè fason pou imigran ki victim vyolans domestik yo benefisyè rezidans legal. Victim viyolans domestik ki marye oubyen te marye avèk yon sitwayen ameriken (USC) oubyen avèk yon moun ki gen rezidans pèmanan legal (LPR), oubyen ak yon moun ki te gen nasyonalite ameriken oubyen rezidans pèmanan legal kapab benefisyè rezidans pèmanan legal tou daprè lwa federal *Violence Against Women Act (VAWA)*, ki vle di, lwa federal pou Pwoteksyon Fanm kont Vyolans. Gen lòt opòtinite ki disponib tou pou kapab kontinye genyen oubyen vinn genyen rezidans legal atravè viza pou *battered spouse waiver*, sa vle di viza eksepsyon pou moun ki soufri movè trètman fizik, oubyen viza U ak viza T.

#### Rezidans Legal Atravè VAWA

Si ou se yon imigran ki ap soufri movè trètman vyolans domestik, ou kapab fè yon *self-petition VAWA*, sa vle di yon petisyon VAWA poukoutou pou kapab gen rezidans pou ou avèk timoun ou yo nan sitiayson sa yo:

- Si ou marye oubyen te marye avèk yon agresè ki sitwayen ameriken (USC) oubyen ki gen rezidans (LPR).

- Si ou te abite nan menm kay avèk moun ki ap maltrete ou la pandan kèk tan.
- Si ou te rantre nan maryaj la debònnfwa.
- Si ou gen bon karaktè moral.

Si agresè a ki se sitwayen ameriken oubyen rezidan ta maltrete pitit ou, ou gen dwa kalifye pou VAWA tou menmsi se pa oumenm ki te sibi movè trètman yo.

Pou ou kapab fè demann VAWA a, li pa nesesè pou gen konsantman agresè sitwayen ameriken oubyen rezidan legal la. Si ou gen pitit ki poko marye epi ki gen pi piti ke 21 lane, ou kapab mete yo nan demann na tou kòm derivatives, sa vle di, yo va benefisyé anba demann ou an.

**Notebyen:** petisyon VAWA a disponib tou pou paran ki ta sibi movè trètman anba men pitit gason oubyen pitit fi adilt yo ki se sitwayen ameriken.

Ou kapab toujou kalifye pou benefisyé VAWA, menmsi:

- Agresè a te pèdi sitwayènnte ameriken li oubyen rezidans li nan de dènye lane yo.
- Agresè a mouri nan de dènye lane pase yo.
- Ou te divòse avèk agresè a nan de dènye lane yo.

Lòt chemen ke victim vyolans domestik yo kapab pase pou jwenn rezidans legal se atravè cancellation or removal under VAWA, sa vle di, pwosesis anilasyon depòtasyon anbaa lwa VAWA a. Men, se sèlman si ou nan pwosesis depòtasyon ke ou kapab itilize metòd sa. Mari oubyen madanm agresè ki se sitwayen Ameriken (USC) oubyen rezidan pèmanan legal (LPR) kapab benefisyé anilasyon depòtasyon anba VAWA si yo:

- Sibi movè trètman kout baton, oubyen yo soufri gwo mechanste anba men agresè a.
- Yo gen bon karaktè moral.
- Yo te toujou abite isit Ozetazini pandan twa lane pou pi piti anvan dat yo fè demann nan.

- Yo kapab demonstre ke si yo depòte yo, sa kapab lakòz yo, oubyen timoun yo anpil pwoblèm.

Si ou se youn nan paran yon timoun ki te soufri movè trètman fizik oubyen gwo mechanste anba men agresè sitwayen Ameriken (USC) oubyen rezidan legal (LPR) ki se lòt paran an, ou kapab kalifye pou benefisyen anilasyon depòtasyon tou.

## Padon pou Moun Marye ki Soufri Abi Fizik

Viktim vyalans domestik ki te gentan gen rezidans kondisyonèl pou de lane a paske yo marye avèk yo sitwayen ameriken (USC) oubyen yon rezidan legal (LPR) kapab kalifye pou benefisyen *Battered Spouse Waiver*. Sa vle di, eksepsyon pou moun ki soufri move trètman fizik si yo menm oubyen timoun yo te soufri movè trètman fizik oubyen gwo mechanste mantal anba men agresè a nan maryaj la. Eksepsyon sa pèmèt ou kapab mande retire kondisyon ki te sou rezidans la, san ou pa bezwen kooperasyon agresè a.

## Viza U

Viza U a se yon lòt posibilité ki genyen pou moun ki viktim vyalans domestik kapab vinn gen rezidans. Ou kapab kalifye pou benefisyen viza U, si ou te viktim yon krim tankou vyalans domestik, kadejak, oubyen agresyon seksyèl, e ou te ede, ou ape de, oubyen ou va ede lapolis envestige epi tradui agresè a devan lajistis. Li pa nesesè pou ou te marye avèk agresè a pou kapab fè demann sa, epi tou, li pa nesesè pou agresè a se yon sitwayen ameriken oubyen yon moun ki gen rezidans legal. **Notebyen:** menmsi ke viza U a disponib pou moun ki viktim vyalans domestik, moun ki viktim kèk lòt gwo krim ki lakoz gwo soufrans fizik ou mantal kapab kalifye pou li tou.

## Viza T

Viktim vyalans domestik ki pase peripesi trafik imen kapab vinn gen papye imigrasyon yo tou atravè viza T a, yon viza ki disponib pou

pèmèt ke moun ki pa sitwayen ameriken ki viktim move fòm trafik imen kapab vinn gen papye legal yo. Moun pase peripesi trafik imen lè lòt malfektè twonpe yo, fòse yo, oubyen menase fè yo mal oubyen pran libète yo pou kapab fòse yo bay sèvis seksyèl avèk lòt travay. Youn nan pi move fòm trafik imen ki genyen se lè yon relasyon seksyèl komèsyal rive komèt ak fòs gwo ponyèt, fwòd epi magouy ki lakoz pèrèz, oubyen nan yon sitiyyason kote ke moun ke yo fòse rantre nan relasyon seksyèl la se yon minè ki gen pi piti ke 18 lane. Ou kapab kalifye pou benefisyé yon Viza T si ou ta pase peripesi trafik imen, si ou Ozetazini aktyèlman oubyen nan youn nan pò antre yo akoz trafik la, e ou kapab soufri gwo malè si ou ta dwe kite Etazini.

**Notebyen:** Li posib pou yo mande yon viktim ki gen 15 lane ou plis pou koopere avèk otorite fòsdelòd federal yo pou kapab ede envestige epi tradwi kriminèl trafikè yo devan lajistis.



## 4. Dwa Travay

### Benefis Asirans Chomaj

Si ou oblige kite travay ou pou rezon vyolans domestik, ou kapab kalifye pou resevwa benefis asirans chomaj. Ou kapab ranpli fòm demann sa nan telefònou oubyen sou entènèt. Ou kapab jwenn fòm pou fè demann nan sou entènèt avèk nimewo telefònou biwo lokal yo sou sit wèb depatman travay ak devlòpman an ki se: [http://lwd.dol.state.nj.us/labor/ui/fileui/file\\_index.html](http://lwd.dol.state.nj.us/labor/ui/fileui/file_index.html).

Lè ou prezante demann ou an, fòk ou fè konnen ke se pou rezon vyolans domestik ke ou kite travay la. Degaje ou pou bay fonksyonè depatman travay la omwens youn nan pyès sa yo kòm prèv:

- Yon kopi lòd restriksyon an,
- Yon kopi rapò lapolis pou tout plent ke ou te fè, oubyen tout lòt apèl polis ke nenpòt lòt moun te fèt pou ou akoz vyolans domestik ou te sibi a.
- Prèv pou montre ke yo te jwenn agresè a koupab poutèt li te komèt youn ou plizyè nan krim ke Lwa Pwoteksyon kont Vyolans Domestik la entèdi yo (gade nan paj 33 pou wè kisa ki di sou Sistèm Jiridik la pou kapab wè yon lis krim sa yo).
- Dokiman pou pwouve zak vyolans domestik la, tankou yon rapò medikal doktè bay, oubyen yon rapò yo te ba ou nan sal dijans kote ou te ale pran swen medikal pou domaj ou te siby pandan

vyolans domestik la. (**Notebyen:** Lè ou ale lopital nan sal dijans pou chèche jwenn swen medikal, sonje fè konnen ke ou se yon viktим vyolans domestik, epi mande pèsonèl medikal la pou li ekri sa nan rapò medikal la).

- Yon sètifika oubyen afidavi ke yon espesyalis sètifye ki bay konsèy nan zafè vyolans domestik, oubyen direktye yon òganizasyon defans kont vyolans domestik ekri pou fè konnen ke ou se yon viktим vyolans domestik. (Gade nan paì 96 pou wè yon lis òganizasyon defans kont vyolans domestik nan Nyoudjèze.)
- Lòt dokiman ak pyès ki kapab sètifye ke ou te sibi vyolans domestik ke yon travayè sosyal, pèsonèl klèje ou tankou pastè oubyen prêt legliz ou, yon travayè mezonrefij la shelter, ak tout lòt pwofesyonèl ki te ede ou lè ou te ap travèse kriz vyolans domestik la kapab bay ou.

Si ou kab jwenn youn ou plizyè nan dokiman sa yo pou bay, e ou kalifye tout pou resevwa benefis asirans chomaj yo, ou sipoze kapab kolekte benefis asirans chomaj yo san pwoblèm.

Si yo refize bay ou benefis asirans chomaj la yo, ou gen dwa pou prezante yon apèl. Ou va resevwa yon lèt ki eksplike kijan pou ou prezante apèl la. Ou dwe prezante apèl la nan sèt jou aprè dat ou te resevwa lèt la, oubyen nan 10 jou aprè yo te poste desizyon an voye bay ou. Ou kapab gen yon ekstansyon tan pou prezante apèl la sèlman si ou kapab demonstre ke gen yon bon rezon ki fè ou anreta. Ou kapab demonstre yon bon rezon ki fè ou anreta sèlman si ou kap pwouve ke rezon ki fè ou anreta a se yon sitiyasyon ki pa te anba kontwòl ou ditou.

## Lwa Nyoudjèze pou Garanti Pwoteksyon Sekirite ak Posiblite Ekonomik (*New Jersey Safety and Financial Empowerment Act*)

Se bagay ki dificil anpil pou yon viktим reprann li aprè gwo difikilte familial. Lè yon moun fini pase soufrans movè trètman fizik, se atò ke efò li gen pou fè pou kontinye avèk lavi fèk kòmanse. Kounyeya,

Nyoudjèze ofri yon lòt kalite pwotection pou viktim yo. Lwa Nyoudjèze pou Pwotection Sekirite ak Posiblité Ekonomik (*NJ SAFE Act*) te rannre an vigè nan dat premye Oktòb 2013 la. Lwa sa bay viktim vyolans domestik ak vyolans seksyèl yo pwotection pou travay yo. Lwa *NJ SAFE Act* la bay victim vyolans domestik yo dwa pou yo pran 20 jou konje san peye pou yo kapab reprann yo aprè pperipesi movètrètman yo. Men, viktim nan dwe pran 20 jou konje sa yo nan yon espas 12 mwa aprè zak vyolans yo. Viktim nan dwe pran tout 20 jou konje sa yo yon sèl kou. Viktim nan kapab pran konje sa sèlman pou regle bagay ki gen pou wè ak zak vyolans li te sibi yo. Viktim nan dwe pran konje sa pou li kapab:

- Chèche pran swen medikal pou abi fizik oubyen sikolojik li te soufri yo.
- Chèche jwenn asistans nan òganizasyon ki vay sèvis pou moun ki viktim vyolans domestik yo.
- Chèche pran trètman konsèy sikolojik ak lòt kalite trètman tou.
- Patisiye nan planifikasyon estrateji pou asire sekirite li.
- Chèche jwen asistans legal ak lòt asistans nesesè pou kapab rasire pwotection sante ak sekirite li.
- Prezante nan tout pwosesis ki ap fèt nan tribinal sivil oubyen penal yo.

Yon anplwaye ki gen konje peye disponib pou li pran gen dwa chwazi pran yo. Patwo an gen wa mande anplwaye a pou li pran konje peye li genyen disponib yo. Si anplwaye a pran nan konje peye a, tan sa konte nan peryòd 20 jou yo daprè lwa *NJ SAFE* la. Si anplwaye a konnen ke li va bezwen pran konje byenavan li pran konje a, anplwaye a dwe ekri patwon an yon lèt pou fè li konnen sa byen bonè. Patwon an gen dwa mande anplwayea a bay dokiman ki pwouve move trètman yo, men li pa egzijib pou li mande sa. Dokiman ke anplwaye a kab bay se tankou:

- Yon lòd restriksyon tanporè oubyen pèmanan.

- Yon papye ke pwokirè nan tribunal minisipal la oubyen nan konte a ta bay ou.
- Prèv ki montre ke yo te jwenn agresè a koupab.
- Rapò medikal pou domaj ou te sibi yo.
- Yon lèt ke yon espesyalis sètifye ki travay nan domèn pwoteksyon kont vyolans domestik oubyen direktye yon òganizasyon ki bay sèvis pou viktim vyolans domestik, sant ki resevwa moun ki ap travèse kriz vyolasyon seksyèl kab ekri pou ou.
- Yon lèt ke yon travayè sosyal, manm klèje, oubyen nenpòt lòt pwofesyonèl ki te ede ou kab ekri pou ou.

Patwon an dwe kenbe tout dokiman ke anplwaye a bay li kòm prèv move trèman li sibi yo konfidansyèl ekepte si anplwaye a ekri yon lèt pou bay otorizasyon pou pataje yo. Anplwaye yo gen dwa mande pran konje kit se yo menm ki te sibi abi movè trètman yo dirèkteman oubyen se te pitit yo, paran yo, mari oubyen madanm yo, patnè yo ki ap viv nan kay avèk yo, oubyen moun ki nan inyon sivil avèk yo. Yon anplwaye se yon moun ki gen pou pi piti 12 mwa depi li ap travay nan yon travay, e li gentan travay mil (1000) èdtan anvan li mande pran konje a. Yon moun ki kalifye kòm patwon se yon moun ki bay pou pi piti 25 moun travay pandan 20 semèn pou pi piti nan ane a. Tout konje ki bay anba pwoteksyon sa yo pa an konfli ak dwa lwa pwoteksyon konje pou regle zafè fanmi Family Leave Act, lwa 1993 pou pwoteksyon konje pou regle zafè fanmi ak zafè medikal *Family and Medical Leave Act of 1993*, oubyen lwa pou pwoteksyon benefis pou andikap pwovizwa yo bay. Patwon yo dwe bay tout anplwaye yo enfòmasyon sou lwa sa kòrèkteman. Patwon yo pa gen dwa diskrimine kont moun ki pran kalite konje sa. Yon anplwaye ki soufri diskriminasyon kont li poutèt li pran kalite konje sa gen dwa al nan tribal SIPERYÈ a pou pote yon plent. konje sa. Yon anplwaye ki soufri diskriminasyon kont li poutèt li pran kalite konje sa gen dwa al nan tribal SIPERYÈ a pou pote yon plent.



## 5. Asistans Piblik

### Byenèt Sosyal

Si mwayen ekonomik ou piti anpil, ou kapab kalifye pou gouvènman an ba ou èd lajan likid chak mwa. Ou kapab ale nan biwo wèlfè ki nan zònne kote ou ye a pou aplike pou benefis èd sa yo. Si ou bezwen èd touswit paske ou pa gen kote pou dòmi, ou pa gen manje, ou pa gen rad pou mete, fè konnen sa nan biwo wèlfè a. Si ou satisfè tout egzijans yo mande pou kapab kalifye pou jwenn èd yo, se swa yo dwe ba ou lajan likid imedyatman, oubyen yo rekòmande ou bay yon lòt organizasyon ki kapab ede ou jwenn manje, kote pou dòmi, rad ak lajan.

Sonje mande travayè ki sou dosye ou la tou pou kenbe adrès ou konfidansyèl. Si ou patisipe nan pwogram adrès konfidansyèl la (gade nan paj 24 pou plis enfòmasyon) ou kapab bay biwo wèlfè a adrès ke pwogram nan ba ou a sèlman.

Lè ou fè demann èd wèlfè a, sonje fè konnen ke ou se yon viktim vyolans domestik. Wèlfè gen règleman espesyal ki fèt pou moun ki se viktim vyolans domestik yo ki rele *Family Violence Option*, sa vle di opsyon pou fanmi ki gen pwoblèm vyolans. Biwo wèlfè a dwe fè ou konnen règleman sa yo, epi ba ou opòtinite pou jwenn yo.

- Biwo wèlfè a mande ke moun ki ap mande oubyen ki ap resevwa èd piblik yo pou yo fè konnen kiyès ki lòt paran timoun yo pou wèlfè kab al kolekte lajan pou okipe timoun yo nan men li. Wèlfè

kab fè yon eksepsyon pou moun ki viktim vyolans domestik yo si yo pè ke lè yo ta bay enfòmasyon sou papa timoun yo, sa kapab lakoz malè rive yo oubyen rive timoun yo.

- Jeneralman, moun ki ap resevwa èd wèlfè dwe chèche jwenn travay, oubyen dwe patisipe nan aktivite ki gen pou wè ak travay imedyatman, men, viktim vyolans domestik yo kab benefisyé yon ti tan anplis si yo ta bezwen sa, akoz vyolans domestik la. Se pou 60 mwa sèlman yo bay benefis wèlfè yo, men moun ki viktim vyolans domestik yo kapab jwenn plis benefis si yo bezwen plis tan poutèt vyolans domestik la.

**Fason pou jwenn èd nan biwo wèlfè a.** Pou ou kapab benefisyé eksepsyon sa yo, ou dwe fè biwo èlfè a konnen ke ou se yon viktim vyolans domestik. Li pa nesesè pou pale avèk travayè ki sou dosye ou la sou sa. Biwo wèlfè a va refere ou bay yon espesyalis ki regle afè vyolans domestik nan biwo wèlfè a menm. Espesyalis sa va refere ou bay yon lòt travayè ki bay sèvis pou moun ki ap travèse pwoblèm vyolans domestik ki va detèmine si ou kalifye pou benefisyé yon eksepsyon règleman wèlfè yo. Si se sa ki fèt, yo va travay avèk ou pou mete yon plan pou pwoteksyon ou ak sèvis sou pye pou ede ou vinn kapab ede tèt ou. Ou menm ansanm avèk travayè ki bay sèvis pou moun ki ap travèse pwoblèm vyolans domestik la yo va gen pou travay pou kapab fè plan sa a vinn tounen yon reyalite. Yo pap pataje plan ak enfòmasyon sèvis yo ke ou va resevwa a yo ak wèlfè, yo va kenbe yo konfidansyèl.

## Asistans Imedyat

Si ou pa gen mwayen dekwa, ou pagen lajan nan men ou, e ou pa gen pèsònn ki ka bede ou, li posib pou santi ke li enposib pou ou menm ak fanmi ou leve pati kite agresè a. Si ou kite kay ou poutèt soufrans movè trètman vyolans domestik, e kounyeya ou nan lari, ou gen dwa kalifye pou resevwa yon èd piblik espesyal ki rele *Emergency Assistance* (EA), sa vle di èd rapid, pou kapab ede ou peye yon kote pou desann oubyen yon lòt kote pou ale abite. Ou va gen bezwen

eksplike pwoblèm ou nan biwo wèlfè a. Si ou gen timoun ki gen 18 lane ou pi piti ki va ansanm avèk ou, ou kapab fè demann èd EA a nan biwo wèlfè ki nan konte kote ou ye a. Si ou pa gen timoun, ou dwe telefone biwo wèlfè konte a pou konnen si se la oubyen nan biwo minisipal wèlfè a ke ou dwe ale. Si ou demenaje kite vil oubyen konte kote ou te abite a, ou kapab ale fè demann ou nan konte oubyen nan vil kote ou ye kounyeya, menmsi ou pap rete abite nan zònna nan. Biwo wèlfè a va voye yon travayè vinn kote ou si ou pa kapab vini nan biwo a paske ou lopital oubyen si ou pè soti nan lari pou malè pa rive ou.

Ou kapab resevwa pèman èd EA yo pandan yon peryòd 12 mwa. Si malgre aprè peryòd 12 mwa a ou pokou gen yon kote pou abite, ou kapab kalifye pou plis tan toujou. Yo kapab ede ou jwenn òganizasyon refij pwovizwa, lweyaj kay, manje, rad, depo garanti pou kay ak sèvis piblik yo, ansanm ak kèk mèb pou kay tankou kabann ak istansil kizinn. Valè yo va ba ou va depannde konbyen moun ou gen ansanm avèk ou. Ou dwe resevwa èd rapid la menm jou ou fè demann nan.

Si mwayen ekonomik ou fèb dekwa pou kapab jwenn èd nan wèlfè, ou gen dwa pou jwenn èd rapid EA a. Si biwo wèlfè a refize ba ou èd EA a, oubyen yo plede pran tan pou ba ou èd la san ankenn rezon valab, ou dwe mande yon odyans san patipri touswit, emergency fair hearing. Nimewo kote pou rele pou mande odyans san patipri touswit la se: 1-800-792-9773. Ou va resevwa yon randevou pou odyans san patipri a nan twa jou aprè dat yo te resevwa demann ou an, e direktè depatman devlòpman fanmi nan eta a va pran yon desizyon final sou dosye a nan senk jou travay.

Ou kapab rele pwogram reijonal sèvis jiridik ki bay sèvis nan konte kote ou abite a pou mande asistans. Pou jwenn yon lis pwogram sèvis jiridik avèk nimewo telefònn yo, gade andedan premye paj kouvèti liv sa. Ou kapab rele nan liy dirèk gratis biwo sèvis jiridik ki ba enfòmasyon pou tout eta Nyoud- jèze a LSNJLAW tou nan: 1-888-LSNJ-LAW (1-888-576-5529). Gen yon fòm ke ou kab ranpli pou mande asistans sou entènèt ke ou kapab jwenn sou: [www.lsnjlawhotline.org](http://www.lsnjlawhotline.org).

## Koupon pou Achte Manje SNAP (Food Stamps)

Si ou poko ap resevwa SNAP ki se koupon pou achte manje, ou kapab prezante yon demann pou jwenn èd SNAP la. Si ou gen pi piti ke 100 dola likid, e ou touche pi piti ke 150 dola anvan yo pran taks sou chèk travay ou, oubyen, si salè total anvan yo pran taks sou ou chak mwa avèk lajan likid ou genyen nan men ou pi piti ke pèman ou peye pou lwaye kay ou ak sèvis publik yo oubyen pèman ipotèk kay ou, ou gen dwa pou resevwa sèvis rapid. Sa vle di, yo va travay sou dosye SNAP ou a epi fè ou jwenn èd la nan sèt jou travay aprè dat ou te fè demann nan. Li va nesesè pou ou ranpli tout fòm yo pou fini ak tout pwosesis demann nan, epi prezante tout dokiman ke yo mande ou yo pou demann ou an, anvan yo apwouve ou pou kapab jwenn èd sa nèt ale. Li trèzenpòtan pou fè biwo wèlfè a konnen ke se pou sèvis rapid ke ou vle fè demann nan. Si ou pa kalifye pou sèvis rapid paske yo konsidere ke valè salè ak byen ou genyen twò wo, men malgre sa ou kalifye pou resevwa èd SNAP la, yo va travay sou dosye SNAP ou a pou fè ou kapab jwenn li nan 30 jou aprè dat ou te fè demann nan. Valè ke ou va resevwa a pral depanne salè ou, konbyen moun ou genyen nan fanmi ou, ansanm ak yon seri depans ke biwo SNAP la va pran an konsiderasyon. Malerezman, pa gen mwayen pou mande yon odyans san patipri an ijans nan afè SNAP yo. Si yo refize ba ou èd SNAP la, oubyen si ou pa dakò ak kantite yo ba ou a, ou dwe mande pou yon odyans san patipri. Ou kapab telefone nan 1-800-792-9773 pou mande odyans san patipri a. Menmsi ou gen dwa pou mande pou yo fè odyans la byen vit, pwosesis la kab dire anviwon 90 jou pou yo travay sou sa.



## 6. Konsèy Sikolojik

### Konsèy Sikolojik pou Tèt ou

Ou kab santi ou deprime, ou pa kab kenbe kò ou, epi ou pa gen ankenn kontwòl sou sitiyasyon ke ou ap travèse yo. Li difisil anpil pou pran desizyon oubyen pou fè chanjman nan lavi ou lè ou gen kè sote ak lapèrèz sou ki konsekans desizyon sa yo kab lakoz. Li pi difisil toujou pou reflechi lè ou pa gen pèsònn pou pale pou kapab eksplike enkyetid ou genyen pou tèt ou ak pou fanmi ou. Lè ou pa gen pèsònn ki ka bede ou reflechi sou bagay sa yo, li posib pou ou kontinye santi ou mare, e ou gen twòp lapèrèz pou pran ankenn desizyon. Nan yon sitiyasyon konsa, se yon konseye sikolojik pwofesyonèl ki ka bede ou reflechi sou lòt mwayen ki disponib pou òganize ou, oubyen omwens kapab ba ou sipò pandan ou ap travèse moman difisil sa yo. Òganizasyon ki bay sèvis nan zònou ou an pou ede moun soti nan pwoblèm vyolans domestik la yo kapab rekòmande ou bay yon konseye sikolojik ki konprann pwoblèm vyolans domestik ou ap travèse yo. Konprann byen, lè tribunal la akòde yon FRO, ale pran konsèy sikolojik pa kab sèvi kòm eksepsyon pou de pati yo wè ansanm. De pati yo pa dwe ale pran konsèy sikolojik ansanm paske sa se yon vyolasyon FRO a.

### Konsèy Sikolojik pou Timoun ou yo

Anpil agresè se moun ki te soufri movè trètman lè yo te timoun, oubyen yo te grandi nan anviwònman violan kote yo te aprann ke

vyolans se sèl mwayen yo genyen pou rezoud tout konfli. Timoun ki grandi nan yon anviwònman kote yo toujou ap wè vyolans fèt devan yo, ki pa jwenn ansèyman pou fè yo konnen ke vyolans se pa yon fason nòmal e akzeptab pou konpòte yo, kab grandi epi fè menm jan ak paran yo pou vinn tounen paran ak mari oubyen madanm vyolan tout.

Lè yon moun grandi nan yon anviwònman vyolans, se bagay ki fè mal anpil. Se sa ki fè li trèzenpòtan pou bay timoun ou yo yon chans pou yo kab eksprime eksperyans ak kisa yo santi. Anpil konseye sikolojik kapab travay avèk ou ak timoun ou yo, ansanm e separeman, pou ede ou jwenn solisyon pou move sitiyasyon mantal ou ap travèse, pou ede ou restore konfyans nan tèt ou ak konfyans ke ou toujou kapab itil tèt ou, epi pou finalman ede ou kase chenn vyolans rasyal la. Rele òganizasyon ki bay sèvis pou ede soti nan sitiyasyon vyolans domestik la yo pou mande ki sèvis ki disponib pou timoun (gade nan paj 96). Se pou mande enfòmasyon espesyalman sou yon pwogram ki rele *Peace: A Learned Solution*, sa vle di, Lapè; yon solisyon ke ou kab aprann, ki gen pou sig li: PALS.

## Konsèy Sikolojik pou Agresè yo

Gen kèk pwogram ki bay sèvis nan zafè vyolans domestik kounyeya ki bay sèvis pou ede agresè yo chanje konpòtman yo tou. Yo rele pwogram sa yo: batterers' intervention programs, sa vle di, pwogram entèvansyon pou agresè yo. Ou kapab jwenn enfòmasyon sou pwogram sa yo nan sit wèb Kowalisyon nan New Jersey ki ap lite pou mete fen nan vyolans domestik la, New Jersey Coalition to End Domestic Violence nan [www.NJCEDV.org](http://www.NJCEDV.org). Daprè lwa prevansyon kont vyolans domestik la, yon jij gen dwa òdone yon agresè pou li ale swiv konsèy sikolojik. Anpil moun ki ta renmen pou patnè yo aleswiv konsèy sikolojik konn mande jij la pou li òdone sa, nan lespwa ke patnè a va chanje konpòtman vyolans yo. Gen plizyè bagay ke ou dwe konnen sou pwogram entèvansyon sa yo pou kapab rasire pwoteksyon ou, epi tou pou kapab analize efè trètman an yo.

Pandan ke gen anpil agresè ki vinn rive chanje konpòtman yo nan pwogram entèvansyon ak edikasyon sa yo, anpil ladan yo konn pa fini

pwogram sa yo avèk siksè. Kle siksè pwogram trètman sa yo rete nan motivasyon agresè a genyen pou chanje konpòtman li. Gen twa bagay trèzenpòtan ke ou dwe wè:

1. Agresè a aksepte pran reskonsabilite total pou zak vyolans la.
2. Agresè a ale pran trètman san se pa ou menm ki fòse li.
3. Agresè a ale pran trètman san li pap atann anyen de ou, tankou mande pou ou rete avèk agresè a kòm kondisyon pou li ale pran trètman.

Yon lòt bagay ke ou dwe rasire tou se ke pwogram nan dwe ba ou èd ak sèvis pa ou yo separe ak sèvis ke yo ap bay agresè a. Konprann byen ke li pran anpil anpil tan pou yon moun chanje konpòtman vyolan li. Malerezman, se pa tout agresè ki motive dekwa pou chanje konpòtman yo oubyen ki gen pasyans dekwa pou chanje atitid yo. Anpil agresè konn dakò pou yo ale pran trètman, se poutèt pou yo kab jwenn yon opòtinite pou yo kapab manipile patnè ak fanmi yo. Nan ka sa yo, pa gen anpil chans pou pwogram entèvansyon an fè ankenn siksè. Menm lè yon agresè fini pran trètman nan pwogram entèvansyon an, pa gen ankenn garanti ke li pap al rekòmanse komèt zak vyolans yo ankò.

Si patnè a dakò pou li rantre nan yon pwogram trètman, ou dwe toujou pran prekosyon pou sekirite ou, paske li posib tou pou se manipile ke li ap chèche manipile ou.

Ou sipoze toujou rete an kontak avèk gwoup sipò pwogram prevansyon kont vyolans domestik yo pou kapab toujou konn kòman bagay yo ye, epi tou pou kapab mande konsèy sou tout enkyetid ou ta genyen sou fason non vyolan men kontwolè ke ou ta wè patnè a ap konpòte li avek ou. Yon patnè manipilatè kab rete pran trètman pandan youn ou de mwa epi aprè sa li deklare ke li bon dekwa. Li pa fasil ditou pou bon jan chanjman fèt nan detwa mwa. An reyalite, anpil agresè oblige pase youn ou plizyè lane ap resevwa trètman anvan yo kab aprann konnen kijan pou yo chanje konpòtman yo. Kidonk, pandan patnè a ap pran trètman, se pou ou toujou kenbe mezi sekirite ak sistèm sipò ou yo anplas. Fè agresè a aprann kontwole kòlè li se pa menm

bagay ak fè li swiv trètman nan yon pwogram entèvansyon pou agresè yo, e anpil fwa, sa pa rive ede agresè a chanje konpòtman li.

## Konsèy Sikolojik pou Moun Marye ak Moun plase yo

Anpil ekspè nan zafè vyolans domestik fè konnen ke konsèy sikolojik pou moun marye oubyen patnè ki ap viv ansanm pa gen ankenn sans lè gen vyolans domestik nan mitan de patnè yo. An reyalite, sa kapab pi mal pou ou pou patisipe nan sesyon konsèy sikolojik sa yo. Ou menm ansanm ak patnè a dwe swiv konsèy sikolojik nou chak poukontou pandan plizyè mwa anvan nou kapab prè pou swiv konsèy sikolojik ansanm. Patnè ki ap fè vyolans la dwe retire kò li sou ou, pou li kapab pran tan pou reflechi sou move konpòtman li yo, epi pou pran reskonsabilite pou yo. Se pou ou ranmase karaktè ou, epi regle afè ou poukontou pou kab itil tèt ou. Youn nan nou oubyen nou toulède kapab gen pwoblèm adiksyon dwòg ak alkòl ke nou dwe rekonèt epi solisyone anvan nou kab travay ansanm tankou de moun ansanm. Nenpòt konseye sikolojik ke ou al konsilte sipoze konnen byen kisa ki rele vyolans nan fanmi.

## Konsèy Sikolojik pou Moun ki gen Adiksyon Dwòg ak Alkòl

Anpil agresè soufri pwoblèm adiksyon dwòg ak alkòl. Menmsi se lè agresè a sou, lè li anba tafya oubyen lè li anba kontwòl dwòg ke li aji pi vyolan e pi souvan, sa pa vle di ke li pap vyolan ankò si li sispann pran dwòg ak alkòl. Kèk fwa, agresè yo pran pòz se sou oubyen anba kontwòl dwòg yo ye pou fè vyolans sou moun. Aprèsa, yo toujou vle fè konnen ke yo pa te konnen kisa yo te ap fè a paske yo te sou. Se vre ke pwoblèm adiksyon ak konpòtman vyolans toujou mache ansanm, men se de pwoblèm diferan ke yo ye. Se pwoblèm ki grave epi ki kab menase lavi moun menm, men yo chak dwe rezoud separeman. Se pa souvan ke agresè yo konn rive sispann maltrete patnè yo ak timoun yo paske yo sispann pran dwòg ak alkòl. Anpil fwa, yo annik chèche yon lòt rezon pou yo kab jisifye konpòtman vyolans yo a yon fwa yo

sispann pran dwòg ak alkòl. Si ou vle mande pou agresè a sispann pran dwòg ak alkòl, ou sipoze mande pou li ale swiv trètman konsèy sikolojik pou kontwole konpòtman vyolans li yo tou. Si ou sèvi ak dwòg ak alkòl pou ede ou kontwole estrès ke ou ap soufri nan yon relasyon ki gen vyolans, oubyen si ou ta menm rive panse pran dwòg ak alkòl ansanm avèk patnè a, ou sou wout pou devlope pwòp pwoblèm adiksyon dwòg ak alkòl pa ou.

Dwòg ak alkòl fè yon sitiyasyon ki te déjà pabon vinn pi mal. Li enposib pou kapab pran bon desizyon pou demen ou ak demen timoun ou yo si tèt ou pa klè, epi tou, ou riske vinn soufri adiksyon epi detwi sante ou tou. Timoun ou yo ki déjà ap viv nan lapèrèz ak kè sote oblige degaje yo pou viv avèk yon seri paran ki la men ki pa gen kontwòl tèt yo paske yo anba kontwòl dwòg oubyen alkòl. Dwòg ak alkòl, (e menm frankilizan ak lòt medikaman pou doulè, medikaman ki chanje konpòtman doktè preskri) kab anpeche ou gen tèt klè dekwa pou kapab reflechi sou kijan pou fè pou libere tèt ou avèk timoun ou yo. Si ou depannde dwòg ak alkòl, ou sipoze chèche solisyon pou adiksyon sa anvan ou kab jwenn solisyon pou yon relasyon kote ou ap soufri anba vyolans domestik. Si ou reponn kesyon sa yo onètman, sa kab montre ou nan ki degre ke ou menm avèk agresè a depannde dwòg ak alkòl:

- Èske ou gen yon moun pwòchou ki fè ou konnen ke li gen kè sote pou fason li wè ou lage kò ou nan pran dwòg ak alkòl?
- Lè ou gen pwoblèm, èske se dwòg ak alkòl ou pran pou kab blyie yo?
- Èske dwòg ak alkòl lakoz ou neglije reskonsabilite ou nan travay ak lakay ou?
- Èske dwòg ak alkòl lakoz pwoblèm nan relasyon ou genyen ak fanmi oubyen zanmi ou?
- Lè ou eseye pou wè si ou ta sispann pran dwòg ak alkòl, èske ou santi reyakson detrès fizik ou sikolojik?
- Èske ou menm oubyen patnè a janm te nan nesesite pou mande swen medikal akoz dwòg ak alkòl?

- Èske ou janm santi blakawout—sa vle di, pèdi memwa ou totalman malgre ou je klè pandan ou te ap pran dwòg ak alkòl?
- Èske ou toujou pa kab kenbe pwomès ou fè tèt ou pou sispann pran dwòg ak alkòl?
- Èske ou menm ak patnè a santi nou koupab lè nou pran dwòg ak alkòl, e nou kache sa pou lòt moun pa konnen?

Si ou reponn wi pou nenpòt nan kesyon sa yo, li posib pou dwòg ak alkòl gentan pran kontwòl lavi ou. Si ou soti nan yon fanmi ki te konn pran dwòg ak alkòl anpil, ou gen anpil risk pou ou menm tou vinn soufri adiksyon dwòg ak alkòl. Si ou te reponn wi pou nenpòt nan kesyon yo, chèche jwenn èd imedyatman. Lè ou rekonèt ke ou genyen yon pwoblèm ki bezwen solisyon, sa se premye pa ou fè pou rezoud li. Pou rive solisyone yon pwoblèm, sa pran anpil tan. Pa rete wè si ou kab rezoud pwoblèm ou poukontou. Gen anpil òganizasyon ak gwoup sipò endividye ki la pou ede moun soti nan pwoblèm dwòg ak alkòl yo.



## 7. Byennèt timoun

### Kisa DCPP ye?

Divizyon Pwoteksyon ak Pèmanans Timoun, ke yo rele tou DCPP ki oparavan te rele DYFS, Division of Child Protection and Permanency, se ajans byennèt sosyal nan New Jersey ki responsab pou mennen ankèt sou tout reklamasyon oswa deklarasyon ki ta fèt pou fè konnen ke yon timoun ap soufri abi ak/oswa neglijans. Se Depatman Timoun ak Fanmi nan New Jersey (DCF) ki sipèvize Divizyon an. DCF defini abi kòm "domaj fizik, seksyèl oswa emosyonèl oswa risk pou yon timoun ki poko gen 18 lane soufri move trètman anba men yon paran oswa yon lòt moun ki reskonsab pran swen timoun sa." DCF fè konen ke " neglijans rive lè paran oswa moun ki reskonsab pou pran swen timoun nan pa byen voye je sou, oswa bay timoun nan dekwa pou li manje, rad, kay pou li abite, edikasyon oswa swen medikal malgre li gen mwayen ekonomik dekwa, oswa li resevwa èd pou fè sa."

Nan New Jersey, nenpòt moun ki kwè ke yon timoun ap soufri move trètman ak/oswa neglige dwe rapòte enfòmasyon sa imedyatman bay biwo Santral Eta a, depi kwayans sa rezonab. Yo konsidere sa kòm yon enfraksyon dezòd ke moun nan ta komèt si li pa rapòte sa. New Jersey egzije pou ou rapòte enfòmasyon sa yo, yon fwa se paske ou te santi enkyetid pou timoun nan, e ke se pa movèzfwa ki fè ou fè rapò a. Pa gen okenn prèv ki nesesè pou fè yon rapò konsa, epi rapò a kab fèt san ou pa bezwen bay okenn enfòmasyon ki idantifye ou.

## E si se mwenmenm yo rapòt a?

Si se oumenm yo rapòt a, konprann bien ke se konsa yo kòmanse yon envestigasyon. Pandan DCPP ap mennen envestigasyon an, yo va dokimante tout bagay sou konpòtman ou ak sa ou di tout moun ki enplike nan envestigasyon an, tankou men pa sèlman travayè sosyal yo, sipèviziè travayè sosyal yo, ofisyè polis yo, enfimyè yo, ak sikològ yo. Ou pa oblige kite travayè DCPP yo rantre lakay ou, sof si gen yon lòd tribunal la ki mande ou pou fè sa. Sepandan, si ou refize kite travayè DCPP yo rantre lakay ou, DCPP kapab sèvi ak sa kont ou paske yo pa kapab mennen envestigasyon an.

DCPP kapab mande ou siyen yon plan sekirite ak pwoteksyon. Se pa tout ka kote DCPP enplike ki ale nan tribunal fanmi. Yon plan sekirite ak pwoteksyon se yon akò ant paran yo ak Divizyon an ki idantifye epi adrese pwoblèm ki ta nan fanmi an, pou kapab rasire sekirite timoun ki enplike yo. Li dekri mezi paran yo ka pran pou rasire sekirite pitit yo pandan yo ap viv ansanm an fanmi. Paegzanp: egzijans pou timoun yo ale resevwa konsèy sikolojik, epi pou yo rete an kontak regilièman ak travayè sosyal la. Anplis ankò, plan sekirite a kab idantifye yon "rezo sekirite" pou timoun yo, ki defini kòm moun ki kab ede "asire sekirite timoun yo." Ase souvan, se fanmi timoun nan ke yo konn konsidere kòm Rezo sekirite sa yo. Sa rive souvan ke envestigatè divizyon an yo konn sjere pou voye timoun ou yo ale rete ak yon moun ki kab pran swen yo tankou (yon fanmi, zanmi, oswa lòt paran an) nan plan sekirite yo rekòmande a. Plan sekirite ak pwoteksyon an kapab sèvi tou kòm yon akò pou separé timoun yo lwen moun ki enplike nan rapò a.

Ou pa dwe siyen anyen ou pa konprann. Kapab genyen Gwo konsekans pou paran ki chwazi siyen yon plan sekirite olye pou yo ta dakò ale nan sistèm swen fòmèl la. Men kèk nan konsekans sa yo: enposiblite pou defann tèt yo kont akizasyon ki pote kont yo, renonse a dwa yo pou patisipe nan plan inifikasyon familyal pou rive jwenn ke pitit yo retounen vinn jwenn yo apre yo te pran timoun yo nan kay la, pèdi dwa pou vizite timoun yo epi pèdi dwa pou jwenn asistans yon avoka, ak dwa pou konfwonte prèv nan tribunal la yo. Si ou pa

konprann yon bagay yo mande ou pou siyen, mande tan pou konsilte yon avoka sou sa anvan ou siyen. Okenn pèsonèl DCPP pa gen dwa menase retire pitit ou yo nan kay la poutèt ou pa siyen yon plan sekirite ak pwoteksyon. Si ou gen kesyon sou obligasyon pa ou nan envestigasyon an, oswa ou ta bezwen plis klarifikasyon sou nenpòt enfòmasyon ke ou resevwa, ou gen dwa mande yon reyinyon ak ekip fanmi ak travayè sosyal la, sipèvizè travay sosyal la, ak tout lòt moun ke ou santi ou alèz pou akonpanye ou nan reyinyon an.

Lè DCPP enplike nan yon ka, li posib pou ou rankontre ak travayè sa yo: travayè ki fè premye entèvyou yo, travayè repos espesyal yo (SPRU), travayè ki ap mennen envestigasyon an yo, travayè sosyal yo, oswa sipèvizè travayè sosyal yo. Travayè ki kontakte ou an premye a dwe fè ou konnen kisa ki lakoz divizyon an vin gade sa ki app ase nan fanmi ou. Yo rankontre fanmi an kote yo ye epi yo evalye sekirite timoun yo nan kay la. Yo dwe ede ou jwenn nenpòt resous ou ta bezwen epi pou kenbe titèl fizik oswa fè tout sa ki posib pou ede ou rejwenn pitit ou yo si yo te gentan retire yo nan men ou. Si ou ta gen nenpòt pwoblèm ak yon travayè sosyal, ou dwe kontakte sipèvizè travayè a.

## Kijan Vyolans Domestik gen rapò ak Byennèt Timoun?

Ou kab ap mande pou ki rezon DCPP rantre nan afè a alò ke se ou menm ki te sibi abi anba men patnè oswa lòt paran an. Li posib pou DCPP rantre nan afè a si ta gen yon akizasyon ki fè konnen ke ou pa te anpeche timoun yo asiste oubyen soufri eksperyans vyolans domestik yo, e kom rezulta, sa rive fè timoun yo soufri domaj (emosyonèl, fizik, ak/oswa sikolojik). Asiste yon ensidan vyolans domestik sèlman pa konsidere kom abi ak / oswa neglijans, men si DCPP ta detèmine ke se ou menm ki kreye yon anviwònman kote timoun yo ekspoze a vyolans domestik oswa move trètman, li posib pou toulède pati yo peye konsekans ensidan vyolans domestik la. DCPP kapab rantre nan afè a tou paske ou sanzabri akoz separasyon ou ak agresè a. Gen nan kèk ka, sivivan vyolans domestik yo konn depannde agresè a pou sipò ekonomik, e se konsa, viktim sa yo konn pèdi mwayen ekonomik yo, sa ki lakoz yo konn tombe sanzabri. DCPP dwe ede ou pandan peryòd tranzisyon sa a. Poutèt ou sanzabri sèlman pa yon rezon pou DCPP

retire pitit ou nan men ou. Pou retire timoun yo nan men ou, fòk ta gen yon risk eminan pou yo soufri domaj fizik, sikolojik, oswa emosyonèl. DCPP dwe fè tout efò posib pou evite nwi byenèt sosyal timoun yo. Paran ki separe ak abizè a dwe kominike tout nesesite ak difikilte ki kapab afekte sekirite timoun yo bay travayè byennèt sosyal ki sou dosye timoun yo pou evalye ki sèvis li bezwen.

## Kisa DCPP va fè si yo rantre nan afè a?

Si DCPP rantre nan afè a, epi ou ta chwazi pa kolabore nan envestigasyon an, yo kapab prezante yon plent kont paran an pou mande yon jij pase lòd pou egzije ou kolabore nan envestigasyon an oswa plan sèvis la. Si travayè sosyal DCPP a ta jwenn ke timoun yo ap soufri move trètman, oubyen li posib pou timoun yo riske soufri domaj sikolojik, fizik, oswa nan byennèt emosyonèl yo, DCPP gen dwa pou retire timoun yo san yon manda oubyen yon lòd tribinal la. Yo rele sa *Dodd removal* oubyen *emergency removal*, sav le di yo pran timoun yo nan meno u an ijans. Sepandan, DCPP dwe mande yon lòd tribinal la nan 2 jou aprè yo retire timoun yo nan meno u, pou eksplike poukisa li te nesesè pou yo te retire timoun yo nan men ou. Se dwa ou pou yo bay ou yon avoka pou reprezante ou nan pwosesis sa a.

## Kisa ki va pase apre envestigasyon an?

DCPP dwe voye yon lèt ba ou pou fè ou konnen si yo detèmine ke akizasyon abi ak neglijans yo te swa (1) "unfounded" sa vle di san prèv, (2) "not established" sa vle di yo pa wè anyen, (3) "established" sa vle di yo wè kichòy, osinon (4) "substantiated" sa vle di yo gen prèv. Rezulta ki pibon ke yo kab jwenn se "unfounded," kote envestigasyon an demontre ke yo pa jwenn okenn prèv ke timoun yo ap soufri abi ak/ oswa neglijans.

"Not established" demontre ke pa gen okenn abi ak oswa neglijans, men yo gen kèk prèv ki demontre ke gen kèk risk pou movè trètman. Yo kab detèmine ke akizasyon yo "established" tou si yo jwenn prèv movè trètman ak/oswa neglijans, men sa pa te dekwa pou yo te pran yon konklizyon "substantiated" ki ta kab mete paran an nan

rejis moun ki maltrete timoun. Rezulta akizasyon yo va "substantiated" si ajans lan detèmine ke ou maltrete oswa neglige yon timoun dekwa ke yo dw sipèvize ou pou tout vi ou kòm moun ki maltrete timoun. Si yo detèmine ke ou maltrete oswa neglige yon timoun, konsekans yo kab grav anpil, sa kab afekte possiblité ou pou pa kab travay nan domèn byennèt timoun alavni. Si sa ta rive, ou gen dwa pou mande yon rekonsiderasyon administratif rezulta "substantiated" ak "established" envestigasyon abi timoun oswa neglijans yo. Anplis de sa, ou gen dwa pou gen reprezentasyon yon avoka si yo ta detèmine yon rezulta "substantiated" akoz kondisyon rejis abi timoun yo. Lèt ke ajans la voye ba ou pou fè ou konnen rezulta kont ou a dwe fè ou konnen tou ke ou gen yon peryòd 20 jou pou reponn lèt la pou mande rekonsidere rezulta a. Tanpri kontakte Sèvis jiridik New Jersey si ou ta renmen resevwa konsèy konsènan pwoblèm ou gen avèk DCPP a, epi tou pou kapab aprann plis sou dwa ak obligasyon ou genyen nan yon envestigasyon ke ajans la ap mennen.



## 8. Lojman

*W*

li fè fas ak vyolans domestik, sekirite yo ta dwe enkyetid prensipal ou. Gen plizyè lwa eta yo ak lwa federal ki kab pwoteje ou.

### Lwa pou sekirite nan zafè lojman nan new Jersey NJ Safe Housing Act

Si abizè a konnen ki kote ou abite, li posib pou ou vle demenaje pou pwoteksyon ou. Nan sikonsans sa yo, New Jersey pèmèt ou kraze kontra lwaye avan li ekspire san penalite. Lwa ki ba ou dwa pou fè sa rele Lwa sekirite nan zafè Lojman Nan New Jersey NJ Safe Housing Act. Sitasyon pou lwa sa a se N.J.S.A. 46:8-9.4. Lwa sa a pèmèt viktim vyolans domestik yo kite kay kote yo abite a pou yo evite soufri plis movè trètman. Lokatè a pa kab renonse a dwa pwoteksyon ke Lwa sekirite nan zafè lojman nan New Jersey ba yo nan kontra lwaye a, sa vle di ke lokatè a pa ka chwazi renonse a mezi sekirite sa yo nan negosiyasyon kontra lwaye a.

Lokatè a ki se viktim nan dwe ekri yon lèt voye bay mèt kay la, pou eksplike si li rete nan kay kontra lwaye a, sa va ekspose li ak pitit li anba gwo menas domaj kòporèl anba men abizè a, menmsi se pa pitit abizè a timoun yo ye. Li pa nesesè ke se pa te nan kay kontra lwaye a abi a te pase.

Lokatè a ki se viktim nan dwe prezante dokiman ki pwouve movè trètman li sibi yo nan lèt li ekri voye bay mèt kay la. Men kèk dokiman ki kab pwouve movè trètman yo:

- Yon lòd restriksyon final ke yon tribunal New Jersey bay pou pwoteje lokatè ki se viktim nan kont abizè ki gen non li ekri nan dokiman an;
- Yon dokiman ki soti nan yon lòt jiridiksyon ki egal a yon lòd restriksyon final pou pwoteje lokatè ki se viktim nan kont abizè ki gen non li ekri nan dokiman an;
- Dosye lapolis ki dokimante ensidan vyolans domestik la pou localize viktim yo ak/oswa pitit yo;
- Dosye medikal ki dokimante ensidan vyolans domestik ki te fèt sou viktim ki se lokatè a ak/oswa pitit li yo;
- Yon sètifikasyon alekri ke yon espesyalis nan zafè vyolans domestik oswa direktè yon ajans dezinye kòm yon òganism ki ofri sèvis pou victim vyolans domestic, bay pou sètifye ke lokatè a ki se victim nan oswa pitit viktim nan se yon viktim vyolans domestik;
- Lòt dokiman oswa sètifika ke yon travayè sosyal ki gen lisans bay pou fè konnen ke viktim nan oswa pitit li yo se viktim vyolans domestic yo ye.

Yon lòd restriksyon tanporè pou kont li pa dekwa. Yon lòd restriksyon tanporè anplis kèk lòt dokiman lejitim ka sifi. Nenpòt moun ki ta prepare dosye ekri yo dwe deklare ke yo kalifye pou prepare dosye sa yo. Tout dosye ekri sa yo dwe dokimante sou ki baz konklizyon ke te gen vyolans domestik la chita, tankou si moun ki prepare dosye a te rankontre ak viktim nan ki se lokatè a fas a fas, oswa si li te revize kèk lòt materyèl pou sa. Pa egzanp, si yon doktè prepare yon rapò medikal, doktè a dwe dekri si li te rankontre ak viktim nan an pèsòn nan rapò a, epi li dwe dekri kalifikasyon medikal li.

Trant jou apre mèt kay la resevwa lèt lokatè ki se viktim nan ekri voye bay li ak lòt dokiman ki demonstre ensidan vyolans domestik ki te pase yo, kontra lwaye a fini, e lokatè ki se viktim nan pa gen okenn

obligasyon pou peye lwaye ankò. Lokatè ki se viktim nan dwe kontinye peye lwaye a jiskaske trant jou yo fin pase.

Mèt kay la a dwe remèt depo garanti a kenz jou aprè lokatè a kite kay la. Mèt kay la gen dwa kenbe yon pati nan depo garanti a si ou lakòz domaj nan kay la oubyen si ou dwe lwaye. Si mèt kay la kenbe yon pati nan depo garanti a, li dwe voye yon lèt ba ou pou eksplike ou rezon, epi pou ba ou yon lis byen detaye sou dediksyon li fè nan depo garanti a. Si ou vle kesyone desizyon mèt kay la poutèt li kenbe yon pati nan depo garanti ou la, se nan tribinal ki tandem afè sou ti reklamasyon pití yo pou pote yon plent.

Yon fwa ke yon lokatè ki se yon viktim mete fen nan kontra lwa li a daprè Lwa sekirite nan zafè lojman nan New Jersey a, kontra lwaye a pran fen tou pou tout lòt lokatè ki te avèk li yo. Aprè sa, mèt kay la gen dwa siyen yon nouvo kontra lwaye ak nenpòt oubyen tout lòt lokatè ki rete yo, men lalwa pa egzije mèt kay la ofri yon nouvo kontra lwaye bay lokatè ki te ak viktim nan ki rete yo. Si mèt kay la pa siyen yon nouvo kontra lwaye avèk lokatè ki rete yo, lokatè sa yo dwe kite kay la, menm ak dispozisyon Lwa pwoteksyon kont delojman an ki se, Anti-Eviction Act, N.J.S.A. 2A:18-61.1.

Mèt kay la pa gen dwa revele okenn enfòmasyon konsènan afè vyolans domestik la bay pèsònn. Enfòmasyon sa dwe rete konfidansyèl daprè Lwa sekirite nan zafè Lojman nan New Jersey a. La Mèt kay la pa gen dwa pataje enfòmasyon sa yo avèk ajans ki konn mennen envestigasyon sou lokatè yo, oswa ak lòt baz done ki jenere rapò sou lokatè yo.

Lwa sekirite nan zafè lojman nan New Jersey a aplikab nan ka tout kontra lwaye ki siyen pou yon kay rezidansyèl, eksepte sila yo ki dire mwens ke 125 jou kote moun nan gen yon lòt kay kote li abite pèmanan. Men, lojman ki fèt pou travayè sezonye oswa travayè migran yo kouvari anba pwoteksyon lalwa. Se mèt kay la ki dwe demonstre ke kontra lwaye a pa kouvari anba pwoteksyon lwa a.

Menm si ou pa nan mitan peryòd dirasyon yon contra lwaye, men se chak mwa aprè chak mwa ou ap peye lwaye a, gen kondisyon alekri ki dwe respekte pou mete fen nanrelasyon lokatè ak mèt kay la. Ou va jwenn plis enfòmasyon sou kijan pou mete fen nan kontra lwaye a

ak kijan pou yo remèt ou depo garanti ou te peye a nan yon liv LSNJ pibliye pou eksplike dwa lokatè ak pwopriyetè nan New Jersey yo nan:  
<https://lsnj.pub/TenantsRights>.

## Pwotection lojman daprè VAWA

(VAWA) ki se lwa pwotection kont vvolans sou fanm ofri plis pwotection ankò pou aplikan ak moun ki patisipe nan yon seri pwogram ke Depatman Lojman ak Developman Iben Ozetazini (HUD) ap finanse. Anba pwotection lwa VAWA ofri yo, li entèdi pou anpeche moun ki soufri vvolans domestik, vvolans ant mennaj, atak seksyèl, oswa anmèdeman (tout ansanm ki se, "krim kont VAWA") rantre nan pwogram ki ofri pwotection, deloje yo, ni koupe èd yo resevwa pou rezon ki gen rapò ak vvolans, ak abi kont VAWA a yo.

"Abi ekonomik aka bi teknolojik se Vyolans domestik" yo ye tou daprè lwa VAWA a. Abi ekonomik se lè abizè a konpòte li yon fason pou li kapab kontwole oswa metrise kapasite viktim nan yon fason ki pa rezonab pou viktim nan pakapab jwenn, itilize, oubyen sèvi ak resous ekonomik ke li gen dwa yo. Mete restriksyon sou viktim nan pou li pa gen aksè pou sèvi ak kat kredi li se yon egzanp. Abi ekonomik se ankò tout aksyon abizè a fè pou ekspligate pouvwa sou desizyon ekonomik viktim nan, tankou fè aksyon pou mete viktim nan nan sitiyasyon pou li pa kapab respekté obligasyon finansye li, abize pouvwa avoka oswa gadyen, oswa chwazi pa aji nan meyè enterè yon moun ke yo reskonsab pou jere finans. Abi teknolojik se lè abizè a sèvi ak teknoloji ilegalman pou fè mechanste, menase, entimide, kontwòl, siveye, anmède, imite, ekspligate, ekstòte, oswa kontwole yon lòt moun. Abizè a kab itilize sit entènèt, rezo sosyal, kamera, lojisyèl, aparèy lokalizatè, telefòn selilè, òdinatè, oswa nenpòt lòt teknoloji ki fèk ap parèt pou fè zak abi teknolojik sa yo.

Pwogram lojman ki kouvri anba VAWA gen ladan li: ed pou lojman pubblik, bon pou chwazi lojman nan Seksyon 8, lojman Seksyon 8 ki baze nan pwojè yo, ak pwogram dediksyon taks pou lojman moun ki fè ti revni, elatriye. Pou plis detaye, konsilte <https://www.hud.gov/vawa#-close>.

Pwoteksyon VAWA ofri pou lojman yo pa disponib pou sivivan ki abite nan kay prive ki pa resevwa èd finans gouvènman an, tankou sibvansyon bon Seksyon 8 pou peye lwaye a. Men se konsa tou, menmsi yon sivivan pa patisipe nan yon pwogram lojman ki kouvri anba pwoteksyon VAWA a, lwa ki rann jistis nan zafè lojman, ansanm ak lwa local nan eta a yo disponib pou ofri lòt pwoteksyon.

VAWA egzije pwogram lojman ki kouvri anba pwoteksyon li yo pou eksplike ou dwa ou. Ou dwe resevwa yon kopi "Avi HUD ki eksplike dwa ou pou abite nan Lojman anba pwoteksyon VAWA (Form HUD-5380) ak Fòm HUD pou sètifye pou tèt ou Form HUD-5382)":

- Si yo refize kite ou rantre nan yon pwogram ki kouvri anba pwoteksyon VAWA;
- Si se yon founisè lojman pwogram ki kouvri anba pwoteksyon VAWA ki rantre ou, oubyen si se yon pwogram ki kouvri anba pwoteksyon VAWA ki rantre ou;
- Si ou resevwa yon avi delojman nan men yon founisè ki kouvri anba pwoteksyon VAWA; oubyen
- Si ou resevwa yon avi ki enfòme ou ke yo mete fen nan yon pwogram ki kouvri anba pwoteksyon VAWA.

Konprann byen ke ou kab sètifye pwòp tèt ou ke ou se yon viktim vyolans domestik.

Daprè lwa VAWA a, yon moun ki te soufri vyolans domestik, vyolans ant mennaj, atak seksyèl, ak / oswa anmèdeman (tout se vyolans/abi VAWA):

- Yo pa dwe refize li rantre oubyen jwenn asistans pou yon apatman ki nan pwogram ki resevwa sibvansyon, oubyen pwogram ki resevwa asistans HUD akoz vyolans/abi VAWA ke li te soufri yo.
- Yo pa dwe deloje li nan yon apatman ki resevwa sibvansyon HUD, ni yo pa dwe koupe asistans li akoz vyolans/abi VAWA li te soufri yo.
- Yo pa dwe refize li rantre nan yon pwogram, deloje li, oubyen koupe asistans li te ap resevwa pou rezon ki gen rapò ak vyolans/

abi VAWA, tankou si yo te rapòte yon delojman nan dosye li, dosye kriminèl, oubyen vye rapò sou afè kredi.

- Gen dwa chwazi pou kontinye rete nan lojman HUD sibvansyone yo, menm si te gen aktivite kriminèl ki gen rapò dirèk ak vyolans/abi VAWA.
- Gen dwa mande reskonsab kay la yon transfè an ijans pou rezon sekirite ki gen rapò ak vyolans/abi VAWA ki te komèt kon li.
- Yo dwe pèmèt li demenaje pandan li ap kontinye resevwa asistans li yo, si sivivan an gen yon bon Seksyon 8 pou peye Lojman li.
- Li dwe kapab sèvi avèk fòm pou prepare sètifikasyon HUD VAWA pou pwòp tèt li ki se (*Form HUD-5382*), pou bay reskonsab kay la prèv, e yo pa dwe mande li plis prèv aprèsa eksepte si mèt kay la ta gen lòt enfòmasyon diferan sou violans/abi VAWA ki te komèt la yo.
- Yo dwe kenbe tout enfòmasyon konsènan estati li kòm yon sivivan estrikteman konfidansyèl.
- Gen dwa mande mèt kay la pou li fè yon separasyon kontra lwaye a *lease bifurcation* (separe kontra lwaye a an 2 branch, youn pou chak lokatè yo) pou retire agresè a nan kontra lwaye a oubyen nan apatman an, epi si mèt kay la fè separasyon sa, li dwe fèt nan respè pou lwa federal, leta, oswa lwa lokal yo, ansanm ak tout kondisyon pwogram lojman HUD la yo.
- Ankenn mèt kay ki resevwa sibvansyon HUD pa kab fè presyon sou lokatè a, rantre nan entimite ak li, fè li menase, oswa tire revanj sou li poutèt li ap chèche jwenn, oubyen egzèse pwoteksyon VAWA a.
- Gen dwa pou chèche jwenn asistans lapolis oswa sèvis ijans yo pou tèt yo oswa pou lòt moun san yo pa tonbe anba penalite lwa ak règleman lokalite a yo pou demann sa yo oubyen paske yo te viktим zak kriminèl.

Pwoteksyon ke VAWA ofri yo depannde founisè lojman an.

Paegzanp, yon viktим ki abite nan lojman piblik kab mande yon transfè ijan pou ale nan yon lòt apatman oubyen yon lòt biling ki anba menm

otorite lojman an. Si yon viktим se yon lokatè ki lwe yon kay ki fèt pou yon sèl fanmi ak sibvansyone Seksyon 8, menmsi se pa viktим nan ki chèf kay la, li kab deplase ak sibvansyon an pou li ale nan yon lòt zòn ki gen sèvis yon lòt biwo Seksyon 8 (pwosesis sa rele porting).

Si yo te bao u refi, sispann ou, oswa yo te mete ou deyò nan lojman ki fèt pou moun ki pa gen gran mwayen yo, oubyen si ou gen difikilte pou jwenn pwoteksyon VAWA, chèche jwenn asistans legal. Gen kèk pwogram ki gen pwosedi pou mande rekonsidere demann yo refize yo ak sispanson sibvansyon yo. Nan New Jersey, ou gen dwa a yon ijiman si yo ap deloje ou. Anplis de sa, si yon founisè lojman oswa sibvansyon ki kouvri anba VAWA pa fè sa yo sipoze fè, ou gen dwa prezante yon plent devan HUD, <https://www.hud.gov/fairhousing/fileacomplaint>. Lwa sou afè lojman yo konplike anpil, kidonk si ou ta gen plis lòt kesyon sou dwa ou nan zafè lojman, ou ka jwenn plis enfòmasyon nan manyèl Dwa lokatè yo nan New Jersey ke LSNJ pibliye ke ou kab jwenn nan <https://lsnj.pub/TenantsRights>.



## Konklizyon

*S*i mari, oubyen madanm ou, patnè ou, oubyen yon manm fanmi ou ta fè ou mechanste nan fason ke nou eksplike nan liv sa, li nesesè pou ou chèche rantre an kontak ak yon òganizasyon ki ofri sèvis pou moun ki viktim pwoblèm vyolans domestik pou mande enfòmasyon ak èd sou kijan pou mete yon plan sou pye pou rasire pwoteksyon ou. Nan apandiks liv sa, ou va jwenn yon lis òganizasyon ki bay sèvis ki kapab ede ou.

Epi ankò, pou kapab sèvi ak Lwa Pwoteksyon kont Vyolans Domestic la, *Prevention of Domestic Violence Act*, konsilte yon avoka pou ede ou konprann lwa sa. Ou menm ansanm avèk tout fanmi ou gen dwa pou nou viv an tout sekirite. Ou pa bezwen gen kè sote pou sèvi ak lwa penal ak lwa sivil yo pou pwoteje tèt ou. Si ou bezwen plis enfòmasyon sou lalwa, rele Pwojè Defans kont Vyolans Domestik, *Domestic Violence Representation Project* biwo Sèvis Jiridik Nyoudjèze a nan: 1-888-576-5529.

# Apendis

## Men kèk lòt Resous ankò

Koalisyon nan Nyoudjèze ki ap lite pou mete fen nan afè vyolans domestik (*The New Jersey Coalition to End Domestic Violence*) mete disponib yon lis sèvis pou victim vyolans domestik yo nan tout eta a. Ou kapab fè rechèch ladan li toudepannde nan ki konte ou abite.

**Sitwèb:** [www.NJCEDV.org](http://www.NJCEDV.org)

Liy dirèk Koalisyon nan Nyoudjèze ki ap lite pou mete fen nan afè vyolans domestik (*New Jersey Coalition to End Domestic Violence Hotline*): **(800) 572-SAFE (7233)**

Liy dirèk Koalisyon kont agresyon seksyèl nan Nyoudjèze (*NJ Coalition Against Sexual Assault Hotline*): **(800) 601-7200**

## LIY DIRÈK POU TOUT ETA A KOTE POU JWENN ENFOMASYON 24/24

**New Jersey Hopeline**  
988

**Liy dirèk santral kote pou fanm jwenn enfòmasyon**  
(800) 322-8092

**Liy dirèk pou èd pou fanmi yo**  
(800) THE-KIDS (843-5437)

**Liy dirèk nan Nyoudjèze kote pou jwenn enfòmasyon pou pwoblèm adiksyon**  
(800) 238-2333

**Gen plis lòt nimewo toujou kote pou jwenn èd nan yon lis ki sou sitwèb Depatman timoun ak fanmi nan [www.nj.gov/dcf/families/hotlines](http://www.nj.gov/dcf/families/hotlines)**

## KAT POU METE NAN BOUS OU

Koupe kat ki piba a yo pou mete nan bous ou, pou ou kab toujou gen nimewo telefòn enpòtan sa yo sou ou.

<p><b>Liy dirèk pou enfòmasyon sou vyolans domestic nan tout eta a Statewide Domestic Violence Hotline 800-572- SAFE (7233)</b></p> <p><b><a href="http://www.njcedv.org">www.njcedv.org</a></b></p>
<p><b>Liy dirèk nasyonal pou enfòmasyon sou vyolans domestic National Domestic Violence Hotline 800-799-SAFE (7233)</b></p>
<p>Pou rele lapolis nan zònn nan, fè 911, oubyen Kontakte òganism ki ofri asistans pou viktim vyolans domestik nan zònnou an.</p>
<p>Non: _____</p>
<p>Nimewo: _____</p>



## **Legal Services of New Jersey**

100 Metroplex Drive, Suite 101

P.O. Box 357

Edison, NJ 08818-1357

732-572-9100

Liy dirèk gratis LSNJLAW<sup>SM</sup> pou tout eta a:

[lsnjlawhotline.org](http://lsnjlawhotline.org)

1-888-LSNJ-LAW

(1-888-576-5529)

